


M ap li nèt ale

Liv mèt la – #1



Twazyèm
ane



USAID | AYITI
ED PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale
et de la Formation Professionnelle

Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 3èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

Moun ki te patisipe nan elaborasyon, konsepsyon ak koreksyon materyèl la :

- Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES, Spécialiste du développement des matériels de créole, USAID/ RTI/ ToTAL
- Reginald Calixte BRICE, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Jovany VINCENT, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Standley KETAN, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Walph Ferentzi YOUYOU, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Darline ALEXIS, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL, (Correction et relecture)
- Josette GABOTON, Consultante, DEF/ EPT-BM (Correction)
- Fritz Berg JEANNOT, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL (Relecture)
- Nathalie LEMAINÉ, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d’histoires)
- Marie Rodny Laurent ESTÉUS, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d’histoires)
- Marlène ETIENNE, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d’histoires)
- Mitchell Pierre, Illustrateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Moun ki te soutni ak bay konsèy

- Loretta GARDEN, USAID
- Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID
- Josiane H. BARNES, USAID
- Nathalie RICOT, USAID
- Kadidia DIENTA, COP, USAID/ RTI/ ToTAL
- Andrew JOHNSTON, DCOP, USAID/ RTI/ ToTAL
- Mary DENAUW, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL
- Laurette CUPIDON, Coordonnatrice du Curriculum, USAID/ RTI/ ToTAL
- Emmanuel FILIPPI, Coordonnateur du bureau du Nord, USAID/ RTI/ ToTAL
- Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP
- Jean Winor PIERRE, Directeur, DEF/ MENFP
- Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP
- Chantal ROQUES, Coordonnatrice PDCL
- Raymond JEAN-LOUIS, Responsable de formation PDCL
- Dieudonne JOSEPH
- Jean Daniel CLEDOR
- Alius JOSEPH

Premye koze	3	Leson 25	136
Zouti pou aplikasyon metod la.....	8	Leson 26	140
Resanblans ak Diferans ant Kreyol ak Franse.....	15	Leson 27	145
Leson 1	23	Leson 28	149
Leson 2	28	Leson 29	153
Leson 3	33	Leson 30	157
Leson 4	38	Leson 31	160
Leson 5	43	Leson 32	165
Leson 6	47	Leson 33	169
Leson 7	52	Leson 34	173
Leson 8	57	Leson 35	177
Leson 9	62	Leson 36	181
Leson 10	67	Leson 37	185
Leson 11	71	Leson 38	189
Leson 12	75	Leson 39	194
Leson 13	80	Leson 40	198
Leson 14	85	Peryòd Revizyon Leson 41	201
Leson 15	89	Leson 42	205
Leson 16	93	Peryòd Revizyon Leson 43	209
Leson 17	98	Leson 44	213
Leson 18	103	Leson 45	217
Leson 19	108	Modèl evalyasyon Leson 46	220
Leson 20	113	Modèl evalyasyon Leson 47	223
Leson 21	117	Modèl evalyasyon Leson 48	225
Leson 22	122	Modèl evalyasyon Leson 49	228
Leson 23	126	Modèl evalyasyon Leson 50	230
Leson 24	131		

Premye koze

Pwogram ToTAL (Tout timoun ap li) jwenn finansman nan men USAID pou kore Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) nan efò l ap fè pou amelyore konpetans lekti elèv ki nan premye sik lekòl fondamantal.

Metòd « M ap li nèt ale » a se yon metòd ansèyman lekti ki itilize lang kreyòl pou devlope konpetans lekti elèv yo. Li pèmèt timoun yo aprann li ak ekri byen. Li chita sou senk poto mitan: konsyans fonemik, prensip alfabè, fliyidite, vokabilè ak konpreyansyon. Poto mitan sa yo ap ede timoun yo konprann, reflechi epi eksprime lide yo sou sa yo li.

Metòd la respekte objektif Ministè a (MENFP) defini nan kourikoulòm premye sik lekòl fondamantal la pou ansèyman kreyòl.

I. Anseyman lekti nan metòd « M ap li nèt ale »

Pou twazyèm ane a, metòd la pousuiv ak konpozant lekti yo. Li vin ranfòse demach ki te devlope nan premye ak dezyèm ane a. Nan ane sa a metòd la sitou apiye sou twa nan senk poto mitan yo : **li ak fasilite, vokabilè ak konpreyansyon**. Se pou sa nou mete plis aksan sou lekti divès kalite tèks. Nou itilize tou yon demach kote lekti endividyèl okipe yon plas enpòtan nan leson yo menm si lekti modèl mèt la ak lekti gide a toujou prezan.

Kòm se yon apwòch pa konpetans, nou ajoute lòt tèm nan kominikasyon yo tankou kominikasyon oral, vokabilè ak gramè ki vin fasilite konpreyansyon tèks yo. Toujou nan lide pou ankouraje elèv yo pran gou nan aktivite lekti, nou mete nan chak leson, yon aktivite k ap sèvi pou atikilasyon ak entonasyon.

II. Demach pedagogik

Metòd « **M ap li nèt ale** » a chita sou prensip pedagogi aktiv. Sa vle di li suiv yon apwòch patisipatif kote pwosesis ansèyman-aprantisaj la santre sou elèv yo. Yon apwòch konsa fasilite entèraksyon pwofesè-elèv, elèv-elèv. Konsa elèv yo vin premye aktè nan pwosesis aprantisaj la. Sa pèmèt yo aprann pi byen epi devlope kapasite pou yo sèvi ak konesans yo.

Pou apwòch patisipatif sa a fonksyone byen nou itilize plizyè estrateji, tankou :

1. Modelizasyon

Li pèmèt anseyan an bay egzanp, akonpaye elèv yo anvan li ba yo chans fè egzèsis pou kont yo. Li genyen yon entwodiksyon, yon modèl (tou pa m), yon egzèsis sou kontwòl anseyan an (ann fè l ansanm) ak yon egzèsis san kontwòl anseyan an (tou pa nou). Pou twazyèm ane a, sa fèt sitou pou nosyon ki nouvo yo. Nan aktivite « Li tèks la », souvan anseyan an fè lekti modèl pou bay elèv yo egzanp.

2. Kòmantè sou fòmasyon/ Fidbak

Nan metòd **M ap li nèt ale** a li enpòtan anpil pou anseyan yo toujou pran tan pou yo fè kòmantè pou elèv yo sou sa yo aprann. Kòmantè anseyan an bay pandan fòmasyon an gen rapò egzakteman ak sa yon elèv ap fè oubyen sa li pa fin fè. Konsa li pèmèt elèv la pran konfyans nan tèt li epi korije sa li pa t byen fè.

3. Travay de pa de

Youn nan estrateji ki enpòtan nan metòd la se travay de pa de. Sa pèmèt timoun yo aprann dyaloge ak kamarad yo sou yon kesyon mèt la poze. Sa fè plis elèv patisipe nan aktivite yo.

I. Jan metòd la aplike

Nan aplikasyon metòd sa a n ap itilize twa dokiman : gid mèt, liv elèv ak kaye ekriti. Twa dokiman sa yo mache ansanm.

1. Gid mèt la

Nan **gid mèt** la nou jwenn 150 leson antou ki repati an 3 tòòm. Nan chak tòòm yo nou eksplwate plizyè kalite tèks ak elèv yo. Nou itilize tèks naratif, enfòmatif ak pwezi. Nan pi fò leson yo, nou itilize yon tèks pou de jou. Nan premye jou a, nou poze kesyon ki pèmèt elèv yo jwenn enfòmasyon ki parèt klè nan tèks la (kesyon eksplisit). Elèv yo li menm tèks la nan dezyèm jou a epi yo reponn yon seri kesyon ki pèmèt yo reflechi pou jwenn enfòmasyon ki pa eksprime dirèkteman nan tèks la (kesyon enferansyèl). Chak senkyèm jou, nou fè elèv yo li yon pwezi yo te deja prepare lakay yo. Anplis eksplwatasyon tèks yo, anndan Gid mèt la nou prezante lòt aktivite sou kominikasyon oral, vokabilè, fliyidite ak kèk nosyon gramè.

Men ki sa n ap jwenn anndan chak tòòm :

- 40 leson òdinè
 - 5 leson revizyon.
 - 5 modèl evalyasyon.
- a. **Leson òdinè** yo genyen menm estrikti a toupatou nan gid mèt la :
- Yon bann desine oswa yon devinèt pou kominikasyon oral;
 - Aktivite sou mo (silab, prefiks, sifiks...)
 - Vokabilè
 - Konpreyansyon : prediksyon, kontèks tèks la
 - Lekti tèks la
 - Gramè
 - Ekriti
 - Fliyidite
- b. **Leson revizyon** yo reprann tout nosyon ki te etidye nan peryòd la. Yon modèl sou chak kalite tèks parèt nan chak leson revizyon. Yo genyen yon estrikti ki diferan ak leson òdinè yo. Men se menm aktivite tankou devinèt, vokabilè, konpreyansyon tèks, lekti, ekriti ak gramè.
- ch. **Modèl Evalyasyon** yo prezante konsa :
- yon tèks ak kesyon konpreyansyon sou li ;
 - egzèsis sou vokabilè ;
 - egzèsis sou gramè ;
 - egzèsis pwodiksyon ekri.

Tout kesyon ak egzèsis ki nan **modèl evalyasyon** yo dwe gide anseyan an lè l ap prepare egzamen pou elèv yo. Anseyan an pa oblije sèvi ak tout. Li ka fòmile lòt egzèsis selon eksperyans li fè nan klas la ak elèv yo. Tèks evalyasyon yo nan liv elèv la. Anseyan an pa bezwen eksplwate yo avèk elèv yo. Men yo ka toujou li tèks yo poukont yo.

2. Liv elèv

Nan **liv elèv** la nou jwenn 150 leson antou. Leson yo koresponn ak nosyon sou diferan domèn ki devlope nan gid mèt la. Men ki jan leson yo òganize nan liv la :

- Tèm leson an
- Bann desine (BD) / devinèt

- M ap li (mo ki mache ak chan leksikal tèks la)
- M ap aprann sans mo ki nan tèks la (vokabilè)
- M ap li ak bon ton (kontin / fraz)
- Mwen dwe konnen (nosyon gramè)
- Istwa a ak kesyon yo
- Mo vokabilè
- Desen ki mache ak istwa a
- Pwezi ak kesyon yo
- Desen ki mache ak pwezi a
- Pale sou imaj (leson revizyon)
- Evalyasyon

3. Kaye egzèsis

Kaye ekriti a genyen divès kalite egzèsis ki koresponn ak nosyon sou diferan domèn ki devlope nan gid mèt la. Egzèsis sa yo bay elèv yo posiblite aplike nosyon yo aprann nan leson yo. Pi fò egzèsis yo fèt sou vokabilè, ekriti, gramè ak pwodiksyon. Gen egzèsis tou ki ede nan konpreyansyon tèks yo.

III. Evalyasyon

Nan metòd **M ap li nèt ale** a nou itilize evalyasyon fòmativ. Li fèt 3 fason.

- Nan chak leson, anseyan an bay fidbak pou apresye epi korije travay elèv yo pandan tout pwosesis ansèyman an.
- Nan kòmansman chak leson gen yon aktivite rapèl ki pèmèt mèt la asire li elèv yo te byen asimile nosyon yo te wè nan dènye leson an. Nan finisman chak leson, gen yon rapèl sou prensipal aktivite ki fèt nan leson an. Aktivite sa a pèmèt elèv yo montre nan ki nivo yo metrize aktivite sa yo.
- Gen 5 leson revizyon nan chak tòmm kote elèv yo gen posiblite retounen sou kèk nosyon yo te aprann pandan peryòd la. Sa bay mèt la okazyon verifye nivo konpreyansyon elèv yo pou peryòd la.
- Nan finisman chak tòmm, nou pwopoze anseyan an yon seri tèks ak egzèsis li ka itilize pou prepare egzamen pou elèv yo.

IV. Tablo pwogresyon Tòm I

TABLO PWOGRESYON TÒM 1							
Semèn	Tèm	Leson	Tip ak jan tèks	Tit Tèks yo	Mo vokabilè	Nosyon	
1	Lekòl louvri	1 – 2	Naratif : istwa sou sa k ap pase tout bon nan lavi	Vakans fini	Gwòt, tounen, tann, konte, ansyen, chire	<ul style="list-style-type: none"> – Silab – Lèt majisjil – Tèks naratif – Pwezi 	
		3 – 4	Naratif : istwa sou sa k ap pase tout bon nan lavi	Premye jou lekòl	Douvanjou, kan, inifòm, klòch, eksite, Jeremie		
		5	Pwezi	Premye jou lekòl	Fredone, konesans		
2	Dlo lapli	6 – 7	Enfòmatif : enfòmasyon sou fenomèn natirèl	Dlo lapli	Vapè, sik, lapli, chofe, agwonòm, fenomèn	<ul style="list-style-type: none"> – Vigil – Tèks enfòmatif 	
		8 – 9	Enfòmatif : enfòmasyon sou evènman	Atansyon pa kapon	Lameri, majistra, traktè, eksperyans, ravin, anviwònman		– Siy ponktiyasyon : vigil
		10	Pwezi	Vwayaj gout dlo	Souf, ateri		– Revizyon
3	Idantite mwen	11 – 12	Naratif : otobiyografi	Yon komedyen san parèy	Komedyen, twoup, radyo, televizyon, teyat, pyès	<ul style="list-style-type: none"> – Siy ponktiyasyon : pwen – Tèks otobiyografik 	
		13 – 14	Naratif : otobiyografi	Yon elèv modèl	Lise, komite, manm, prezidan, pwojè, potekole		– Siy ponktiyasyon : pwen esklamasyon, entewogasyon
		15	Pwezi	Peyi mwen	Lakansyèl, kilti		– Revizyon
4	Lavi nan kominote a	16 – 17	Enfòmatif : lèt pèsonèl	Lèt Sara pou zanmi li Jislèn	Fatige, panse, mèvèy, kostimdeben, Sodo, sou	<ul style="list-style-type: none"> – Prefiks – Lèt : lèt pèsonèl ak ofisyèl 	
		18 – 19	Enfòmatif : lèt pèsonèl	Lèt Sègo pou zanmi li Albè	òganize, plas, baskèt, kawousèl, nèf, kite		– Fraz : gwoup sijè ak gwoup vèbal
		20	Pwezi	Viv ansanm !	Konkou, dwe		– Revizyon
5	Pwoblèm kominote se pou tout moun	21 – 22	Naratif : istwa sa ki ka pase nan lavi nòmal	Monte bisiklèt	Atansyon, mis, laperèz, tranble, obstak, ralanti	<ul style="list-style-type: none"> – Konjonksyon 	
		23 – 24	Enfòmatif	Manje ki bon pou mis yo	Kategori, kou, djanm, legim, devlope, fonksyonman		– Konjonksyon (suit)
		25	Pwezi	Lasante !	Alimante, enèji		– Revizyon
6	Travay mis kò nou	26 – 27	Enfòmatif pèsyazif	Lèt Simon pou majistra Lik	Debouche, aksidan, tourego, kamyonèt, anplwaye, sikile	<ul style="list-style-type: none"> – Lèt opinion – Siy ponktiyasyon : gimè 	
		28 – 29	Enfòmatif pèsyazif	Lèt majistra Lik pou Simon	Lèt, enfòme, leta, komin, idantifye, enterè		<ul style="list-style-type: none"> – Prefiks – Sifiks
		30	Pwezi	Viv an kominote !	Fratènite, konsekan		– Revizyon

TABLO PWOGRESYON TÒM 1						
7	Pwodui latè	31 – 32	Naratif : fiksyon	Grenn zaboka ak grenn sitwon	Lapenn, rich, bridsoukou, wounouwounou, vid, toupatou	– Istwa imajinè – Non
		33 – 34	Naratif : fiksyon	Yon zwazo agwonòm	Teknik, esplike, agogo, laboure, rekòt, pwomèt	– Non pwòp – Non komen
		35	Pwezi	Pou Ayiti	Bite, sekle	– Revizyon
8	Kapasite mwen	36 – 37	Naratif : fiksyon	Ti Kit blese	Ankouraje, piwèt, zèl, laswenyay, sere, vole	
		38 – 39	Naratif : fiksyon	Ti Kit refè	Vantrès, blese, domaj, akolad, elan, bandaj	– Mo deskriptif (suit)
		40	Pwezi	Pipirit	Monte, solèy	– Revizyon
9	Peryòd nan fen lane	41	Naratif	Ti sopen an	Atifisyèl, talatàn, etale, atik	
		42	Naratif	Dekorasyon sopen an	Abdenwèl, epòk, sopen, fanal	
		43	Enfòmatif : lèt	Vennkat desanm	Pidwetal, reveyon, peta, tonmbola	
		44	Naratif	Tranteyen desanm	Tradisyon, zetrenn, lavèy, lakoloni	
		45	Pwezi	Bòn ane	Poze, swete	
10		46, 47, 48, 49, 50 : Evalyasyon				

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)


Materyèl an kreyòl ki devlope nan kad pwojè **TOTAL** la, se dokiman pou yon nouvo metòd lekti : « **M ap li nèt ale** ». Dokiman sa yo vize ofri anseyan ak elèv toupatou nan peyi d Ayiti pi bon demach ak estrateji pou aprantisaj lekti. Jan nou di sa deja, metòd « **M ap li nèt ale** » a devlope nan twa dokiman ki konekte youn ak lòt pou fasilite pwosesis ansèyman-aprantisaj la nan klas yo. **Gid mèt** la pèmèt anseyan an mennen leson an san difikilte ; **Liv elèv** la gen tout sa elèv yo bezwen pou yo li, reflechi epi travay imajinasyon yo ; **Kaye egzèsis** la pèmèt elèv yo antrene nan tout konpetans ki devlope nan chak leson.

Zouti nou pwopoz pou aplikasyon metòd la, se yon seri esplikasyon sou divès eleman nan metòd « **M ap li nèt ale** » a. Tout esplikasyon sa yo dwe sèvi mèt la lè li kwaze ak yon aktivite nan yon leson ki mande eklèsisman. Se pou sa mèt la dwe itilize yo nan moman l ap prepare leson yo. Konsa l ap pi alèz nan prezantasyon li yo. Esplikasyon sa yo konsène toulètwa dokiman yo : **Gid mèt** la, **Liv elèv** la ak **Kaye egzèsis** la.

I. **Gid mèt** la (prezantasyon)

Gid mèt la se yon dokiman eskripte. Sa vle di yon dokiman ki vize bay mèt la tout sa ki nesèsè pou chak leson byen prezante. Li devlope daprè yon plan byen defini ki ekspoze pwogresyon leson yo semèn aprè semèn, jou aprè jou.

Plan ki prezante pwogresyon leson yo



The image shows a screenshot of a spreadsheet application, likely Microsoft Excel, displaying a lesson plan. The spreadsheet has a grid structure with columns representing days of the week and rows representing lesson content. The text in the spreadsheet is in French and appears to be a detailed lesson plan for a reading unit. The columns are labeled with days of the week (e.g., 'Lundi', 'Mardi', 'Mercredi', 'Jeudi', 'Vendredi', 'Samedi', 'Dimanche'). The rows contain lesson objectives, activities, and materials. The spreadsheet is titled 'Plan de leçon' and includes a section for 'Contenu de la leçon' and 'Matériel nécessaire'. The content is organized into a grid that spans multiple days, indicating a multi-day lesson plan.

1. Jan nou dwe itilize gid la

Pou nou byen itilize **Gid mèt** la, nou dwe suiv konsiy sa yo :

- Byen prepare leson yo davans. Sa vle di byen li chak leson anvan jou n ap prezante li a rive. Se pi bon mwayen ki genyen pou leson an pase san pwoblèm yon fason pou pèmèt elèv yo patisipe. Yon bon preparasyon se kle ki pou pèmèt ansèyman an fèt yon fason ki enteresan.
- Prezante tout aktivite leson an youn aprè lòt nan lòd yo parèt nan **gid mèt** la. Nou pa dwe chanje aktivite yo plas, ni nonplis neglije okenn aktivite nan leson an.

- Nou dwe li konsiy yo jan yo ye nan gid la. Sonje gen de kalite konsiy : konsiy nou dwe li lè n ap prezante leson an pou elèv yo ak konsiy ki konsène mèl la sèlman. Tout konsiy ki konsène mèl la sèlman, parèt an gra italik epi yo nan mitan de kwochè. Konsiy sa yo sèvi pou esplike mèl la sa li dwe fè nan chak aktivite. Nou pa bezwen li yo lè n ap prezante leson an nan klas la. Sonje tou lè nou byen prepare leson an, prezantasyon an fèt ak anpil fasilite. Elèv yo pa menm rann yo kont si se li n ap li konsiy yo.
- Bay tout elèv yo menm chans. Jan nou ka remake sa nan konsiy ki konsène mèl la, chak fwa n ap kesyone elèv yo, nou dwe toujou chwazi menm kantite ti fi ak ti gason. Anplis, pandan dewoulman leson yo, nou dwe chwazi elèv yo toupatou nan klas la. Se pou nou chwazi yo devan, nan mitan, dèyè. Nou pa dwe toujou pran menm elèv yo tout tan. Objektif la se pou pèmèt chak elèv nan klas la patisipe.
- Toujou bay fidbak. Pou yon elèv santi li alèz pou li patisipe nan aktivite leson yo, li bezwen asire li mèl la ap apresye efò l. Pou rezon sa a, nou dwe toujou bay fidbak chak fwa yon elèv, yon gwoup elèv oswa tout klas la patisipe nan yon aktivite. Aspè sa a enpòtan anpil pou reyisit leson yo paske se li menm k ap ede nou jwenn konfyans elèv yo. Nan tout leson yo, n ap jwenn konsiy nan mitan kwochè yo ki mande nou bay fidbak chak fwa elèv yo patisipe.
- Respekte dire chak aktivite. Pou chak aktivite nan leson yo, gen yon kantite minit ki prevwa epi ki ekri sou kote aktivite a. Li bon pou nou fè aktivite yo nan tan ki prevwa pou yo fèt. Si nou pase twòp tan nan yon sèl aktivite, sa ka gen konsekans sou rès leson an. Sa ka fè nou pèdi atansyon elèv yo nan kèk aktivite ki enpòtan anpil nan leson an.

Leson yo elabore yon fason pou nosyon yo repete nan plizyè jou. Kidonk si gen elèv ki mal pou yo metrize yon nosyon, n ap jwenn okazyon nan lòt leson pou nou rezoud pwoblèm nan. Men tou si aprè tout tantativ yo, pwoblèm nan pèsiste pou kèk elèv, nou ka chwazi yon moman nan jounen an (rekreyasyon oswa aprè klas) pou nou ede yo an patikilye.

2. Kèk presizyon sou repatisyon leson yo

Nan gid la, leson yo repati yon fason ki pèmèt nou eksplwate twa tèks chak semèn : de tèks pou kat premye jou yo ak yon pwezi pou senkyèm jou a. Kidonk elèv yo ap gen pou yo li yon tèks nan de leson. Prensip sa a chanje sèlman nan leson sekyèm jou yo, leson revizyon yo ak modèl evalyasyon yo (ref. : Tablo pwogresyon).

Leson senkyèm jou

Chak senkyèm jou, tèks leson an se yon pwezi. Anplis lekti ekspresiv ki dwe fèt pandan leson an, elèv yo ap gen pou patisipe nan yon konkou pwezi. Pou konkou pwezi a byen reyisi nou dwe suiv konsiy sa yo :

- Depi de jou anvan, fòm de ekip twa elèv k ap gen pou patisipe nan konkou a. Bay chak manm ekip yo yon nimewo soti nan 1 rive nan 3 ;
- Mandè elèv yo prepare pwezi a de jou anvan, jan sa prevwa nan gid la ;
- Nan moman konkou a, mete de ekip yo chita devan. Aprè sa, rele kandida/patisipan yo youn aprè lòt selon nimewo yo pou vin resite pwezi a.
- Chak fwa yon jwè fin resite pwezi a, mete kantite pwèn ou ba li sou 10 bò kote non li. Ou dwe note pwèn sa yo sou yon fèy papye epi pa kite okenn elèv wè konbyen pwèn ou bay. Lè tout jwè yo fin prezante, fè total pwèn chak ekip.
- Mandè rès klas la aplodi toulède ekip yo anvan ou bay rezilta konkou a.

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Leson revizyon yo

Leson revizyon yo se yon seri 5 leson ki vini nan fen chak tòman anvan modèl evalyasyon yo. Yo la pou pèmèt nou reprann avèk elèv yo yon seri nosyon yo te aprann nan leson anvan yo. Leson revizyon yo dwe ede elèv yo ranfòse konpetans yo nan lekti anvan yo patisipe nan egzamen yo.

Modèl evalyasyon yo

Chak tòman nan gid mèd la fini ak senk modèl evalyasyon. Chak modèl evalyasyon gen yon tèks ak divès kalite egzèsis mèd la ka itilize pou egzamen. Mèt la pa gen pou li bay tout modèl yo chak fwa egzamen rive ni nonplis li pa oblije bay egzakteman sa ki pwopoze nan gid la jan li ye a. Li gen tout libète pou li chwazi sa li vle mete nan egzamen li. Men si gen eleman nan modèl yo ki enterese li, li ka sèvi ak yo.

Se mèd la ki dwe mezire dire egzamen li bay elèv yo. Pou sa li dwe deside sou ki kantite egzèsis li ap mete pou li ka respekte dire a.

3. Kèk presizyon sou aktivite yo

Tout aktivite leson yo makonnen youn ak lòt pou pèmèt elèv yo byen konprann tèks yo li a. Men yon tablo ki rezime objektif chak aktivite yo.

Tablo ki rezime objektif ak dire aktivite yo nan gid mèd la

Aktivite	Objektif	Dire
Bann desine	Aktivite sa a sèvi pou kòmanse yon seri leson. Li gen 2 objektif : - melanje tèks ak imaj pou bay elèv yo yon ide sou sa ki pral devlope nan leson an ; - envite elèv yo reflechi sou imaj la epi di sa yo panse aprè.	2 minit
Devinèt	Menm jan ak bann desine yo, devinèt yo kòmanse yon seri leson. Objektif aktivite sa a se : - pèmèt elèv yo dekouvri sans yon mo kle ki nan tèks yo pral li a oswa ki gen rapò ak li ; - pèmèt elèv yo reflechi davans sou kontèks mo a pral itilize a.	2 minit
Rapèl	Aktivite rapèl la bay mèd la posiblite teste sa elèv yo sonje nan dènye leson li te prezante nan klas la.	2 minit
Li mo	Gen plizyè fòm aktivite sou dekodaj mo. Selon leson an nou jwenn : marye silab pou li mo, prefiks ak sifiks pou fòm mo, mo kle leson an. Objektif aktivite sa yo, se pèmèt elèv yo rive li tout mo yo kontre san difikilte. Sa vle di ak fliyidite.	
Vokabilè	Se yon poto mitan enpòtan nan metòd la. Li pèmèt : - elèv yo dekouvri sans mo yo nan kontèks tèks yo ap li a ; - elèv yo an mezi itilize mo sa yo pou yo ekri pwòp fraz pa yo.	10 minit

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Konpreyansyon	Se pi gwo poto mitan ki genyen nan lekti. Objektif aktivite konpreyansyon yo se : - pèmèt elèv yo sèvi ak eleman ki pa anndan tèks la (desen, tit) pou travay imajinasyon yo sou sa ki pral pase nan tèks la (prediksyon) ; - pèmèt elèv yo reflechi sou eleman ki gen rapò ak sa ki devlope nan tèks la epi ki pa depaman ak sa yo viv nan kominote yo (kontèks tèks).	5 minit
Li tèks	Aktivite sa a pèmèt elèv yo : - li yon tèks ak fliyidite ; - jwenn enfòmasyon nan tèks la ; - reflechi sou tèks la ;	12 minit (20 minit pou pwezi)
Aktivite revèy	Aktivite revèy yo prezan nan tout leson yo. Objektif yo se : - pèmèt elèv yo amize yo ; - rann leson yo pi enteresan pou elèv yo.	2 minit
Gramè	Chak leson gen yon aktivite ki prezante yon nosyon gramè. Aktivite sa a gen objektif : - bay elèv yo zouti k ap pèmèt yo konprann pi byen fonksyònman lang nan ; - amelyore kapasite elèv yo nan pwodiksyon ekri.	8 minit
Egzèsis nan kaye	Tout leson yo toujou prevwa yon seri egzèsis nan kaye elèv la. Egzèsis sa yo vize : - bay elèv yo posiblite antrene sou divès nosyon ki anseye nan leson yo ; - devlope kapasite elèv yo pou yo pwodui tèks pa yo.	10/ 12 minit
Li ak bon ton	Se yon aktivite ki vize : - amelyore kapasite elèv yo pou yo li ak fasilite (flyidite) ; - ede elèv yo li ak bon ton pandan y ap respekte siy ponktyasyon ak teknik entonasyon.	3 minit
Sa nou te aprann	Se dènye aktivite nan chak leson. Li gen objektif : - teste sa elèv yo aprann nan leson an ; - fè yon sentèz sou pwèn ki pi enpòtan nan leson an.	2 minit
N.B.- Tout aktivite sa yo pa prezan nan chak leson. Selon leson an gen nan yo ki prezan, gen nan yo ki pa prezan.		

4. Ekriti kisiv (Modèl ak esplikasyon chak lèt)

Nan de premye ane yo nou te aprann elèv yo ekri ak lèt enprimri. Ane sa a, n ap aprann yo ekri ak lèt kisiv. Pou nou rive fè sa, n ap sèvi ak teknik ki devlope nan tablo sa a pou chak lèt yo.

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Tablo lèt kisiv ak esplikasyon sou jan pou yo fèt

Lèt	Jan pou fè yo
a	<i>Trase yon won. Aprè sa trase yon liy vètikal seti anwo desann vire adwat.</i>
b	<i>Trase yon dwat panche seti anba monte vire agech. Aprè sa desann rive anba. Teunen adwat, monte yon tikras epi fè yon ti liy crizontal.</i>
c	<i>Trase yon won ki prèske fèmen.</i>
d	<i>Trase yon won. Aprè sa trase yon liy vètikal seti anwo desann vire adwat.</i>
e	<i>Trase yon dwat panche monte vire agech. Desann vire adwat.</i>
f	<i>Kèmanse yon dwat panche monte vire agech. Desann tou dwat. Vire adwat. Monte rive nan mitan. Aprè sa vire adwat.</i>
g	<i>Trase yon won. Aprè sa trase yon dwat panche seti anwo, desann rive anba. Vire agech pou rive anba won an. Teunen adwat.</i>
h	<i>Trase yon dwat. Aprè sa trase yon ti keul vire adwat.</i>
i	<i>Trase yon dwat panche seti anba monte. Aprè sa desann vire adwat.</i>
j	<i>Trase yon dwat panche monte rive anwo. Desann rive anba teunen agech. Aprè sa monte vire adwat.</i>
k	<i>Trase yon dwat panche monte vire agech. fè yon ti keul vire agech. Aprè sa, fè yon dwat desann panche adwat.</i>
l	<i>Trase yon dwat panche seti anba monte vire agech. Desann rive anba. Teunen adwat.</i>
m	<i>Trase yon dwat seti anba monte vire adwat. Desann epi monte vire adwat. Desann ankò epi remonte. Aprè sa vire desann adwat.</i>
n	<i>Trase yon dwat seti anba monte vire adwat. Desann epi monte vire adwat.</i>

<i>c</i>	<i>Trase yon won.</i>
<i>p</i>	<i>Trase yon ti dwat panche adwat. Aprè sa, trase yon kouk vire adwat.</i>
<i>q</i>	<i>Trase yon ti dwat seti anba monte vire adwat. Desann vire adwat.</i>
<i>r</i>	<i>Trase yon ti dwat panche seti anba rive anwo. Teunen adwat aprè sa vire agoch.</i>
<i>s</i>	<i>Trase yon ti dwat seti anba rive anwo. Desann vire adwat. Aprè mete yon ti dwat orizontal anwo a.</i>
<i>t</i>	<i>Trase yon ti dwat seti anba rive. Desann vire adwat. Remonte epi desann vire adwat.</i>
<i>u</i>	<i>Trase yon ti liy kouk vire adwat. Desann epi monte vire adwat.</i>
<i>v</i>	<i>Trase yon ti liy kouk vire adwat. Desann. Teunen adwat epi monte. Vire adwat. Desann epi remonte.</i>
<i>w</i>	<i>Trase yon ti liy kouk vire adwat. Aprè desann, vire adwat epi monte. Aprè sa, desann tou dwat rive anba. Teunen agoch, monte panche adwat.</i>
<i>y</i>	<i>Trase yon ti dwat panche adwat. Fè yon ti liy orizontal. Vire desann toupiti. Aprè sa, teunen adwat epi desann panche agoch. Vire monte adwat.</i>

II. Liv elèv la

Liv elèv la se prensipal materyèl pou elèv yo aprann li. Li gen divès eleman k ap pèmèt elèv yo li epi konprann sa yo li a. Liv elèv la prezante sou fòm yon seri ribrik ki koresponn egzakteman ak jan leson an devlope nan gid mèt la.

1. Kèk prezizyon sou repatisyon leson yo

Menm jan ak gid mèt la, leson yo òganize yon fason pou elèv yo li yon tèks nan de jou. Prensip sa a diferan sèlman nan leson senkyèm jou yo, leson revizyon yo ak modèl evelyasyon yo. Konsa, pou leson òdinè yo n ap jwenn pou chak semèn, de tèks ak yon pwezi. Tablo ki vini aprè a ap bay yon lide sou jan aktivite yo prezante nan liv elèv la ak rapò liv la genyen ak gid la.

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Aktivite nan gid mèt la	Aktivite nan liv elèv la
Tèm	Tèm
Bann desine	Bann desine
Devinèt	Devinèt
Rapèl	x
Li mo	M ap il
Vokabilè	M ap aprann sans mo ki nan tèks la
Konpreyansyon	x
Li tèks	Tèks ak kesyon/ Pwezi ak kesyon
Aktivite revèy	X
Gramè	Mwen dwe konnen
Egzèsis nan kaye	X
Li ak bon ton	M ap li ak bon ton
Sa nou te aprann	X
N.B. - Tout aktivite sa yo pa prezan nan chak leson. Selon leson an gen nan yo ki prezan, gen nan yo ki pa prezan.	

2. Fason pou byen itilize liv elèv la

Pou nou pèmèt elèv yo byen itilize liv la, nou dwe asire nou yo byen metrize korespondans aktivite gid mèt yo ak sa ki nan liv la. Se pa tout aktivite ki nan gid la n ap jwenn nan liv elèv la. Mete sou sa, aktivite yo pa gen menm non nan toulède dokiman yo. Se sa ki fè, depi nan preparasyon leson an, li enpòtan pou nou gade jan aktivite gid mèt yo mache ak sa ki nan liv elèv la.

Sonje pou modèl evalyasyon yo, tèks yo parèt nan liv elèv la san kesyon. Nan sans sa a, lè evalyasyon pral rive, nou dwe mande elèv yo li tèks ki nan modèl evalyasyon yo lakay yo yon fason pou yo pare pou kèlkeswa tèks n ap chwazi pou fè evalyasyon an.

III. Kaye egzèsis la

Kaye egzèsis la se zouti travay ki pèmèt elèv yo pratike aktivite leson yo. Li gen divès kalite egzèsis. Selon leson an, n ap jwenn egzèsis sou mo, vokabilè, gramè, òtograf ak pwodiksyon ekri. Nan premye leson yo, gen egzèsis k ap inisye elèv yo nan ekriti kisiv. Egzèsis sa yo se egzèsis bonis nou ka bay elèv yo lè nou jwenn tan pou sa. Sa ap pèmèt yo antrene nan teknik pou yo ekri lèt sa yo byen.

Youn nan fòm egzèsis ki dwe atire atansyon nou nan kaye a se egzèsis ki koresponn ak aktivite chema tèks la. Egzèsis sa a pèmèt elèv yo ranfòse konpreyansyon yo sou tèks yo li nan leson an. Lè n ap fè aktivite sa a, nou dwe toujou asire nou elèv yo konprann demach la.

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè : *Yon dokiman Anseyan yo ka itilize nan klas yo*

Elèv yo ap kapab li ak ekri pi fasil lè y ap aprann kreyòl ak fransè si anseyan yo ka ede yo konprann sa ki menm ak sa ki diferan ant fransè ak kreyòl. Ou ka itilize tablo sa a chak fwa w ap ede elèv yo aprann lèt yo, ede yo dekode oubyen aprann jan mo yo konpoze, epi lè w ap ede yo eple mo yo. Elèv yo ap ka detekte lang yo pi byen pandan y ap aprann vin pi konsyan sou jan mo yo fòme.

Vwayèl

Lang fransè a gen 6 lèt ki sèvi pou vwayèl epi pou fòm vwayèl. Men 6 lèt sa yo fè plis pase 16 son. Lè vwayèl yo mete avèk aksan oubyen ak lòt lèt yo ka bay yon bann son. 10 vwayèl sa yo fè 10 son. Tablo sa a bay pi fò son nou ka jwenn nan lang fransè a. Lè nou konpare yo ak vwayèl ak son nan lang kreyòl la nou ap ka wè diferans ant fransè ak kreyòl nan son yo.

Vwayèl fransè	<i>Sijasyon pou anseyan yo</i>
A a	Ni kreyòl ni fransè tou de lang yo gen lèt a epi yo fè menm son nan tou de lang yo. Pa egzanp ni an kreyòl ni an fransè nou di <i>papa</i> .
Â â	Lèt sa a se an fransè ki genyen l. Li pa nan lang kreyòl la. Lèt sa a konpoze avèk lèt a epi yon ti chapo sou tèt li. Ti chapo sa a a rele aksan sikonflèks. An fransè nou di « accent circonflexe ». Sa vle di, aksan sikonflèks la se ti chapo ki sou tèt lèt a, tankou â. Ti chapo ki sou tèt lèt a sa a, sa vle â, fè li vin yon vwayèl ki gen son alonje devan yon lèt tankou lèt t. Nou ka jwenn yon egzanp konsa tankou nan mo fransè <i>pâte</i> . En kreyòl nou di <i>bati</i> – san mete pyès ti chapo sou lèt a ki anvan lèt t a. Pa bliye, nan lang kreyòl la pa gen aksan sikonflèks – pa gen pyès ti chapo sou pyès lèt nan lang kreyòl la.
ai	Nan lang fransè, konbinezon lèt a avèk i bay yon son ki sanble ak son /E/ an kreyòl. Lang kreyòl la pa gen konbinezon lèt a avèk i sa a. Konbinezon lèt a avèk i se son e an kreyòl. Nan lang fransè a, konbinezon lèt a avèk i pwononse menm jan ak lèt é nan lang fransè a. Nan lang fransè a, nou di « <i>je parlerai</i> ». En kreyòl nou di pito <i>m pral pale</i> . Mo « <i>pale</i> » a rete menm jan an nan lang kreyòl la, jan nou wè l la nan fraz « <i>m ap pale</i> ».

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

<p>ais</p>	<p>Konbinezon lèt sa a bay son è. Nou jwenn li pa egzanp nan mo « <i>tu parlerais</i> » an fransè.</p> <p>Konbinezon lèt ais pwononse tankou è nan lang kreyòl la. Konbinezon lèt sa a pa egziste nan lang kreyòl la. Nan lang kreyòl la tèminezon vèb yo pa chanje. Yo prèske rete toujou menm jan.</p> <p>Nan lang fransè a nou di « <i>je parlerais</i> ». Nan lang kreyòl la nou di « <i>m ta pale</i> ». Mo « <i>pale</i> » a rete menm jan an nan lang kreyòl la, jan nou wè l la nan fraz <i>m ap pale</i> ak nan fraz <i>m ta pale</i>.</p>
<p>an</p>	<p>Nou jwenn konbinezon lèt <i>an</i> an ak son li ni nan kreyòl ni nan fransè.</p> <p>Nan lang fransè a nou jwenn li nan mo tankou mo <i>banque</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou jwenn li nan mo tankou mo <i>bank, ban</i>.</p> <p>Konbinezon lèt a n, sa vle an, se youn nan vwayèl nen nan lang kreyòl la. Sa vle vwayèl sa a fè mo yo pale nan nen.</p>
<p>am</p>	<p>Konbinezon lèt a m se yon vwayèl nen nan lang fransè a. Li pwononse tankou an. Li vini anvan lèt b ak p nan lang fransè a. Nou jwenn li nan mo tankou mo <i>chambre</i> ak mo <i>ambulance</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou pa itilize lèt m anvan b ak p. konbinezon lèt a ak m ki bay vwayèl nen <i>am</i> nan pa nan lang kreyòl la.</p> <p>Lang kreyòl la itilize konbinezon lèt a ak n pito ki bay son an. Pa egzanp an kreyòl nou di epi ekri <i>chanm, anbilans</i>.</p> <p>An kreyòl nou pa di ni ekri <i>chambre</i> ni <i>ambulance</i>. Se an fransè nou ekri yo konsa.</p> <p>Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann lang fransè a.</p> <p>Sonje byen <i>am</i> pwononse prèske tankou an.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

<p>as</p>	<p>Konbinezon lèt sa a se an fransè ki genyen l. Li pa nan lang kreyòl la. Se yon nouvo lèt, yon nouvo son timoun Ayisyen yo k ap aprann fransè dwe aprann byen.</p> <p>Nan lang fransè a nou jwenn son 'as' la nan mo tankou <i>bas</i>, <i>las</i>.</p> <p>Nan lang fransè a s ki nan fen mo sa yo rete bèbè. <i>bas</i> pwononse tankou <i>ba</i>. <i>Las</i> pwononse <i>tankou</i> la.</p> <p>Sonje byen pa gen pyès lèt ki ret bèbè nan lang kreyòl la.</p> <p>An kreyòl nou ekri mo sa yo san mete s nan fen yo : pa egzanp nou di epi nou ekri <i>ba</i>, <i>la</i>.</p> <p>Pa bliye mo <i>ba</i> ka vle di sa gason oubyen fi mete nan pye anvan yo met soulye. Gen <i>ba</i> fi gen <i>ba</i> gason.</p> <p>Epi pa bliye tou, nan kèk kote nan peyi a, mo <i>ba</i> vle di sa yo met sou bèt tankou <i>bourik</i> ak <i>cheval</i> lèt yo itilize yo pou pote chay.</p> <p>An kreyòl nou ekri epi nou di <i>la</i> tankou nan fraz mwen santi m <i>la</i>. Gen kote nan peyi a moun yo di mwen santi m <i>las</i>, men nan ka sa a mo s la pwononse nòmalman, li pa ret bèbè tankou nan lang fransè a.</p>
<p>au</p>	<p>Konbinezon lèt sa yo bay son O tankou nan mo <i>chaud</i>, <i>Chaudière</i>.</p> <p>Pa gen vwayèl sa a nan lang kreyòl la. Nan lang kreyòl la nou itilize O pito tankou nan mo <i>cho</i>, <i>Chodyè</i>.</p>
<p>E e</p>	<p>Nou te aprann lèt sa a an kreyòl. Se menm lèt la ki gen nan lang fransè a tou, men yo pa gen menm son.</p> <p>An kreyòl li gen son /e/. An fransè fòk ou fèmen bouch ou, men an kreyòl fòk ou ouvri bouch ou pou fè son sa a, pa egzanp lè w ap di mo <i>kache</i>.</p> <p>An fransè, nou jwenn lèt sa a nan mo tankou <i>devant</i>, <i>demi</i>. fòk ou fèmen bouch ou pou di « de ».</p> <p>Lang kreyòl la itilize e pou ekri mo devan tou, men fòk ou fèmen bouch ou lè w ap di « de » an fransè tandike fòk ou ouvri bouch ou lè w ap di « devan » an kreyòl.</p>
<p>E (E muet)</p>	<p>Son sa a pa egziste nan lang kreyòl la. Se yon son ki bèbè nan lang fransè a tankou nan mo <i>samedi</i>.</p> <p>An kreyòl nou ekri mo sa a san lèt e : <i>samdi</i>.</p> <p>Pa bliye an kreyòl pa gen lèt ki bèbè.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

<p>É é</p>	<p>Sa k sou tèt e a rele aksan egi. An fransè nou di « accent aigu ». An kreyòl nou pa ekri lèt sa a avèk ti siy sa a sou tèt li. Men, an kreyòl nou gen menm son sa a.</p> <p>Pa egzanp, an fransè, nou ekri mo <i>café</i>, men an kreyòl nou ekri pito <i>kafe</i>, san nou pa mete anyen sou tèt e a. Yo pa ekri menm jan men yo gen menm pwononsyasyon.</p>
<p>È è</p>	<p>Lèt sa a egziste ni an fransè ni an kreyòl. Yo fè menm son, men yo pa itilize menm jan.</p> <p>An fransè, siy (`) ki sou e a rele « accent grave ».</p> <p>An kreyòl siy sa a rele « aksan fòs ». Se sèlman siy sa a nou jwenn sou tèt kèt lèt tankou e nan lang kreyòl la. Nou ka jwenn li tou sou vwayèl e, o, a.</p> <p>An fransè, nou itilize è nan mo tankou élève, légère.</p> <p>An kreyòl nou itilize vwayèl è nan mo tankou : elèv, lejè. Nou ka wè diferans la ak resanblans la.</p> <p>An kreyòl nou itilize siy (`) sou o tankou nan mo zòn, bòl.</p> <p>An kreyòl nou itilize siy (`) sou a tankou nan mo <i>pàn, Àn</i>.</p>
<p>Ê ê</p>	<p>Se nan lang fransè a ki genyen vwayèl e avèk ti chapo sa a sou li. Pa bliye ti chapo sa a rele aksan sikonflèks an fransè. Pa gen siy sa a an kreyòl.</p> <p>Lè gen ti chapo sa a sou vwayèl e, li chanje son e a an son ê tankou nan mo <i>bête</i>.</p> <p>Pou nou ekri mo sa a an kreyòl nou itilize aksan fòs. Nou ekri mo sa a konsa : <i>bèt</i>.</p> <p>Ni mo fransè <i>bête</i> ni mo kreyòl <i>bèt</i> tou de gen menm son.</p> <p>Sonje byen : se sèl aksan ki gen nan lang kreyòl la. Nou itilize l sou vwayèl e, o, a pou chanje son yo.</p>
<p>eau</p>	<p>Konbinezon vwayèl sa yo bay son O tankou nan mo <i>eau, beau</i>.</p> <p>Pa gen konbinezon vwayèl sa a nan lang kreyòl la. An kreyòl nou itilize o pito tankou lè n ap ekri mo <i>dlo</i>.</p> <p>Mo fransè <i>beau</i> pa egziste nan lang kreyòl la. An kreyòl nou di <i>bèl</i> ni pou fi ni pou gason.</p>
<p>ei</p>	<p>Konbinezon vwayèl sa yo pa egziste nan lang kreyòl la. Nan fransè nou jwenn li nan mo tankou mo <i>peine</i>.</p> <p>An kreyòl nou ekri <i>pèn</i> oubyen <i>lapenn</i>.</p> <p>Nan mo tankou <i>pèn</i> oubyen <i>lapenn</i>, konbinezon vwayèl <i>ei</i> nan lang fransè a sanble ak son <i>èn</i> ak <i>enn</i> nan lang kreyòl la.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

<p>em</p>	<p>Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl fransè. An fransè li itilize anvan lèt b ak p. nou jwenn vwayèl em nan mo fransè tankou <i>embargo</i>. Sonje, <i>em</i> pwononse tankou <i>an</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou pa itilize m anvan lèt b ak p. vwayèl em nan pa egziste nan lang kreyòl la.</p> <p>An kreyòl nou itilize konbinezon lèt <i>an</i> pito. An kreyòl nou ekri <i>anbake, anbago</i>.</p> <p>Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann fransè.</p>
<p>en</p>	<p>Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl nen nan lang fransè a. nou pwononse l menm jan nou pwononse vwayèl kreyòl <i>an</i>. Nou jwenn li nan mo fransè tankou <i>encadrer</i>. An kreyòl nou ekri mo sa a konsa : <i>ankadre</i>.</p> <p>An kreyòl nou gen konbinezon lèt <i>en</i> tou men li pa gen menm son ak fransè.</p> <p>Son <i>en</i> nan lang kreyòl la se tankou son <i>in</i> nan lang fransè a.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou di <i>enkyete, fen</i>. Men nan lang fransè a nou di <i>inquiéter, fin</i>.</p> <p>Nou dwe aprann son sa yo byen lè n ap aprann lang fransè a.</p>
<p>er</p>	<p>Konbinezon lèt ak vwayèl er prèske pwononse tankou é nan lang fransè tankou nan mo <i>frapper</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la se lèt e nou itilize tankou lè n ap ekri mo <i>frape</i>. Nou pa met pyès siy sou li an kreyòl.</p>
<p>es</p>	<p>Son sa a pa nan lang kreyòl la. Nou itilize l nan mo fransè tankou <i>c'est = ce + est</i>. Pa egzanp nou di « <i>c'est une femme</i> ».</p> <p>Ou pa tande son s la nan mo est. Li prèske bèbè nan mo fransè tankou <i>tu parles</i>. Li rete silans tou nan fen mo <i>femmes</i> tankou lè n di <i>les femmes</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou ekri mo se pito. Nou pa di <i>c'est une femme</i> an kreyòl. Nou di pito : <i>se yon fanm</i>.</p>
<p>eu</p>	<p>Konbinezon vwayèl sa a pa egziste nan lang kreyòl la. Sa pral yon nouvo son pou nou aprann. Son sa a nan anpil mo fransè tankou <i>professeur, acteur</i>.</p> <p>An kreyòl nou itilize è pito (e aksan fòs) tankou nan mo profesè, actè.</p> <p>Prèske tout mo fransè ki fini ak eur vin tounen è (e aksan fòs) an kreyòl.</p>
<p>eu</p>	<p>Lèt konbinezon vwayèl sa a pa egziste nan lang kreyòl la nonplis. Sa pral yon nouvo son pou nou aprann. Se yon lèt konbinezon fransè nou jwenn nan mo <i>bleu, feu</i>.</p> <p>An kreyòl nou itilize e pito tankou nan mo <i>ble, dife</i>.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

ez	<p>Konbinezon lèt sa a pwononse tankou é nan lang franse a. nou jwenn li nan mo tankou <i>parlez</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou itilize <i>e</i> pito tankou nan mo <i>pale</i>.</p>
i	<p>Nou aprann lèt sa a an kreyòl. Se menm lèt epi se menm son an nou genyen an franse ak kreyòl.</p> <p>An franse nou ekri <i>dix</i>.</p> <p>An kreyòl nou ekri <i>di</i> tankou lè n ap di « <i>di goud</i> » oubyen <i>dis</i> tankou lè n ap di <i>ban m dis mango</i>.</p>
in	<p>Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl nen an franse. Li pwononse tankou vwayèl <i>en</i> an kreyòl. An franse nou jwenn li nan mo tankou <i>cinq, sincère</i>.</p> <p>An kreyòl se konbinezon lèt ki bay vwayèl <i>en</i> nou itilize pito. An kreyòl nou ekri mo yo konsa pito : <i>senk, sensè</i>.</p> <p>Vwayèl franse ki fèt ak konbinezon lèt in pa egziste an franse.</p> <p>Nou dwe aprann vwayèl franse sa a byen.</p>
im	<p>Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl nen an franse. Li pwononse tankou vwayèl <i>en</i> an kreyòl. Men an franse fòk nou fè son m nan soti. Nan franse nou jwenn li nan mo tankou <i>impossible, impact</i>.</p> <p>Vwayèl nazal im nan pa egziste nan lang kreyòl la tankou li ye nan franse a.</p> <p>An kreyòl se konbinezon lèt e ak n ki bay vwayèl <i>en</i> nou itilize. An kreyòl nou ekri mo sa yo konsa : <i>enposib, enpak</i>.</p> <p>Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann franse.</p>
o	<p>Lèt sa a gen menm son ni nan kreyòl ni an franse.</p> <p>An franse nou di epi nou nou ekri : <i>professeur</i>. Men an kreyòl nou di epi nou ekri : <i>pwofesè</i>.</p>
o	<p>Lèt oubyen vwayèl o sa a se nan franse nou jwenn li nan mo tankou <i>bottes</i>.</p> <p>An kreyòl nou gen vwayèl o a tou ki prèske gen menm son an. Men an kreyòl nou itilize aksan fòs sou o a pito. Pa egzanp, nou di epi nou ekri mo <i>bòt</i>.</p>
Ô	<p>Se an franse ki gen lèt vwayèl o sa a avèk ti chapo a sou tèt li. Se yon vwayèl nou dwe aprann byen paske li pa menm jan an kreyòl.</p> <p>Nou jwenn lèt oubyen vwayèl sa a nan mo franse tankou <i>bientôt, tôt</i>.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

œu	<p>Konbinezon vwayèl sa a pa nan lang kreyòl la. Fòk nou aprann li byen. Nou jwenn li nan mo fransè tankou <i>œuf, sœur</i>.</p> <p>Olye konbinezon vwayèl ŒU, an kreyòl nou itilize e oubyen è tankou nan mo <i>ze, sè</i>.</p>
om	<p>Konbinezon lèt ak vwayèl sa a se yon vwayèl nen an fransè. Li pwononse tankou vwayèl nen <i>on</i> nan lang kreyòl la. Nan lang fransè a nou jwenn li nan mo tankou <i>ombre, combler</i>.</p> <p>An kreyòl se konbinezon on nou itilize pito. An kreyòl nou di epi nou ekri <i>lonbray, konble</i>.</p> <p>Pa gen vwayèl om an kreyòl. Nou dwe aprann ni byen.</p>
on	<p>Konbinezon lèt ak vwayèl sa a gen menm son an kreyòl ak an fransè.</p> <p>An fransè nou di <i>bonbon</i> ; an kreyòl nou di : <i>bonbon</i>.</p> <p>Sonje gen yon diferans ant bonbon an fransè ak bonbon an kreyòl.</p>
ou	<p>Son sa a se menm an kreyòl ak an fransè.</p> <p>An fransè nou di <i>douze, doux</i>.</p> <p>An kreyòl nou di epi nou ekri <i>douz, dous</i>.</p>
u	<p>Sa a se yon vwayèl ki itilize anpil nan lang fransè a pa gen son sa a nan lang kreyòl la. Sa ap yon son nouvo nou gen pou nou aprann byen.</p> <p>Nou jwenn son sa a nan mo fransè tankou <i>sucre, bureau</i>.</p> <p>An kreyòl se se i nou itilize tout kote fransè a itilize u. pa egzanp an kreyòl nou di epi nou ekri <i>sik, biwo</i>.</p>
û	<p>Sa se yon lèt ak yon son fransè nou jwenn nan mo tankou <i>bûcher</i>. Li pa egziste nan lang kreyòl la. Nou gen pou ni aprann ni byen.</p>
um	<p>Konbinezon lèt ak vwayèl sa a se yon vwayèl nen an fransè. Nou jwenn ni nan mo tankou <i>humble, parfum</i>.</p> <p>An kreyòl nou itilize pito vwayèl <i>en</i> nan anpil kote fransè a itilize um. An kreyòl nou di epi nou ekri <i>enb, pafen</i>.</p> <p>Vwayèl nen fransè um pa nan lang kreyòl la. Nou dwe aprann ni byen.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

un	<p>Konbinezon lèt ak vwayèl sa a se yon vwayèl nen an fransè. Nou jwenn ni nan mo tankou <i>lundi, brun</i>.</p> <p>An kreyòl nou itilize pito vwayèl <i>en</i> an anpil kote fransè a itilize <i>un</i>.</p> <p>An kreyòl nou di epi nou ekri <i>lendi</i>.</p> <p>Vwayèl nen fransè um pa nan lang kreyòl la. Nou dwe aprann ni byen.</p>
y	<p>Gen lèt oubyen son sa a nan fransè men li pa nan lang kreyòl la. Sa ap yon nouvo son pou nou aprann. Nou jwenn ni nan mo tankou <i>style, stylo</i>.</p> <p>An kreyòl nou itilize i tankou nan mo Estil.</p>
ym	<p>Konbinezon lèt sa a bay yon vwayèl nen an fransè. Li pwononse tankou vwayèl kreyòl <i>en</i>. Men an fransè fòk ou peze sou lèt m nan. Nou jwenn ym nan mo tankou <i>sympa, symphonie</i>.</p> <p>Konbinezon lèt ym pa egziste nan lang kreyòl la. An kreyòl nou itilize <i>en</i> pito. An kreyòl nou ekri <i>senpatic, senfoni</i>.</p> <p>Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann fransè.</p>

Lekòl louvri

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*
 Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.
 Kilès ki ka di m ki jan pèsonaj yo rele ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Kilès ki ka di m sa li panse sou jan Rita pale de vakans la ki fini an ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Kilès ki ka di m sa li panse sou jan Maryo pale de vakans la ki fini an ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

a. Silab : rapèl

- Nou kapab kase yon mo moso pa moso. Chak moso se yon silab.
- Pa egzanp : mo **papa** gen 2 silab : **pa/pa**.
 Mo **Anita** gen twa silab : **A/ni/ta**.
- **Yon silab se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.**
- *[Ekri mo sa yo sou tablo a : **machann, desann**. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 1 an. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 1 an pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

*Fraz : Anndan **gwòt** la fè nwa.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **gwòt** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **gwòt** vle di : **gwo twou natirèl ki fèt nan yon wòch.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **gwòt**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Lèt la **tounen**.

Fraz 2 : Elèn **tounen** lekòl.

1. Mo **tounen** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **tounen** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **tounen** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **tounen** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di :]* Mo **tounen** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **tounen** vle di : **ale menm kote ou te ye anvan**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **tounen**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3

Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzèsis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Ki sa nou konn fè pandan vakans ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. Ki sa nou konn fè lè lekòl preske ouvè ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
3. Ki jan nou santi nou lè lekòl pral ouvè ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Vakans pral fini]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Nan yon **tèks naratif** ka gen plizyè pèsonaj.
4. Pèsonaj yo se moun, bèt oswa objè ki pale ak fè aksyon nan tèks la.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesan 1 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *Pran liv elèv la. Li tèks : « Vakans pral fini » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.*

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan yo rele pèsonaj ki nan tèks la ?
2. Nan ki moman istwa a ap pase ?
3. Ki pwoblèm Sèjin genyen ?
4. Ki sa manman li fè pou rezoud pwoblèm nan ?
5. Pou ki sa Sèjin kontan al lekòl ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

flann — zanmann — bisnismann — machann — vyann — radyomann

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **lèt majiskil**.

Nou dwe konnen

Yon fraz toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon lèt majiskil kote nou dwe mete li.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « tout timoun pral lekòl. »]

- M ap li fraz la : **tout timoun pral lekòl.**
- M ap pase yon trè anba premye mo a.
- M ap ekri fraz la ankò. M ap kòmanse li ak yon lèt majiskil.
- **Tout timoun pral lekòl.**
- Kounye a, fraz la byen ekri paske li kòmanse ak yon lèt majiskil.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 1 an pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **tout timoun pral lekòl.**
- N ap pase yon trè anba premye mo a.
- N ap ekri fraz la ankò. N ap kòmanse li ak yon lèt majiskil.
- **Tout timoun pral lekòl.**
- Kounye a, fraz la byen ekri paske li kòmanse ak yon lèt majiskil.

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

papa m achte inifòm pou mwen.

- **[Aprè sa di :]** Pase yon trè anba mo ki dwe kòmanse ak lèt majiskil la. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Ekri fraz la ankò. Koriye mo nou te souliye a.
- **Papa m achte inifòm pou mwen.**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 1 an pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. **[Li kontin nan pou bay elèv yo egzàn, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]**

Sa nou te aprann nan lesou jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesou an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesou an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou lèt majiskil ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesou an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Lekòl louvri

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen se yon gwo twou nan wòch,
Se dlo lapli ki ban m fòm.
Mwen tankou yon gwo kay anba tè
Paske mwen chaje ak chanm.
Moun sòti toupatou pou vin vizite m,
Pafwa yo banm ti non kavèn.
Ki sa mwen ye ? (Gwòt)**

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks naratif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks naratif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Nou te di tèks naratif la gen evènman ladan li. Kilès ki ka di m ki sa yon evènman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Èske nou panse yon fraz dwe kòmanse ak yon lèt miniskil ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen

Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : **chanjman**, **chofè**. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 2 a. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 2 a pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Jilyo ap **tann** rad yo sou liy nan.

Fraz 2 : Mantout ap **tann** frè li yo.

1. Mo **tann** repete nan tou de fraz yo.

- Èske mo **tann** gen menm sans nan tou de fraz yo ?

- Kilès ki ka di m ki sa mo **tann** vle di nan premye fraz la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**

- Kilès ki ka di m ki sa mo **tann** vle di nan dezyèm fraz la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**

- **[Aprè sa di :]** Mo **tann** gen yon sans diferan nan chak fraz.

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **tann** vle di : **rete jiskaske yon moun, yon objè oswa yon evènman rive.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **tann**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Jozèt konn **konte**.

Fraz 2 : Albè **konte** sou Jak.

1. Mo **konte** repete nan tou de fraz yo.

- Èske mo **konte** gen menm sans nan tou de fraz yo ?

- Kilès ki ka di m ki sa mo **konte** vle di nan premye fraz la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**

- Kilès ki ka di m ki sa mo **konte** vle di nan dezyèm fraz la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**

- **[Aprè sa di :]** Mo **konte** gen yon sans diferan nan chak fraz.

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konte** vle di : **kalkile youn aprè lòt.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konte**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3

Li tèks (12 minit) [Tit : *Vakans pral fini*]

Jodi a, nou pral li menm **tèks naratif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Nan yon **tèks naratif** ka gen plizyè pèsonaj.
4. Pèsonaj yo se moun, bèt oswa objè ki pale ak fè aksyon nan tèks la.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 2 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Daprè ou ki kalite moun Sèjin ye ?
2. Ki sa w konn fè lè w nan vakans ?
3. Si w te nan plas Sèjin èske w t ap kontan tou ? Pou ki sa ?
4. Lè w fin li tèks la rakonte sa w konn fè anvan lekòl louvri.
5. Di tout sa n imajine lè n tande mo « inifòm ».

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

chat — chèche — chichote — chich — chomaj — kachiman

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **lèt majiskil**.

Nou dwe konnen

Non yon moun toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon lèt majiskil kote nou dwe mete li.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « mèt jan korije kaye elèv yo. »]

- M ap li fraz la : **mèt jan korije kaye elèv yo.**
- M ap pase yon trè anba mo **mèt** ak mo **jan**.
- M ap ekri fraz la ankò. M ap korije mo mwen te souliye yo.
- **Mèt Jan korije kaye elèv yo.**
- Mo **Mèt** kòmanse ak yon lèt majiskil paske se premye mo nan fraz la. Mo **Jan** kòmanse ak yon lèt majiskil paske se non yon moun
- Kounye a, fraz la byen ekri paske li kòmanse ak yon lèt majiskil epi non moun nan kòmanse ak yon lèt majiskil.

An n fè l'ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 2 a pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **mèt jan korije kaye elèv yo.**
- An n pase yon trè anba tout mo ki dwe kòmanse ak yon lèt majiskil.
- An n ekri fraz la ankò. N ap korije mo nou te souliye yo.
- **Mèt Jan korije kaye elèv yo.**
- Kounye a, fraz la byen ekri paske li kòmanse ak yon lèt majiskil epi non moun nan kòmanse ak yon lèt majiskil.

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

zanmi klodya yo ap jwe marèl.

- **[Aprè sa di:]** Pase yon trè anba tout mo ki dwe kòmanse ak yon lèt majiskil. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Ekri fraz la ankò. Korije mo nou te souliye yo.
- **Zanmi Klodya yo ap jwe marèl.**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

- Ekri non tout pèsonaj nou jwenn nan tèks la nan ti bwat ki pou pèsonaj yo.
- Ki kote pèsonaj yo ye ?
- Ki sa ki pase nan istwa a ?
- Ki sa pèsonaj yo fè ?
- Ki jan istwa a fini ?

c. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon fraz** k ap ede nou pwononse mo yo byen. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 2 a pou nou li fraz la. Chak fwa mwen leve men m pi wo n ap li fraz la pi vit epi ak plis fòs. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou lèt majiskil ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Lekòl louvri

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m ki jan pèsonaj yo rele ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès ki ka di m sa li panse de Maryo ki bliye valiz lekòl li ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou panse Rita te byen konpòte li nan ran an ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou evènman nan tèks naratif. Kilès ki ka di m ki sa yon evènman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di tou, yon tèks naratif ka gen plizyè pèsonaj. Kilès ki ka di m ki sa yon pèsonaj ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou panse yon non moun dwe kòmanse ak yon lèt miniskil ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen

Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : **chapit, diksyonè**. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 3 a. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 3 a pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Masèl leve **douvanjou** pou li ale nan jaden.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **douvanjou** vle di nan fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **douvanjou** vle di : **byen bonè nan maten, anvan solèy leve.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **douvanjou**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Rejinal renmen ale nan **kan**.

Fraz 2 : Boul la antre nan **kan an**.

1. Mo **kan** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **kan** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **kan** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **kan** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - [Aprè sa di :] Mo **kan** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kan** vle di : **pwogram yon gwoup moun fè lè yo deplase pou y al detann yo yon kote pandan plizyè jou.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kan**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

a. Prediksyon dapre tit

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[Ekri tit sa a sou tablo a : Premye jou lekòl.]

[Aprè sa di :] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la. Kilès ki ka di mwenn ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki jan lekòl li a ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
2. Ki sa nou konn fè lè nou rive lekòl nan premye jou a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
3. Ki jan nou santi nou lè nou wè zanmi nou nan premye jou lekòl la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Premye jou lekòl]**

Jodi a nou pral li yon lòt **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Nan yon **tèks naratif** ka gen plizyè pèsonaj.
4. Pèsonaj yo se moun, bèt oswa objè ki pale ak fè aksyon nan tèks la.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesan 3 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *[Pran liv elèv la. Li tèks : « Premye jou lekòl » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]*

c. Li tèks la ansanm

Kounye a, se tou pa nou pou nou li tèks la byen fò ansanm. *[Verifye si tout elèv yo ap li.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa elèv yo fè anvan yo rantre nan klas yo ?
2. Kilès ki te al nan kan lavil Jeremi pandan vakans la ?
3. Ki sa Soni te fè pandan vakans la ?
4. Ki aksidan ki te rive nan premye jou a ?
5. Ki jan Sèjin te fini jounen an ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

diksyonè — kache — mach — aksidan — pantan

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **lèt majiskil**.

Nou dwe konnen

Non yon katye toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon lèt majiskil kote nou dwe mete li.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « ti frè jizèl la lekòl kafou. »]

- M ap li fraz la : **ti frè jizèl la lekòl kafou**.
- M ap pase yon trè anba mo **ti**, mo **jizèl** ak mo **kafou**.
- M ap ekri fraz la ankò. M ap korije tout mo mwen te souliye yo.
- **Ti frè Jizèl la lekòl Kafou**.
- Mo **Ti** kòmanse ak yon lèt majiskil paske se premye mo nan fraz la. Mo **Jizèl** kòmanse ak yon lèt majiskil paske se non yon moun. Mo **Kafou** kòmanse ak yon lèt majiskil paske se non yon katye.
- Kounye a, fraz la byen ekri paske li kòmanse ak yon lèt majiskil epi non moun ak non katye yo kòmanse ak yon lèt majiskil.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 3 a pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **ti frè jizèl la lekòl kafou**.
- N ap pase yon trè anba tout mo ki dwe kòmanse ak lèt majiskil.
- N ap ekri fraz la ankò. N ap korije tout mo nou te souliye yo.
- **Ti frè Jizèl la lekòl Kafou**.
- Kounye a, fraz la byen ekri paske li kòmanse ak yon lèt majiskil epi non moun ak non katye yo kòmanse ak yon lèt majiskil.

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

papa riche abite akayè.

- **[Aprè sa di :]** Pase yon trè anba tout mo ki dwe kòmanse ak lèt majiskil. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Ekri fraz la ankò. Korije mo nou te souliye yo.
- **Papa Riche abite Akayè.**
- **[Bay elèv yo fidbak epi di :]** Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 3 a pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 5 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou lèt majiskil ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Lekòl louvri

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon rad.

Ti fi mete m, ti gason mete m,

Kèk fwa, menm granmoun mete m

Pou yo ale travay.

Yo fè m ak tout kalite koulè twal.

Elèv lekòl toujou mete m lè yo prale lekòl.

Ki sa mwen ye ? (Inifòm)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou evènman nan tèks naratif. Kilès ki ka di m ki sa yon evènman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Nou te di tou, yon tèks naratif ka gen plizyè pèsonaj. Kilès ki ka di m ki sa yon pèsonaj ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Èske nou panse yon non katye dwe kòmanse ak yon lèt miniskil ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen

Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : **antrèman**, **boukannen**. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 4 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 4 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Fefe **eksite** paske li pa jwenn jwèt li te vle a.

Fraz 2 : Jera **eksite** paske li premye nan klas li a.

1. Mo **eksite** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **eksite** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **eksite** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **eksite** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di :]* Mo **eksite** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **eksite** vle di : **montre jan ou kontan.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **eksite.** *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Moun **Jeremi** renmen manje tonmtonm.

Fraz 2 : Ti frè mwen an rele **Jeremi.**

1. Mo **Jeremi** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **Jeremi** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **Jeremi** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **Jeremi** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di :]* Mo **Jeremi** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **Jeremi** vle di : **non pi gwo vil nan departman Grandans.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **Jeremi.** *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3

Li tèks (12 minit) [Tit : Premye jou lekòl]

Jodi a, nou pral li menm **tèks naratif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Nan yon **tèks naratif** ka gen plizyè pèsonaj.
4. Pèsonaj yo se moun, bèt oswa objè ki pale ak fè aksyon nan tèks la.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 4 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa ki montre twa zanmi yo te kontan wè youn lòt ?
2. Ki kote Evlin ak kouzen l yo te al peche pwason ?
3. Dapre ou èske lekòl se bèl bagay ? Pou ki sa ?
4. Rakonte kijan premye jou lekòl ou te pase.

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

kann — manyen — boukannen — patinen — peny

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **lèt majiskil**.

Nou dwe konnen

Non biznis ak òganizasyon toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon lèt majiskil kote nou dwe mete li.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « se nan magazen bèltwal manman ani achte inifòm. »]

- M ap li fraz la : **se nan magazen bèltwal manman ani achte inifòm.**
- M ap pase yon trè anba mo **se**, mo **bèltwal** ak mo **ani**.
- M ap ekri fraz la ankò. M ap korije tout mo mwen te souliye yo. Mo **Se** kòmanse ak yon lèt majiskil paske se premye mo nan fraz la. Mo **Bèltwal** kòmanse ak yon lèt majiskil paske se non yon biznis. Mo **Ani** kòmanse ak yon lèt majiskil paske se non yon moun.
- **Se nan magazen Bèltwal manman Ani achte inifòm.**
- Kounye a, fraz la byen ekri paske li kòmanse ak yon lèt majiskil epi non biznis ak non moun yo kòmanse ak yon lèt majiskil.

An n fè l'ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 4 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **se nan magazen bèltwal manman ani achte inifòm.**
- N ap pase yon trè anba mo **se**, mo **bèltwal** ak mo **ani**.
- N ap ekri fraz la ankò. N ap korije tout mo nou te souliye yo.
- **Se nan magazen Bèltwal manman Ani achte inifòm.**
- Kounye a, fraz la byen ekri paske li kòmanse ak yon lèt majiskil epi non biznis ak non moun yo kòmanse ak yon lèt majiskil.

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

nan òganizasyon espwa, se jak ki direktè.

- **[Aprè sa di :]** Pase yon trè anba tout mo ki dwe kòmanse ak lèt majiskil yo. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Ekri fraz la ankò. Korije tout mo nou te souliye yo.
- **Nan òganizasyon Espwa, se Jak ki direktè.**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

- Ekri non tout pèsonaj nou jwenn nan tèks la nan ti bwat ki pou pèsonaj yo.
- Ki kote pèsonaj yo ye ?
- Ki sa ki pase nan istwa a ?
- Ki sa pèsonaj yo fè ?
- Ki jan istwa a fini ?

c. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon fraz** k ap ede nou pwononse mo yo byen. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 4 la pou nou li fraz la. Chak fwa mwen leve men m pi wo n ap li fraz la pi vit epi ak plis fòs. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanzp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou lèt majiskil ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Lekòl louvri

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen fèt an bwa.

Mwen ka gen plizyè koulè :

Jòn, vèt, nwa, ble, blan...

Sou tèt mwen, ka genyen yon gòm.

Mwen gen yon pwent.

Se avè m yo sèvi

Pou ekri ak fè desen.

Ki sa mwen ye ? (Kreyon)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou evènman nan tèks naratif. Kilès ki ka di m ki sa yon evènman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di tou, yon tèks naratif ka gen plizyè pèsonaj. Kilès ki ka di m ki sa yon pèsonaj ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou panse yon non biznis dwe kòmanse ak yon lèt miniskil ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen

Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. [Ekri mo sa yo sou tablo a : kreyon, choukoun. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 5 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 5 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Chal ak Edit ap **fredone** yon bèl mizik.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **fredone** vle di nan fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **fredone** vle di : **chante tou ba, san ou pa di pawòl ki nan chante a.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fredone**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Anèt fè **konesans** ak direktè lekòl la.

Fraz 2 : Odibè gen anpil **konesans** nan matematik.

1. Mo **konesans** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **konesans** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **konesans** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **konesans** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - [Aprè sa di :] Mo **konesans** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konesans** vle di : **sa yon moun konnen, sa li aprann.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konesans**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **lèt majiskil**.

Nou dwe konnen

1. Yon fraz toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.
2. Non yon moun toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.
3. Non katye ak non peyi toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.
4. Non biznis oswa òganizasyon toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si fraz la pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

- Non yon moun toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Yon fraz pa janm kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Non biznis yo dwe kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Non òganizasyon yo pa kòmanse ak lèt majiskil.
- Non katye ak non peyi toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 5 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) [Tit : Premye jou lekòl]

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou ekspriye emosyon, lide ak santiman.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulyèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 5 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout resitè klas la ap suiv san pale. *[Après chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Après sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa gen lekòl nan tout peyi ?
2. Ki sa elèv yo mete nan valiz yo ?
3. Ki rèv pwofesè yo genyen pou elèv yo ?
4. Pou ki sa yo di « viv lekòl » ?
5. Eske w renmen lekòl ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou lèt majiskil ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di:]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kote dlo lapli soti

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m ki sa li panse ki fè Maryo te wè syèl la gri ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès nou panse, ant Maryo ak Rita ki pi byen konnen kote dlo lapli a soti ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou pwezi. Kilès ki ka di m ki sa yon pwezi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di yon pwezi souvan eksprime santiman. Kilès ki ka di m ki sa yon santiman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou panse non yon peyi dwe kòmanse ak yon lèt miniskil ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 **Marye silab pou li mo (4 minit)**

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen

Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : chanmchanm, moumou. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 6 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 6 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Anpil **vapè** soti nan chodyè a.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **vapè** vle di nan fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **vapè** vle di : **gaz ki monte sou fòm chalè lè yon dlo ap bouyi.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **vapè**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Lèt la pa gen **sik**.

Fraz 2 : Mèt la di lè lalin nan ale aprè sa li tounen yo rele sa **sik** linè.

1. Mo **sik** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **sik** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **sik** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **sik** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - [Aprè sa di :] Mo **sik** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **sik** vle di : **seri fenomèn ki tounen chak fwa nan menm fòm nan.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **sik**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [30 segonn]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [30 segonn]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Ki jan nou konn wè syèl la lè lapli pral tonbe ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
2. Ki kote dlo lapli a soti daprè nou ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
3. Ki sa nou wè lè lapli fin tonbe ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Dlo lapli]**

Jodi a, nou pral li yon tèks enfòmatif.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesan 6 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *[Pran liv elèv la. Li tèks : « Dlo lapli » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]*

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rèz klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès pwofesè a te envite ?
2. Sou ki sa agwonòm Jan Lwi te pale ak elèv yo ?
3. Ki jan nyaj yo fòme ?
4. Kòman yo rele fenomèn dlo lapli a ?
5. Pou ki sa elèv yo te satisfè ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

chanm — flanman — doukounou — fou — joumou

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou jan yo itilize **vigil** nan fraz.

Nou dwe konnen

1. Yon **vigil** se yon siy nou ka itilize anndan yon fraz pou nou separe plizyè eleman.
2. Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **vigil**, nou dwe fè yon ti poz tout kout.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon **vigil** kote nou dwe mete li.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Timoun yo manje pate bonbon sirèt ak piwouli. »]

- M ap li fraz la : **Timoun yo manje pate bonbon sirèt ak piwouli.**
- M ap ekri fraz la ankò. M ap mete yon vigil aprè mo **pate** ak mo **bonbon.**
- Mwen mete vigil aprè mo sa yo paske yo chak se yon eleman nan lis tout sa timoun yo manje.
- M ap li fraz la ankò pandan m ap fè yon ti poz aprè chak vigil mwen wè :
Timoun yo manje pate, bonbon, sirèt ak piwouli.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 6 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Timoun yo manje pate bonbon sirèt ak piwouli.**
- N ap ekri fraz la ankò. N ap mete yon vigil aprè mo **pate** ak mo **bonbon.**
- N ap mete vigil aprè mo sa yo paske yo chak se yon eleman nan lis tout sa timoun yo manje.
- N ap li fraz la ankò pandan n ap fè yon ti poz aprè chak vigil nou wè :
Timoun yo manje pate, bonbon, sirèt ak piwouli.

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Machann sa a vann legim bannan patat.

- **[Aprè sa di :]** Ekri fraz la ankò nan kaye nou pandan n ap mete yon vigil chak kote nou dwe mete li. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 6 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou itilizasyon vigil ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di:]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kote dlo lapli soti

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen fèt an fè oswa ann aliminyòm.

Mwen gen plizyè kalite fòm :

Kare, won, rektang...

Mwèn sèvi pou bouyi dlo,

Bouyi te, fè kafe ak kuit manje.

Mwen sèvi sou fou.

Ki sa mwen ye ? (Chodyè)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks enfòmatif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di tèks enfòmatif la dwe bay enfòmasyon klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon enfòmasyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou ka mete vigil nenpòt kote nan yon fraz ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen

Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : kantin, rasin. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 7 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 7 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : **Agwonòm** yo renmen plant.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **agwonòm** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **agwonòm** vle di : **moun ki etidye metòd ak teknik pou travay latè ak pran swen plant yo.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **agwonòm**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Foutbolè sa a se yon **fenomèn** tèlman li fò.

Fraz 2 : Yon siklòn se yon **fenomèn** natirèl ki ka fè gwo dega.

1. Mo **fenomèn** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **fenomèn** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **fenomèn** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **fenomèn** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di :]* Mo **fenomèn** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **fenomèn** vle di : **evènman natirèl ki rive nan yon epòk oswa toutan.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fenomèn**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Dlo lapli]**

Jodi a, nou pral li menm **tèks enfòmatif** nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 7 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Di tout jan n imajine tan an ka ye lè lapli pral tonbe.
2. Nan tèks la, sou ki sijè yo bay enfòmasyon yo ?
3. Èske fraz sa yo mache ak sa ki di nan tèks la ? Di « Vre » oswa « Pa vre » pou chak fraz.
 - a) Vapè yo soti nan lanmè a.
 - b) Dlo lapli soti nan syèl la.
 - c) Denye etap la se lè lapli a tonbe.
4. Esplike yon ti zanmi w kote dlo lapli soti.

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

pisin — dodin — lasisin — min — Laravin

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou jan yo itilize **vigil** nan fraz.

Nou dwe konnen

1. Yon **vigil** se yon siy nou ka itilize anndan yon fraz pou nou separe plizyè eleman.
2. Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **vigil**, nou dwe fè yon ti poz tout kout.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon **vigil** kote nou dwe mete li.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Janwobè ponpe li danse li fè yon bo pou manman li. »]

- M ap li fraz la : **Janwobè ponpe li danse li fè yon bo pou manman li.**
- M ap ekri fraz la ankò. M ap mete yon vigil aprè mo **ponpe** ak mo **danse**.
- **Janwobè ponpe, li danse, li.**
- fè yon bo pou manman li.
- Mwen mete vigil aprè mo sa yo paske yo chak se yon eleman nan lis aksyon Janwobè te fè yo.
- M ap li fraz la ankò pandan m ap fè yon ti poz aprè chak vigil mwen wè :
Janwobè ponpe, li danse, li fè yon bo pou manman li.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 7 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Janwobè ponpe li danse li fè yon bo pou manman li.**
- N ap ekri fraz la ankò. N ap mete yon vigil aprè mo **ponpe** ak mo **danse**.
- **Janwobè ponpe, li danse, li.**
- fè yon bo pou manman li.
- N ap mete vigil aprè mo sa yo paske yo chak se yon eleman nan lis aksyon Janwobè te fè yo.
- N ap li fraz la ankò pandan n ap fè yon ti poz aprè chak vigil nou wè :
Janwobè ponpe, li danse, li fè yon bo pou manman li.

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Ariyis triblè li choute li fè yon bèl gòl.

- **[Après sa di :]** Ekri fraz la ankò nan kaye nou pandan n ap mete yon vigil chak kote nou dwe mete li. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

- Selon tèks la ki premye etap ki genyen nan sik dlo a ?
- Ki dezyèm etap ki genyen nan sik dlo a ?
- Ki twazyèm etap ki genyen nan sik dlo a ?

c. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

1. Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon fraz** k ap ede nou pwononse mo yo byen. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 7 la pou nou li fraz la. Chak fwa mwen leve men m pi wo n ap li fraz la pi vit epi ak plis fòs. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

2. Kounye a, nou pral li yon lòt fraz. N ap li fraz sa a yon fason ki entèresan. Li dezyèm fraz la. Sonje byen gade siy ponktyasyon ki nan fraz la pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou itilizasyon vigil ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kote dlo lapli soti

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*
 Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.
 Pou ki sa dapre nou, Maryo di Rita pou yo kite plas la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Eskè nou panse timoun yo te konnen kote dlo a te soti pou vin anvayi plas la ? Ki sa ki fè nou wè sa ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 Ki sa nou panse sou esplikasyon pè Riche bay timoun yo ?

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks enfòmatif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Nou te di tèks enfòmatif la dwe bay enfòmasyon klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon enfòmasyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Èske nou ka mete vigil nenpòt kote nan yon fraz ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen
 Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : lalin, machin. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 8 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 8 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : **Traktè** yo netwaye lari a.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **traktè** vle di nan fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **traktè** vle di : **gwo veyikil ki sèvi pou laboure tè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **traktè**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Rolen gen anpil **eksperyans** nan kouti.

Fraz 2 : Jil te fè yon bèl **eksperyans** nan Jakmel.

1. Mo **eksperyans** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **eksperyans** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **eksperyans** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **eksperyans** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - [Aprè sa di :] Mo **eksperyans** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **eksperyans** vle di : **sa yon moun aprann aprè li fin viv yon evènman.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **eksperyans**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

a. Prediksyon daprè tit

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[Ekri tit sa a sou tablo a : **Atansyon pa kapon.**]

[Aprè sa di :] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la. Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki sa yon siklòn ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
2. Ki sa nou konn wè lè gen siklòn ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
3. Ki sa nou konn wè aprè yon siklòn fin pase ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Atansyon pa kapon]**

Jodi a, nou pral li yon tèks enfòmatif.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesan 8 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti apre. *[Pran liv elèv la. Li tèks : « Atansyon pa kapon » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]*

c. Lektid endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout res klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, apre sa n ap reponn yo youn apre lòt.

Kesyon

1. Ki enfòmasyon yo bay sou vil Gonayiv nan kòmansman tèks la ?
2. Ki sa Lameri nan vil la fè lè siklòn pral rive ?
3. Ki sa tout moun nan vil la fè ?
4. Ki sa moun Gonayiv pap janm bliye ?
5. Apre eksperyans 2008 la, ki sa moun Gonayiv wè ki nesese ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

kizin — kin — vaksin — Lasalin — lalin

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou jan yo itilize **vigil** nan fraz.

Nou dwe konnen

1. Yon **vigil** se yon siy nou ka itilize anndan yon fraz pou nou separe plizyè eleman.
2. Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **vigil**, nou dwe fè yon ti poz tout kout.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon **vigil** kote nou dwe mete li.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Lè nou rive match la gentan kòmanse. »]

- M ap li fraz la : **Lè nou rive match la gentan kòmanse.**
- M ap ekri fraz la ankò. M ap mete yon vigil après mo **rive**.
- **Lè nou rive, match la gentan kòmanse.**
- Mwen mete vigil après mo **rive** paske se yon eleman nan fraz la ki entwodui yon lòt eleman.
- M ap li fraz la ankò pandan m ap fè yon ti poz après chak vigil mwen wè :
Lè nou rive, match la gentan kòmanse.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 8 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Lè nou rive match la gentan kòmanse.**
- N ap ekri fraz la ankò. N ap mete yon vigil après mo **rive**.
- **Lè nou rive, match la gentan kòmanse.**
- N ap mete vigil après mo **rive** paske se yon eleman nan fraz la ki entwodui yon lòt eleman.
- N ap li fraz la ankò pandan n ap fè yon ti poz après chak vigil nou wè :
Lè nou rive, match la gentan kòmanse.

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Lè Jil fin monte bis la li wè Anèt te kite plas pou li.

- **[Après sa di :]** Ekri fraz la ankò nan kaye nou pandan n ap mete yon vigil kote nou dwe mete li. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 8 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 8 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou itilizasyon vigil ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kote dlo lapli soti

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gwo machin.

Mwen gen tout kalite fòm,

Mwen rann anpil sèvis.

Yo sèvi avè m pou laboure tè,

Yo sèvi avè m pou charye kann,

Yo sèvi avè m pou fè wout,

Pou chaje kamyon baskil.

Ki sa mwen ye ? (Traktè)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di:] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks enfòmatif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di tèks enfòmatif la dwe bay enfòmasyon klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon enfòmasyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou ka mete vigil nenpòt kote nan yon fraz ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen

Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : **vwalye, swànye, lannuit**. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 9 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 9 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

*Fraz : Moun yo retire tout fatra ki te nan **ravin** nan.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **ravin** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ravin** vle di : **gwo espas ki chaje ak wòch kote dlo pase lè lapli tonbe.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ravin**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

*Fraz 1 : Nou dwe pwoteje **anviwònman** an.*

*Fraz 2 : Albè respekte tout moun ki nan **anviwònman** li.*

1. Mo **anviwònman** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **anviwònman** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **anviwònman** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **anviwònman** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di :]* Mo **anviwònman** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **anviwònman** vle di : **tout plant, tout bèt, lanmè, sous dlo, rivyè, donk tout sa ki antoure moun sou latè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **anviwònman**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3

Li tèks (12 minit) [Tit : Atansyon pa kapon]

Jodi a, nou pral li menm **tèks enfòmatif** nou te te li nan dènye lesan an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesan 9 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa nou panse ki ka rive nan tan siklòn si moun Gonayiv yo pa netwaye ravin ak tourego yo ?
2. Pou ki sa yo di eksperyans 2008 la se te yon move eksperyans pou moun Gonayiv ?
3. Pou ki sa moun Gonayiv yo deside plante anpil pyebwa ?
4. Eskè si gen siklòn nan katye ou, w ap fè menm jan ak moun Gonayiv yo ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

mwa — vwayaj — minui — matmwazèl — nwa

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou jan yo itilize **vigil** nan fraz.

Nou dwe konnen

1. Yon **vigil** se yon siy nou ka itilize anndan yon fraz pou nou separe plizyè eleman.
2. Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **vigil**, nou dwe fè yon ti poz tout kout.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon **vigil** kote nou dwe mete li.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Lapli tonbe van soufle loray gwonde. »]

- M ap li fraz la : **Lapli tonbe van soufle loray gwonde.**
- M ap ekri fraz la ankò. M ap mete yon vigil aprè mo **tonbe** ak mo **soufle**.
- **Lapli tonbe, van soufle, loray gwonde.**
- Mwen mete vigil aprè mo **tonbe** ak mo **soufle** paske chak mo sa yo se yon eleman nan fraz la ki mache ak yon lòt eleman.
- M ap li fraz la ankò pandan m ap fè yon ti poz aprè chak vigil mwen wè : **Lapli tonbe, van soufle, loray gwonde.**

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 9 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Lapli tonbe van soufle loray gwonde.**
- N ap ekri fraz la ankò. N ap mete yon vigil aprè mo **tonbe** ak mo **soufle**.
- **Lapli tonbe, van soufle, loray gwonde.**
- N ap mete vigil aprè mo **tonbe** ak mo **soufle** paske chak mo sa yo se yon eleman nan fraz la ki mache ak yon lòt eleman.
- N ap li fraz la ankò pandan n ap fè yon ti poz aprè chak vigil nou wè : **Lapli tonbe, van soufle, loray gwonde.**

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Moun yo fouye kanal yo ranmase tè ak fatra.

- **[Aprè sa di :]** Ekri fraz la ankò nan kaye nou pandan n ap mete yon vigil kote nou dwe mete li. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

Nan istwa nou sot li a nou aprann plizyè avantaj ki genyen lè nou pwoteje pyebwa yo.

- Ki premye avantaj ki genyen lè nou pwoteje pyebwa yo ?
- Ki dezyèm avantaj ki genyen lè nou pwoteje pyebwa yo ?
- Ki twazyèm avantaj ki genyen lè nou pwoteje pyebwa yo ?

c. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 **Li ak bon ton (3 minit)**

1. Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 9 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*
2. Kounye a, nou pral li yon lòt fraz. N ap li fraz sa a yon fason ki entèresan. Li dezyèm fraz la. Sonje byen gade siy ponktyasyon ki nan fraz la pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou itilizasyon vigil ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kote dlo lapli soti

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

- Mwen pa yon rivyè.**
- Mwen pa yon letan.**
- Mwen se yon gwo dlo.**
- Mwen fè gwo vag lè gen van.**
- Mwen gen gou sale.**
- Yo di mwen gen koulè ble.**
- Bato konn navige sou mwen.**
- Ki sa mwen ye ? (lanmè)**

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks enfòmatif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di tèks enfòmatif la dwe bay enfòmasyon klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon enfòmasyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou ka mete vigil nenpòt kote nan yon fraz ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen
Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : **mapou, lajwa**. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo yo annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 10 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 10 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Rachèl kouri san pran **souf**.

Fraz 2 : Albè pa ka pran **souf** paske chanm nan twò fèmen.

1. Mo **souf** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **souf** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **souf** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay **fidbak**.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **souf** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay **fidbak**.]
 - [Aprè sa di :] Mo **souf** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **souf** vle di : **lè moun rale nan nen yo pou yo respire**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **souf**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Avyon an **ateri** nan ayopò a.

Fraz 2 : Jilyo mache, li mache, jis li **ateri** kay grann li.

1. Mo **ateri** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **ateri** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **ateri** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay **fidbak**.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **ateri** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay **fidbak**.]
 - [Aprè sa di :] Mo **ateri** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ateri** vle di : **rive yon kote**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ateri**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **vigil**.

Nou dwe konnen

1. Yon **vigil** se yon siy nou ka itilize anndan yon fraz pou nou separe plizyè eleman.
2. Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **vigil**, nou dwe fè yon ti poz tout kout.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki gen vigil, n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa gen vigil mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

- Jera renmen benyen nan lapli.
- Devan lakay la, gen yon mesye ki rele Jil.
- Nan rekreyasyon, timoun yo jwe boul, yo sote kòd, yo fè lago.
- Mèt mwen an rele Ari.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 10 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5

Li tèks (20 minit) [Tit : Vwayaj gout dlo]

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 10 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès k ap fè vwayaj la ?
2. Di 4 aksyon li fè pandan vwayaj la.
3. Ki fraz ki vle fè w kwè pèsonaj la se yon moun ?
4. Èske chak liy se yon fraz ? Pou ki sa ?
5. Ki kote gout dlo a soti ? Ki kote l rive ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou itilizasyon vigil ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Idantite mwen

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*
 Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.
 Kilès ki ka di m ki sa Rita ak Maryo fè lè youn deside di lòt non yo, kote yo fèt ak laj yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Pou ki sa, dapre nou, li bon pou yon moun konn prezante tèt li ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou pwezi. Kilès ki ka di m ki sa yon pwezi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Nou te di yon pwezi souvan ekspriye santiman. Kilès ki ka di m ki sa yon santiman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Èske nou panse non yon peyi dwe kòmanse ak yon lèt miniskil ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen
 Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : wòwòt, mawoule, wowoli. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 11 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 11 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ananm ak elèv yo.]

Fraz : Gabriyel se gwo **komedyen**.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **komedyen** vle di nan fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **komedyen** vle di : **moun ki fè metye jwe teyat.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **komedyen**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ananm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Jeneral la reyini **twoup** li.

Fraz 2 : **Twoup** ki nan lekòl la te jwe yon bèl pyès teyat.

1. Mo **twoup** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **twoup** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **twoup** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **twoup** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - [Aprè sa di :] Mo **twoup** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **twoup** vle di : **gwoup komedyen.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **twoup**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ananm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. **Prediksyon dapre desen**

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [30 segonn]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [30 segonn]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]

b. **Kontèks tèks la**

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka pale de yon pyès teyat li te wè deja ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
2. Ki jan yo rele moun ki jwe nan yon pyès teyat ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
3. Ki jan yo rele espas kote aktè yo jwe pyès teyat la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit)** [Tit : *Languichat Debòdis*]

Tèks nou pral li jodi a se yon **biyografi**.

Nou dwe

1. Yon **byografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li bay yon seri enfòmasyon sou sa moun nan fè pandan l ap viv.
2. Lè se moun nan ki bay enfòmasyon sou pwòp vi pa li, yo rele tèks la **otobiyografi**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 11 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. [*Pran liv elèv la, ale nan paj leson 11 la.*]

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès k ap pale de Languichatte nan istwa a ?
2. Ki kote li fèt ?
3. Ki sa li te konn fè ?
4. Ki bon non Languichatte ?
5. Pou ki sa tout moun te renmen pyès teyat li yo ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

kawòt — wòl — tikawòl — wotè — wou — mawoule

Aktivite 5 **Gramè (8 minit)**

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou jan yo itilize **pwen** nan fraz.

Nou dwe

1. Yon **pwen** se yon siy nou itilize pou nou fini yon fraz.
2. Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **pwen**, nou dwe fè yon poz epi nou bay vwa nou ton ki montre fraz la fini.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon **pwen** kote nou dwe mete li.

Tou pa m

[**Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Mwen rele Abèl Lwisen . »**]

- M ap li fraz la : **Mwen rele Abèl Lwisen**
- M ap ekri fraz la ankò. M ap mete yon **pwen** aprè mo **Lwisen**.
- Mwen mete **pwen** aprè mo **Lwisen** paske se dènye mo nan fraz la.
- M ap li fraz la ankò pandan m ap fè yon ti poz aprè **pwen** an epi m ap bay vwa mwen yon ton ki montre fraz la fini: **Mwen rele Abèl Lwisen**.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj 11 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Mwen rele Abèl Lwisen**
- N ap ekri fraz la ankò. N ap mete yon **pwen** aprè mo **Lwisen**.
- Nou mete **pwen** aprè mo **Lwisen** paske se dènye mo nan fraz la.
- N ap li fraz la ankò pandan n ap fè yon ti poz aprè **pwen** an epi n ap bay vwa nou ton ki montre nou yon ton ki montre fraz la fini : **Mwen rele Abèl Lwisen**

Tou pa nou

[**Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.**]

Manman m renmen koulè ble

- [**Après sa di :**] Ekri fraz la ankò nan kaye nou pandan n ap mete yon **pwen** kote nou dwe mete li. [**Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Verifye epi di :**]
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 11 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [**Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.**]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [**Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.**]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou jan yo itilize pwen nan fraz ? [**Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.**]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [**Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.**]
4. [**Après sa di :**] Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Idantite mwen

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon atis menm jan ak tout atis.
Mwen pa konn jwe mizik ni fè tablo.
Lè m ap pèfòme, tout moun kontan.
Pafwa mwen pale, danse, chante,
Fè grimas pou piblik mwen.
Meteye m se fè teyat pou moun ri.
Se poutèt sa, anpil moun di mwen komik.
Ki sa mwen ye ? (komedyen oswa aktè)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou biyografi. Kilès ki ka di m ki sa yon biyografi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Nou te pale sou otobiyografi tou. Kilès ki ka di m ki sa yon otobiyografi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Èske nou panse nou ka mete yon pwen nenpòt kote nan yon fraz ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 **Marye silab pou li mo (4 minit)**

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen
 Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : **devwe, aswè, kwit**. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 12 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 12 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Toujou gen bèl pwogram nan **Teyat** nasyonal.

Fraz 2 : Mwen te jwe nan yon bèl pyès **teyat** ane pase.

1. Mo **teyat** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **teyat** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **teyat** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay **fidbak**.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **teyat** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay **fidbak**.]
 - [Aprè sa di :] Mo **teyat** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **teyat** vle di : **kategori tèks ki fèt pou komedyen jwe sou sèn.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **teyat**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay **fidbak**.]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Bòs mason sa a bati sis **pyès** kay.

Fraz 2 : Lè mwen nan **Teyat Nasyonal**, mwen gade yon bèl **pyès**.

1. Mo **pyès** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **pyès** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **pyès** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay **fidbak**.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **pyès** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay **fidbak**.]
 - [Aprè sa di :] Mo **pyès** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pyès** vle di : **tèks ki ekri pou komedyen jwe sou yon sèn devan yon piblik oswa nan radyo oubyen nan televizyon.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pyès**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay **fidbak**.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : Yon elèv modèl]

Jodi a, nou pral li menm **biyografi** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe

1. Yon **biyografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li bay yon seri enfòmasyon sou sa moun nan fè pandan l ap viv.
2. Lè se moun nan ki bay enfòmasyon sou pwòp vi pa li, yo rele tèks la **otobiyografi**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 12 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

nan paj leson 1 an.]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rèz klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. A ki laj Languichatte te kòmanse ekri pyès teyat ?
2. Pou ki sa yo te vin pase pyès teyat li yo nan televizyon ?
3. Daprè ou èske pyès teyat Languichatte yo fè moun ri sèlman ? Pou ki sa ?
4. Èske ou renmen gade oswa ale nan teyat ? Bay de rezon pou sa.

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

kwè — swete — kwit — devwe — avwe — swe

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou jan yo itilize **pwen esklamasyon** nan fraz. *[Montre elèv yo jan pwen esklamasyon an fèt anvan ou kontinye.]*

Nou dwe

1. Yon **pwen esklamasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz lè fraz la eksprime admirasyon oswa lè li montre yon moun sezi.
2. Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **pwen esklamasyon**, nou dwe fè yon ti poz epi nou bay vwa nou ton ki montre nou admire yon bagay oswa nou sezi.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon **pwen esklamasyon** kote nou dwe mete li.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a

konsa : « Gade yon bèl kay. »]

- M ap li fraz la : **Gade yon bèl kay.**
- M ap ekri fraz la ankò.
M ap mete yon **pwen esklamasyon** aprè mo **kay.**
- Mwen mete **pwen esklamasyon** aprè mo **kay** paske se dènye mo nan fraz la epi fraz sa a sanble eksprime yon admirasyon.
- M ap li fraz la ankò pandan m ap fè yon ti poz aprè **pwen esklamasyon** an epi m ap bay vwa mwen ton ki montre mwen admire kay la : **Gade yon bèl kay !**

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 12 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Gade yon bèl kay.**
- An n ekri fraz la ankò.
N ap mete yon **pwen esklamasyon** aprè mo **kay.**
- Nou mete **pwen esklamasyon** aprè mo **kay** paske se dènye mo nan fraz la epi fraz sa a sanble eksprime yon admirasyon.
- An n li fraz la ankò pandan n ap fè yon ti poz aprè **pwen esklamasyon** an epi n ap bay vwa nou ton ki montre nou admire kay la : **Gade yon bèl kay !**

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Elèv yo pase, weee

- **[Après sa di :]** Ekri fraz la ankò nan kaye nou pandan n ap mete yon **pwen esklamasyon** kote nou dwe mete li. **[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Verifye epi di :]**
- Li fraz la pandan n ap bay vwa nou yon ton ki eksprime yon admirasyon.
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5

Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a.

M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la.

[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

- Nan ki lane Théodore Beaubrun fèt ?
- Nan ki lekòl li te pase ?
- Ki non atis Théodore Beaubrun ?
- Ki aktivite li renmen fè ?
- Site tit de pyès teyat Théodore Beaubrun ekri ?

c. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon fraz** k ap ede nou pwononse mo yo byen. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 12 la pou nou li fraz la. Chak fwa mwen leve men m pi wo n ap li fraz la pi vit epi ak plis fòs. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Kounye a, nou pral li yon lòt fraz. N ap li fraz sa a yon fason ki entèresan. Li dezyèm fraz la. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan fraz la pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou pwèn esklamasyon ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Idantite mwen

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl Rita yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl Maryo yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou biyografi. Kilès ki ka di m ki sa yon biyografi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te pale sou otobiyografi tou. Kilès ki ka di m ki sa yon otobiyografi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Pou ki sa yo mete pwen esklamasyon nan fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 **Marye silab pou li mo (4 minit)**

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen

Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : **wonpwen, nanpwen**. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 13 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 13 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Odibè pa peye lekòl paske se elèv lise li ye.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **lise** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **lise** vle di : **lekòl segondè ki sou kont leta.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lise**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Nou fòmè yon komite pou nou òganize yon fèt.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **komite** vle di nan fraz la? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **komite** vle di : **gwoup elèv ki gen responsablite nan yon klas.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **komite**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon dapre desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

- [Montre desen an epi di :]*
1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. *[30 segonn]*
 2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
 3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

- Kesyon yo :
1. Kilès ki konnen ki sa yon komite klas ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
 2. Kilès ki konn patisipe nan komite klas li deja ? Ki sa nou konn fè ? *[? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
 3. Ki jan nou ka ede lekòl nou rete pi pwòp ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Yon elèv modèl]**

Jodi a, nou pral li yon lòt **biyografi**.

Nou dwe

1. Yon **byografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li bay yon seri enfòmasyon sou sa moun nan fè pandan l ap viv.
2. Lè se moun nan ki bay enfòmasyon sou pwòp vi pa li, yo rele tèks la **otobiyografi**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 12 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *[Pran liv elèv la, ale nan paj leson 13 la.]*

c. Lektè endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès k ap pale de Jèlin Toma ?
2. Ki kote Jèlin abite ?
3. Ki sa l konn fè nan komite a ?
4. Pou ki sa Jèlin te voye lèt bay lòt klas yo ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

kwen — pwen — nanpwen — lwen — marengwen — pwen

Aktivite 5 **Gramè (8 minit)**

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou jan yo itilize pwen **esklamasyon** nan fraz. *[Montre elèv yon jan pwen esklamasyon an fèt avan ou kontinye.]*

Nou dwe

1. Yon **pwen esklamasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz lè fraz la eksprime admirasyon oswa lè li montre yon moun sezi.
2. Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **pwen esklamasyon**, nou dwe fè yon ti poz epi nou bay vwa nou ton ki montre nou admire yon bagay oswa nou sezi.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon **pwen esklamasyon** kote nou dwe mete li.

Tou pa m 

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Gade jan Lik tonbe. »]

- M ap li fraz la : **Gade jan Lik tonbe.**
- M ap ekri fraz la ankò.
M ap mete yon **pwen esklamasyon** aprè mo **tonbe.**
- Mwen mete **pwen esklamasyon** aprè mo **tombe** paske se dènye mo nan fraz la epi fraz sa a montre yon sezisman.
- M ap li fraz la ankò pandan m ap fè yon ti poz aprè **pwen esklamasyon** an epi m ap bay vwa mwen ton ki montre yon sezisman : **Gade Jan Lik tonbe !**

An n fè l ansanm 

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 13 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Gade jan Lik tonbe.**
- An n ekri fraz la ankò.
N ap mete yon **pwen esklamasyon** aprè mo **tonbe.**
- Nou mete **pwen esklamasyon** aprè mo **tonbe** paske se dènye mo nan fraz la epi fraz sa a montre yon sezisman.
- An n li fraz la ankò pandan n ap fè yon ti poz aprè **pwen esklamasyon** an epi n ap bay vwa nou ton ki montre yon sezisman : **Gade jan Lik tonbe !**

Tou pa nou 

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

- Gade gwosè yon kap.**
- **[Après sa di :]** Ekri fraz la ankò nan kaye nou pandan n ap mete yon **pwen esklamasyon** kote nou dwe mete li. **[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Verifye epi di :]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 13 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. **[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]**

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 15 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fdbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou pwen esklamasyon ? *[Bay fdbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fdbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Idantite mwen

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gwo responsab.

Souvan yo rele m dirijan.

Lè mwen dirije komite klas,

Lè mwen responsab konbit,

Lè mwen dirije plizyè asosiyasyon,

Mwen toujou gen menm non an.

Menm lè m abite nan yon palè

Pou m dirije yon peyi, m gen menm non an.

Kilès mwen ye ? (Prezidan)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di:] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou biyografi. Kilès ki ka di m ki sa yon biyografi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te pale sou otobiyografi tou. Kilès ki ka di m ki sa yon otobiyografi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Pou ki sa yo mete pwen esklamasyon nan fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen

Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : **benyen, nasyon**. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 14 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 14 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Anndan **gwòt** la fè nwa.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **pwojè** vle di nan fraz la? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pwojè** vle di : **sa yon moun gen entansyon fè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pwojè**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Elèv dezyèm ane yo **potekole** ak nou pou reyalize yon bèl fèt.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **potekole** vle di nan fraz la? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **potekole** vle di : **bay kout men pa w nan yon aktivite.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **potekole**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Yon elèv modèl]**

Jodi a, nou pral li menm **biyografi** nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe

1. Yon **biyografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li bay yon seri enfòmasyon sou sa moun nan fè pandan l ap viv.
2. Lè se moun nan ki bay enfòmasyon sou pwòp vi pa li, yo rele tèks la **otobiyografi**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 14 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa lavi a pa t fasil pou Jèlin ?
2. Ki rèv Jèlin te geyen ?
3. Ak ki non ou ka ranplase mo « mwen » nan tèks la ?
4. Èske w renmen rèv Jèlin genyen an ? Pou ki sa ?
5. Ki rèv ou genyen pou w itil zòn ou ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

byen — zonyen — emosyon — asiyen — pyon — panyen

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou jan yo itilize **pwen entèwogasyon** nan fraz. *[Montre elèv yon jan pwen esklamasyon an fèt anvan ou kontinye.]*

Nou dwe konnen

1. Yon **pwen entèwogasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz pou nou montre se yon kesyon ki poze.
2. Lè n ap li, chak fwa nou wè yon **pwen entèwogasyon**, nou dwe fè yon poz epi bay vwa nou ton ki montre se yon kesyon n ap poze.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap mete yon **pwen entèwogasyon** kote nou dwe mete li.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Ki jwèt ou pi renmen »]

- M ap li fraz la : **Ki jwèt ou pi renmen**
- M ap ekri fraz la ankò.
M ap mete yon **pwen entèwogasyon** aprè mo **renmen**.
- Mwen mete **pwen entèwogasyon** aprè mo **renmen** paske se dènye mo nan fraz la epi fraz sa a sanble yon kesyon.
- M ap li fraz la ankò pandan m ap fè yon ti poz aprè **pwen entèwogasyon** an. M ap bay vwa mwen yon ton ki montre fraz la se yon kesyon : **Ki jwèt ou pi renmen ?**

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 14 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Ki jwèt ou pi renmen**
- N ap ekri fraz la ankò.
N ap mete yon **pwen entèwogasyon** aprè mo **renmen**.
- Nou mete **pwen esklamasyon** aprè mo **renmen** paske se dènye mo nan fraz la epi fraz sa a sanble yon kesyon.
- N ap li fraz la ankò pandan n ap fè yon ti poz aprè **pwen entèwogasyon** an. N ap bay vwa nou yon ton ki montre fraz la se yon kesyon : **Ki jwèt ou pi renmen ?**

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

- Pou ki sa nou dwe li chak jou**
- *[Après sa di :]* Ekri fraz la ankò nan kaye nou pandan n ap mete yon **pwen entèwogasyon** kote nou dwe mete li. *[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Verifye epi di :]*
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

- Nan ki ane ou fèt ?
- Nan ki katye w ap viv ?
- Ki non tout non ou (non ak siyati) ?
- Ekri de kalite ou genyen.
- Ekri de aktivite ou renmen fè.

c. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon fraz** k ap ede nou pwononse mo yo byen. Tounen nan liv la. Ale nan paj lesan 14 la pou nou li fraz la. Chak fwa mwen leve men m pi wo n ap li fraz la pi vit epi ak plis fòs. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Kounye a, nou pral li yon lòt fraz. N ap li fraz sa a yon fason ki entèresan. Li dezyèm fraz la. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan fraz la pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan lesan jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesan an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesan an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou pwen entèwogasyon ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesan an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Après sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Idantite mwen

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen pa lalin, mwen pa zetwal.
Mwen tankou yon gwo riban.
Mwen gen plizyè koulè.
Timoun kou granmoun renmen wè m.
Mwen parèt nan syèl la,
Chak fwa yon gwo lapli fin tonbe.
Ki sa mwen ye ? (lakansyèl)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou biyografi. Kilès ki ka di m ki sa yon biyografi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te pale sou otobiyografi tou. Kilès ki ka di m ki sa yon otobiyografi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Pou ki sa yo mete pwèn entèwogasyon nan fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou li mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou li mo.

Nou dwe konnen
 Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. *[Ekri mo sa yo sou tablo a : **rankontre, antrave**. Aprè sa, separe yo an silab. Di chak silab ansanm ak elèv yo epi mande yo li mo a annantye.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 15 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 15 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : **Lakansyel** gen anpil bèl koulè.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **lakansyèl** vle di nan fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **lakansyèl** vle di : **fòm koube ki gen plizyè koulè ki parèt nan syèl la lè lapli fin tonbe.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lakansyèl**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Nan plèn Akayè peyizan yo fè **kilti** bannann.

Fraz 2 : Kanaval se yon gwo fèt nan **kilti** peyi d Ayiti.

1. Mo **kilti** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **kilti** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **kilti** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **kilti** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - [Aprè sa di :] Mo **kilti** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kilti** vle di : **tout sa yon pèp fè nan fason li viv epi ki fè li diferan de yon lòt pèp.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kilti**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè aktivite sou itilizasyon **pwen**, **pwen esklamasyon** ak **pwen entèwogasyon** nan fraz.

Nou dwe

1. Yon **pwen** se yon siy nou itilize pou nou fini yon fraz.
2. Yon **pwen esklamasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz lè fraz la eksprime admirasyon oswa lè li montre yon moun sezi.
3. Yon **pwen entèwogasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz pou nou montre se yon kesyon ki poze.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si fraz la pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

- Nou ka mete yon **pwen** nan mitan yon fraz.
- Yon **pwen eksklamasyon** sèvi pou montre fraz la ekspri yon admirasyon.
- Yon **pwen entèwogasyon** sèvi pou montre fraz la ekspri yon sezisman.
- Yon **pwen entèwogasyon** sèvi pou montre fraz la se yon kesyon.

Aktivite 4 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 15 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5 **Li tèks (20 minit) [Tit : Peyi mwen]**

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou ekspri emosyon, lide ak santiman.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 15 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout res klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki gwoup mo yo repete nan tèks sa a ? Nan ki moman istwa a pase ?
2. Èske tèks sa a se yon pwezi ? Pou ki sa ?
3. Sou ki sa yo pale nan tèks sa ?
4. Site 3 eleman ki fè peyi a bèl.
5. Èske w renmen peyi w? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou itilizasyon pwen, pwen esklamasyon ak pwen entèwogasyon ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè oute esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Lavi nan kominote a

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*
 Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.
 Eske nou panse se yon bon lide lè Rita di l ap ekri Albè yon lèt pou fè li konnen jan katye a vin bèl ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 Kilès ki ka di m ki konsèy li t ap bay Maryo si li te nan plas Rita ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Èske nou panse nou ka fè yon fraz ki poze yon kesyon san nou pa mete pwen entèwogasyon dèyè li ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou pwezi. Kilès ki ka di m ki sa yon pwezi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Nou te di tèks naratif la gen evènman ladan li. Kilès ki ka di m ki sa yon evènman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Èske nou panse nou ka fè yon fraz ki poze yon kesyon san nou pa mete pwen entèwogasyon dèyè li ?
 Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Sèvi ak prefiks pou fòme mo (5 minit)

Kounye a, nou pral aprann sèvi ak prefiks pou nou fòme mo.

a. Egzanp prefiks

[Ekri mo sa yo sou tablo a : monte, demonte. Epi di :]
 Gade de mo sa yo byen epi mande tèt nou ki sa ki diferan ladan yo. *[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa mande yo :]*
 – Kilès ki ka di m ki sa sanble nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 – Kilès ki ka di m ki sa diferan nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

[Di :]
 – Nan tou lè twa mo yo nou jwen **monte**.
 – Nan mo demonte si nou antoure **monte** n ap rete silab **de**. Donk, lè nou mete silab **de** devan mo **monte**, li fè yon lòt mo : **demonte**.
 – Tout silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo rele prefiks.

Nou dwe konnen
 Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo.

b. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 16 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 16 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. *[Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]*

Fraz : Machann yo **fatige** jodi a.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **fatige** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **fatige** vle di : **ki pèdi fòs, ki pa gen enèji, ki delala.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fatige**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. *[Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]*

Fraz 1 : Silfiz toujou **panse** ak zanmi li yo.

Fraz 2 : Doktè a **panse** malad la.

1. Mo **panse** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **panse** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **panse** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **panse** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di :]* Mo **panse** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **panse** vle di : **sonje yon moun.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **panse**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzèsis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon dapre desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn li oubyen wè yon lèt deja ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. Èske l gen menm fòm ak lòt tèks yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
3. Kilès ki konn ekri w deja ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
4. Èske nou konn voye lèt bay zanmi ou deja ? Nan ki okazyon ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4

Li tèks (2 minit) [Tit : Lèt Sara pou zanmi li Jisièn]

Tèks nou pral li jodi a se yon lèt.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
2. Nou ka ekri yon **lèt pèsònèl** oswa yon **lèt ofisyèl**.
3. **Lèt pèsònèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
4. **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan Leta oswa lòt kote.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 16 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *[Pran liv elèv la, ale nan paj leson 16 la.]*

c. Lektè endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès ki ekri lèt la ?
2. Kilès k ap resevwa lèt la ?
3. Nan ki dat lèt la fèt ?
4. Ki kote yo te vizite ?
5. Ki bò zanmi yo konn rankontre ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral li yon seri fraz. Chak fwa mwen fè yon poz, n ap fè yon jès ak dwèt nou ki montre siy ponktyasyon ki koresponn ak ton ki mache ak vwa mwen.

Aliks fè devwa li, li benyen, li dòmi. / Èske Jizèl leve deja ? / Ala bèl rivyè sa a bèl !

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **fraz**.

Nou dwe konnen

1. Yon **fraz** se yon gwoup mo ki byen ranje pou li gen yon sans.
2. Yon **fraz** toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwèn, yon pwèn entèwogasyon oswa yon pwèn eksklamasyon.

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou fraz. M ap li fraz la aprè sa m ap pase yon trè anba gwoup predika a.

Tou pa m



[Ekri gwoup mo sa a sou tablo a konsa : « Jilbèt Sodo vizite al »]

M ap li gwoup mo a : **Jilbèt Sodo vizite al.**

- Jan gwoup mo sa a ranje a, li pa gen sans. Donk li pa yon fraz.
- M ap ranje gwoup mo a pou mwen ekri yon fraz ki gen sans.
- **Jilbèt al vizite Sodo.**
- Kounye a, gwoup mo a gen yon sans donk li se yon fraz.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesan 16 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

An n li gwoup mo a : **Jilbèt Sodo vizite al.**

- Jan gwoup mo sa a ranje a, li pa gen sans. Donk li pa yon fraz.
- N ap ranje gwoup mo a pou nou ekri yon fraz ki gen sans.
- **Jilbèt al vizite Sodo.**
- Kounye a, gwoup mo a gen yon sans donk li se yon fraz.

Tou pa nou



[Li dezyèm gwoup mo a ansanm ak elèv yo.]

Bèna benyen rivyè nan ap a.

- **[Aprè sa di :]** Ranje gwoup mo a pou nou ekri yon fraz ki gen sans **[Bay elèv yo 30 segonn.]**

Bèna ap benyen nan rivyè a.

- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 16 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. **[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]**

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou fraz ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di:]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Lavi nan kominote a

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon fwi.

Mwen donnen an grap.

Mwen gen koulè jòn oswa vèt.

Yo keyi m ak gòl oswa ak men.

Yo bwè dlo m, yo manje nannan m.

Yo sèvi ak nannan m pou fè tablèt.

Ki sa mwen ye ? (kokoye)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te li yon lèt. Kilès ki ka di m ki sa yon lèt genyen ki fè li diferan ak lòt tèks yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te gen lèt pèsònèl ak lèt ofisyèl. Kilès ki ka di m ki lè yon lèt pèsònèl ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou panse si nou ranje mo yo nenpòt jan nan yon fraz, fraz la ap gen sans ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Sèvi ak prefiks pou fòme mo (5 minit)

Kounye a, nou pral aprann sèvi ak prefiks pou nou fòme mo.

a. Egzanp prefiks

[Ekri mo sa yo sou tablo a : reyèl, ireyèl. Epi di :]

Gade de mo sa yo byen epi mande tèt nou ki sa ki diferan landan yo. *[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa mande yo :]*

- Kilès ki ka di m ki sa sanble nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
- Kilès ki ka di m ki sa diferan nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

[Di :]

- Nan tou lè de mo yo nou jwen **reyèl**.
- Nan mo mo ireyèl si nou antoure **reyèl** n ap rete silab **i**. Donk, lè nou mete silab **i** devan mo **reyèl**, li fè yon lòt mo : **ireyèl**.
- Tout silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo rele prefiks.

Nou dwe

Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo.

b. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 17 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 17 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

*Fraz : Gen anpil touris ki vizite **Sodo** ane sa a.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **Sodo** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **Sodo** vle di : **pwovens nan peyi d Ayiti kote anpil moun toujou al fete chak mwa jiyè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **Sodo**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

*Fraz 1 : Ton jak **sou** depi yèswa.*

*Fraz 2 : Dlo a soti **sou** tèt mòn nan.*

Mo **sou** repete nan tou de fraz yo.

– Èske mo **sou** gen menm sans nan tou de fraz yo ?

– Kilès ki ka di m ki sa mo **sou** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

– Kilès ki ka di m ki sa mo **sou** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

– *[Aprè sa di :]* Mo **sou** gen yon sans diferan nan chak fraz.

1. Nan tèks nou pral li jodi a, **sou** vle di : **ki anlè.**

2. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **sou**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : Lèt Sara pou zanmi li Jislèn]

Jodi a, nou pral li menm **lèt** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
2. Nou ka ekri yon **lèt pèsònèl** oswa yon **lèt ofisyèl**.
3. **Lèt pèsònèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
4. **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan Leta oswa lòt kote.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 17 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li lèt la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li lèt la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Nan ki epòk Sara te ekri zanmi l la ?
2. Pou ki sa Sara di l p ap janm bliye vizit la ?
3. Si w t ap fè repons lèt la ki sa w t ap di ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral li yon seri fraz. Chak fwa mwen fè yon poz, n ap fè yon jès ak dwèt nou ki montre siy ponktyasyon ki koresponn ak ton ki mache ak vwa mwen.

Jilbèt rive byen bonè. / Oo ! Gade jan yon solèy cho ! / Pou ki sa ou pa chita ?

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **fraz**.

Nou dwe konnen

Yon **fraz** gen de pati ladan l : yon **gwoup sijè** ak yon **gwoup predika**.

Kounye a, nou pral aprann ki jan pou nou separe yon fraz an de gwoup.

Tou pa m 

[*Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Sara ale nan fèt drapo. »*]

- M ap li fraz la : **Sara ale nan fèt drapo.**
- M ap pase yon trè pou mwen separe fraz la an de pati.
- **Sara / ale nan fèt drapo.**
- [*Pase yon trè anba premye pati fraz la epi di.*] Premye pati fraz la se : Sara.
- Pati sa a se gwoup sijè nan fraz la.
- [*Pase 2 trè anba dezyèm pati fraz la epi di.*] Dezyèm pati fraz la se : **ale nan fèt Sodo**
- Pati sa a se gwoup predika nan fraz la.

An n fè l ansanm 

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 17 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Sara ale nan fèt drapo.**
- N ap pase yon trè pou nou separe fraz la an de pati. **Sara / ale nan fèt drapo.**
- N ap pase yon trè anba premye pati fraz la : **Sara.** Pati sa a se gwoup sijè nan fraz la.
- N ap pase 2 trè anba dezyèm pati fraz la : **ale nan fèt Sodo.**
- Pati sa a se gwoup predika nan fraz la.

Tou pa nou 

[*Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.*]

Elèv yo ap fè l ago.

- [*Après sa di :*] Pase yon trè pou nou separe fraz la an de pati.
- [*Bay elèv yo 10 segonn.*] **Elèv yo / ap fè l ago.**
- Pase yon trè anba gwoup sijè a : **Elèv yo**
- Pase de trè anba gwoup predika a : **ap fè l ago.**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. [*Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.*]

- Ki jwèt ou pi renmen fè ?
- Ki matyè ou pi renmen nan klas la ?
- Site non de pami zanmi ou yo ?
- Ki jan mèt ou a rele ane sa a ?

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèesan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 17 la pou nou li fraz la. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. [*Li fraz yo pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.*]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou fraz ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Lavi nan kominote a

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

- Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. **[Bay elèv yo 30 segonn.]**
- Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan bann desine a.
- Eske nou panse se yon bon lide lè Rita di l ap ekri Albè yon lèt pou fè li konnen jan katye a vin bèl ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
- Kilès ki ka di m ki sa Rita te deside ekri nan lèt la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
- Èske nou panse sa Rita deside mete nan lèt la ase pou fè yon katye bèl ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**

Rapèl

Nan dènye leson an nou te li yon lèt. Kilès ki ka di m ki sa yon lèt ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**

Nou te gen lèt pèsonèl ak lèt ofisyèl. Kilès ki ka di m ki sa yon lèt ofisyèl ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**

Kilès ki ka di m konbyen gwoup yon fraz kòrèk dwe genyen ? Ki jan yo rele ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**

Aktivite 1 Sèvi ak prefiks pou fòme mo (5 minit)

Kounye a, nou pral aprann sèvi ak prefiks pou nou fòme mo.

a. Egzanp prefiks

[Ekri mo sa yo sou tablo a : onèt, malonèt. Epi di :]

Gade de mo sa yo byen epi mande tèt nou ki sa ki diferan landan yo. **[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa mande yo :]**

- Kilès ki ka di m ki sa ki sanble nan 2 mo sa yo ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
- Kilès ki ka di m ki sa ki diferan nan 2 mo sa yo ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**

[Di :]

- Nan tou lè de mo yo nou jwen **onèt**.
- Nan mo malonèt si nou antoure **onèt** n ap rete silab **mal**. Donk, lè nou mete silab **mal** devan mo **onèt**, li fè yon lòt mo : **malonèt**.
- Tout silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo rele prefiks.

Nou dwe

Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo.

b. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 18 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 18 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. *[Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]*

*Fraz : Direktè lekòl la **òganize** yon bèl fèt.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **òganize** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **òganize** vle di : **planifye, fè tout preparasyon pou yon aktivite.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **òganize**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. *[Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]*

*Fraz 1 : Mèt la bay chak elèv yon **plas**.*

*Fraz 2 : Chak dimanch Jozafa ale sou **plas** la.*

1. Mo **plas** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **plas** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **plas** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Après sa di :]* Mo **plas** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **plas** vle di : **espas lib ki byen ranje kote moun ka vin pwomennen, jwe oswa fè fèt.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **plas**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzèsis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn ale sou plas deja ? Ki sa nou konn wè sou yon plas ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Lè nou gen yon zanmi nou ki rete lwen ki sa nou fè pou nou toujou kenbe amitye a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
3. Ki sa nou ka fè pou nou fè kè yon zanmi nou kontan ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Lèt Sègo pou zanmi li Albè]**

Nou pral li yon lòt lòt jodi a.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
2. Nou ka ekri yon **lèt pèsònèl** oswa yon **lèt ofisyèl**.
3. **Lèt pèsònèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
4. **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan Leta oswa lòt kote.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 18 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. **[Pran liv elèv la, ale nan paj leson 18 la.]**

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan yo rele moun ki ekri lèt la ?
2. Ki kote l rete ?
3. Ki jan yo rele moun k ap li lèt la ?
4. Ki chanjman li di zanmi li an ki gen sou katye a ?
5. Ki sa zanmi an mande l ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral li yon seri fraz. Chak fwa mwen fè yon poz, n ap fè yon jès ak dwèt nou ki montre si yon ponktiyasyon ki koresponn ak ton ki mache ak vwa mwen.

Weee ! Men manman m ! / Jozèl vini ? / Li pa ko vini non.

Aktivite 5 **Gramè (8 minit)**

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwoup sijè** ki nan yon fraz.

Nou dwe konnen

Gwoup sijè a se mo ki fè nou wè sou kilès oswa sou ki sa yo pale nan **gwoup predika** a.

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou fraz. M ap li fraz la aprè sa m ap pase yon trè anba gwoup predika a.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Reno ap monte kap. »]

- M ap li fraz la : **Reno ap monte kap.**
- Mwen pral chèche gwoup sijè a nan fraz la.
- M ap mande tèt mwen : kilès ki ap monte kap ?
- Se Reno ki ap monte kap
- Donk gwoup sijè a se **Reno** paske se Reno ki ap monte kap la.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson18 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Reno ap monte kap.**
- An n chèche gwoup sijè a nan fraz la.
- An n mande mande tèt nou : kilès ki ap monte kap ?
- Se Reno ki ap monte kap la
- Gwoup sijè a se **Reno** paske se Reno ki ap monte kap la.

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

Jakòt ap etidye leson li.

- **[Aprè sa di :]** Pase yon trè anba gwoup sijè a.
 - **Jakòt ap etidye leson li.**
 - Kilès ki ka li gwoup sijè a pou mwen ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
 - li jwenn gwoup sijè a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 **Egzèsis nan kaye (10 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 18 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 20 la nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup sijè** nan yon fraz ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Lavi nan kominote a

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon jwèt.

Yo fè m ak fè oswa ak kawoutchou.

Mwen se yon chèz.

Yo mare m anlè.

Timoun kou granmoun

Renmen chita sou mwen.

Mwen balanse devan ak dèyè.

Ki sa mwen ye ? (balansin)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di:] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te li yon lèt. Kilès ki ka di m ki sa yon lèt genyen ki fè li diferan ak yon lòt tèks ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te gen lèt pèsònèl ak lèt ofisyèl. Kilès ki ka di m ki lè yon lèt ofisyèl ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès ki ka di m ki sa yon gwoup sijè ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Sèvi ak prefiks pou fòme mo (5 minit)

Kounye a, nou pral aprann sèvi ak prefiks pou nou fòme mo.

a. Egzanp prefiks

[Ekri mo sa yo sou tablo a : fè, refè. Epi di:]

Gade de mo sa yo byen epi mande tèt nou ki sa ki diferan landan yo. *[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa mande yo:]*

- Kilès ki ka di m ki sa ki sanble nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
- Kilès ki ka di m ki sa ki diferan nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

[Di:]

- Nan tou lè de mo yo nou jwen **fè**.
- Nan mo refè, si nou antoure **fè** n ap rete silab **re**. Donk, lè nou mete silab **re** devan mo **fè**, li fè yon lòt mo : **refè**.
- Tout silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo rele prefiks.

Nou dwe konnen

Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo.

b. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 19 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 19 la pou nou fè egzèsis # 1 an. [*Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.*]

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Inifòm Magi a tou **nèf**.

Fraz 2 : Ketya achte **nèf** goud zaboka.

1. Mo **nèf** repete nan tou de fraz yo.

– Èske mo **nèf** gen menm sans nan tou de fraz yo ?

– Kilès ki ka di m ki sa mo **nèf** vle di nan premye fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

– Kilès ki ka di m ki sa mo **nèf** vle di nan dezyèm fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

– [*Aprè sa di :*] Mo **nèf** gen yon sans diferan nan chak fraz.

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **nèf** vle di : **ki pako sèvi, ki fèk achte.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **nèf**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Yolèn **kite** lekòl la.

Fraz 2 : Toma **kite** manje pou papa li.

Mo **kite** repete nan tou de fraz yo.

– Èske mo **kite** gen menm sans nan tou de fraz yo ?

– Kilès ki ka di m ki sa mo **kite** vle di nan premye fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

– Kilès ki ka di m ki sa mo **kite** vle di nan dezyèm fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

– [*Aprè sa di :*] Mo **kite** gen yon sans diferan nan chak fraz.

1. Nan tèks nou pral li jodi a, **kite** vle di : **deplase al viv yon lòt kote.**

2. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kite**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3

Li tèks (12 minit) [Lèt Sègo pou zanmi li Albè]

Jodi a, nou pral li menm **lèt** nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.
2. Nou ka ekri yon **lèt pèsònèl** oswa yon **lèt ofisyèl**.
3. **Lèt pèsònèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
4. **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan Leta oswa lòt kote.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 19 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa katye a vin genyen ?
2. Èske w panse Albè ap dakò jwe nan chanpyona a ? Pou ki sa ?
3. Pou ki sa Sègo ta renmen Albè jwe nan ekip li a ?
4. Si w te abite nan menm katye a ki jwèt ou t ap renmen ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral li yon seri fraz. Chak fwa mwen fè yon poz, n ap fè yon jès ak dwèt nou ki montre siy ponktiyasyon ki koresponn ak ton ki mache ak vwa mwen.

Ki sa Lilyàn fè ? / Lilyàn chante, li danse, li kontan. / Oo ! Se pa Lilyàn ! / Wi, se li menm menm.

Aktivite 4

Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwoup predika** ki nan yon fraz.

Nou dwe konnen

Gwoup predika a eksprime sa ki pase nan fraz la.

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou fraz. M ap li fraz la aprè sa m ap pase yon trè anba gwoup predika a.

Tou pa m 

- [Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Valeri achte blad ak riban. »]
- M ap li fraz la : **Valeri achte blad ak riban.**
- M ap pase yon trè pou m separe fraz la an de pati.
Valeri / achte blad ak riban.
- M ap souliye gwoup predika a.
Valeri / achte blad ak riban.
- Gwoup predika a se : **achte blad ak riban** paske se li ki eksprime sa ki pase nan fraz la.

An n fè l ansanm 

- Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj 19 la pou nou fè egzèsis # 2 a.
- An n li fraz la : **Valeri achte blad ak riban.**
- An n pase yon trè pou nou separe fraz la an de pati.
Valeri / achte blad ak riban.
- An n souliye gwoup Predika a.
Valeri / achte blad ak riban.
- Gwoup predika a se : **achte blad ak riban** paske se li ki eksprime sa ki pase nan fraz la.

Tou pa nou 

- [Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]
- Jowèl leve bonè jodi a.**
- [Après sa di :] Pase yon trè pou nou separe fraz la an de pati.
- [Bay elèv yo 10 segonn.]
Jowèl / leve bonè Jodi a.
- Souliye gwoup Predika a.
- **Jowèl / leve bonè jodi a.**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. [Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

- Di nan ki zòn ou sòti ?
- Ki kote timoun ki nan zòn nan konn al amize yo ?
- Site twa aktivite timoun yo konn fè pou yo amize yo ?

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 19 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. [Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan lesou jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesou an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesou an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup predika** nan yon fraz ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesou an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Après sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Lavi nan kominote a

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen gen yon elis.
Yo mete m kanpe oswa
Yo kole m nan mi kay.
Mwen mache ak kouran.
Mwen ka vire vit oswa dousman.
Mwen sèvi pou bay van.
Ki sa mwen ye ? (ventilate)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te li yon lèt. Kilès ki ka di m ki sa yon lèt genyen ki fè li diferan ak yon lòt tèks ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Nou te gen lèt pèsònèl ak lèt ofisyèl. Kilès ki ka di m ki lè yon lèt ofisyèl ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Kilès ki ka di m ki sa yon gwoup predika eksprime nan yon fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 **Sèvi ak prefiks pou fòme mo (5 minit)**

Kounye a, nou pral aprann sèvi ak prefiks pou nou fòme mo.

Nou dwe
 Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo.

a. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 20 an. Li mo yo.

b. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 20 an pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Ivon ap patisipe nan **konkou** a.

Fraz 2 : Vwazen an pote **konkou** lè gen pwoblèm nan katye a.

1. Mo **konkou** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **konkou** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **konkou** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **konkou** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - [Aprè sa di :] Mo **konkou** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konkou** vle di : **bay koutmen, potekole, ede.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konkou**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Nou **dwe** viv byen youn ak lòt.

Fraz 2 : Machann nan di Renèl pa **dwe** di.

1. Mo **dwe** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **dwe** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **dwe** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **dwe** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 - [Aprè sa di :] Mo **dwe** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **dwe** vle di : **obligasyon pou fè yon bagay.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **dwe**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Kounye a, nou pral fè aktivite sou **fraz**.

Nou dwe konnen

1. Yon **fraz** se yon gwoup mo ki byen ranje pou li gen yon sans.
2. Yon **fraz** toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen.
3. Yon **fraz** gen de pati : yon gwoup sijè ak yon gwoup predika.
4. **Gwoup sijè** a se mo ki fè nou wè sou kilès oswa sou ki sa yo pale nan gwoup predika a.
5. **Gwoup predika** a eksprime sa ki pase nan fraz la.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si fraz la pa kòrèk n ap mete pous nou tèt anba.

1. Yon fraz se yon gwoup mo ki byen ranje pou li gen yon sans.
2. Yon fraz gen yon sèl pati.
3. Yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen.
4. Gwoup predika a se mo ki fè nou wè sou kilès oswa sou ki sa yo pale nan gwoup predika a.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 20 an pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) [Tit : Viv ansanm !]

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou ekspri emosyon, lide ak santiman.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 20 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Après chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat youn gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki gwoup mo ki pi enpòtan nan tèks la ? Nan ki moman istwa a pase ?
2. Vre oswa pa vre. Tèks la di :
 - Viv nan lanmou se pa respekte lòt yo.
 - M ap viv byen san pote konkou.
 - Lè n viv byen kominote a ka devlope.
3. Pou ki sa nou dwe viv ansanm ?
4. Èske ou panse ou dwe byen viv ansanm ak tout moun ki bò kote w ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **fraz** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di:]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Mis kò nou

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*
 Kounye a, nou pral reflechi epi di sa nou panse sou **bann desine** a.
 Kilès ki ka di m konbyen pèsonaj ki nan bann desine a ? Ki jan yo rele ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
 Èske menm jan ak Maryo, nou panse ti fi pa gen dwa fè espò ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
 Èske nou dakò avèk Rita lè li di ti fi kou ti gason gen menm dwa pou yo fè espò ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou pwezi. Kilès ki ka di m ki sa yon pwezi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
 Nou te yon pwezi souvan eksprime santiman. Kilès ki ka di m ki santiman yon moun ka eksprime nan yon pwezi ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
 Kilès ki ka di m sa li te aprann sou gwoup predika ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Aktivite 1 Sèvi ak prefiks pou fòm mo (5 minit)

Kounye a, nou pral aprann sèvi ak prefiks pou nou fòm mo.

a. Egzanp prefiks

[Ekri mo sa yo sou tablo a : kontinye, diskontinye. Epi di :]
 Gade de mo sa yo byen epi mande tèt nou ki sa ki diferan landan yo. *[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa mande yo :]*

- Kilès ki ka di m ki sa ki sanble nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
- Kilès ki ka di m ki sa ki diferan nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

[Di :]

- Nan tou lè de mo yo nou jwen **kontinye**.
- Nan mo diskontinye, si nou antoure **kontinye** n ap rete silab **dis**. Donk, lè nou mete silab **dis** devan mo **kontinye**, li fè yon lòt mo : **diskontinye**.
- Tout silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòm yon lòt mo rele prefiks.

Nou dwe
 Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòm yon lòt mo.

b. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 21 an. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 21 an pou nou fè egzèsis # 1 an. [*Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.*]

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Ou dwe fè **atansyon** pou ou pa tonbe lè w ap mache.

Fraz 2 : Elèv la suiv leson an avèk anpil **atansyon**.

1. Mo **atansyon** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **atansyon** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **atansyon** vle di nan premye fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **atansyon** vle di nan dezyèm fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
 - [*Après sa di :*] Mo **atansyon** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **atansyon** vle di : **prekosyon yon moun dwe pran.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **atansyon**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Adlin se yon **mis**.

Fraz 2 : Fè espò bon pou **mis** yo.

1. Mo **mis** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **mis** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **mis** vle di nan premye fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **mis** vle di nan dezyèm fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
 - [*Après sa di :*] Mo **mis** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **mis** vle di : **chè ki sou kò moun ki kenbe zo yo epi ki pèmèt kò a fè mouvman.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **mis**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn fè espò ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. Ki kalite espò nou renmen fè ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
3. Pou ki sa nou panse li enpòtan pou nou fè espò ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Monte bisiklèt]

Jodi a, nou pral li yon tèks naratif.

Nou dwe konnen

1. Yon tèks naratif se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon tèks naratif.
3. Nan yon tèks naratif ka gen plizyè pèsonaj.
4. Pèsonaj yo se moun, bèt oswa objè ki pale ak fè aksyon nan tèks la.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesan 21 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifeye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè.

c. Lektè endividyal

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan yo rele pèsonaj yo ?
2. Ki sa y ap fè ?
3. Ki sa k te rive ?
4. Ranje 3 fraz anba yo nan lòd dapre jan istwa a dewoule.
 - Pepitou atrape Elizabèt ak tout bisiklèt la pou li pa tonbe.
 - Elizabèt pedale dousman lè li fèk komanse monte bisiklèt la.
 - Yon wòch fè Elizabèt pèdi kontwòl gidon bisiklèt la.

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral li yon seri fraz. Chak fwa mwen fè yon poz, n ap fè yon jès ak dwèt nou ki montre siy ponktiyasyon ki koresponn ak ton ki mache ak vwa mwen.

Pandan m ap mache bò rivyè a, mwen wè yon jaden flè. / Se pa ti bèl ! / Kilès ki renmen flè ?

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou mo ki relye 2 lide nan yon fraz. Yo rele mo sa yo konjonksyon.

Nou dwe konnen

1. Yon **konjonksyon** se yon mo ki sèvi pou relye 2 lide nan yon fraz.
2. **Konjonksyon epi** sèvi pou montre toulède lide yo ka mache ansanm.

Tou pa m 

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Loran ap jwe foutbòl epi Ivòn ap naje nan rivyè a. »]

- M ap li fraz la : **Loran ap jwe foutbòl epi Ivòn ap naje nan rivyè a.**
- M ap antoure mo **(epi)**.
- Mo **epi** a se yon konjonksyon paske li relye 2 lide nan yon menm fraz.
- M ap pase yon trè anba premye lide a : **Loran ap jwe foutbòl**. M ap pase de trè anba dezyèm lide a : **Ivòn ap naje nan rivyè a**.

An n fè l ansanm 

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj 21 an pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Loran ap jwe foutbòl epi Ivòn ap naje nan rivyè a.**
- N ap antoure mo **(epi)**.
- **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Mo **epi** a se yon konjonksyon paske li relye 2 lide nan yon menm fraz.
- An n pase yon trè anba premye lide a : **Loran ap jwe foutbòl**. An n pase de trè anba dezyèm lide a : **Ivòn ap naje nan rivyè a**.

Tou pa nou 

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Letan al kouri chak maten epi Joslin renmen jwe baskèt.

- **[Après sa di :]** Antoure konjonksyon an. **[Bay elèv yo 10 segonn epi di :]**
- **Pase yon trè anba premye lide a.**
- **Pase de trè anba dezyèm lide a.**
- **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di premye oswa dezyèm lide a. Après sa, bay elèv yo fidbak.]**

Aktivite 6 **Egzèsis nan kaye (10 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèesan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 21 an pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou konjonksyon ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Mis kò nou

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon veyikil.

Mwen pa moto, mwen pa machin.

Mwen gen de wou pou mwen woule.

Mwen gen yon sèl pou moun chita.

Mwen gen fren tankou machin ak moto.

Mwen gen yon gidon pou yo ka dirije m.

Mwen al vit, lè yo pedale m vit.

Ki sa mwen ye ? (bisiklèt oswa bekàn)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di:] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks enfòmatif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te tèks enfòmatif la dwe bay enfòmasyon klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon enfòmasyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès ki ka di m kòman yo rele mo ki sèvi pou relye 2 lide nan yon fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Sèvi ak prefiks pou fòme mo (5 minit)

Kounye a, nou pral aprann sèvi ak prefiks pou nou fòme mo.

a. Egzanp prefiks

*[Ekri mo sa yo sou tablo a : **disipline, endisipline.** Epi di:]*

Gade de mo sa yo byen epi mande tèt nou ki sa ki diferan landan yo. *[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa mande yo:]*

– Kilès ki ka di m ki sa ki sanble nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

– Kilès ki ka di m ki sa ki diferan nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

[Di:]

– Nan tou lè de mo yo nou jwen **disipline**.

– Nan mo endisipline si nou antoure **disipline** n ap rete silab **en**. Donk, lè nou mete silab **en** devan mo **disipline**, li fè yon lòt mo : **endisipline**.

– Tout silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo rele prefiks.

Nou dwe

Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo.

b. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 22 a. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 22 a pou nou fè egzèsis # 1 an. [*Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.*]

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

*Fraz : Damas kontre ak yon **obstak**, li fè yon aksidan.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **obstak** vle di nan fraz la ?
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **obstak** vle di : **tout sa ki ka anpeche yon moun, yon bèt oswa yon objè sikile.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **obstak**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

*Fraz : Lè kamyon an rive nan kafou a, chofè a **ralanti**.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **ralanti** vle di nan fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ralanti** vle di : **ale pi dousman.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ralanti**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Monte bisiklèt]**

Jodi a, nou pral li yon **tèks naratif** nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon tèks naratif se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon tèks naratif.
3. Nan yon tèks naratif ka gen plizyè pèsonaj.
4. Pèsonaj yo se moun, bèt oswa objè ki pale ak fè aksyon nan tèks la.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 22 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Daprè ou èske monte bisiklèt se yon egzèsis ki fasil ? Pou ki sa ?
2. Kilès nan fraz sa yo ki mache ak karaktè pèsonaj yo :
 - Pepitou se yon espòtif epi li sèvyab.
 - Elizabèt te pè pandan tout lè li t ap monte bisiklèt la.
3. Èske w panse Pepitou se yon bon pwofesè ? Pou ki sa ?
4. Si w t ap kontinye istwa a, ki jan w t ap fini l ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral li yon seri fraz. Chak fwa mwen fè yon poz, n ap fè yon jès ak dwèt nou ki montre siy ponktiyasyon ki koresponn ak ton ki mache ak vwa mwen.

Kay sa a bèl anpil ! / Ki bòs ki bati li ? / Se bòs Jislèn ki bati li.

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou mo ki relye 2 lide nan yon fraz. Yo rele mo sa yo konjonksyon.

Nou dwe konnen

1. Yon **konjonksyon** se yon mo ki sèvi pou relye 2 lide oswa de mo nan yon fraz.
2. **Konjonksyon oubyen** sèvi pou montre se yon lide oswa yon lòt.

Tou pa m



[**Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Jinou ka jwe foutbòl oubyen li sote kòd. »**]

- M ap li fraz la : **Jinou ka jwe foutbòl oubyen li sote kòd.**
- M ap antoure mo **oubyen**.
- Mo **oubyen** an se yon konjonksyon paske li relye 2 lide nan yon menm fraz.
- M ap pase yon trè anba premye lide a : **Jinou ka jwe foutbòl**. M ap pase de trè anba dezyèm lide a : **li sote kòd**.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj 22 a pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Loran ap jwe foutbòl epi Ivòn ap naje nan rivyè a.**
- N ap antoure mo **oubyen**.
- [**Bay elèv yo 10 segonn.**]
- Mo **oubyen** a se yon konjonksyon paske li relye 2 lide nan yon menm fraz.
- An n pase yon trè anba premye lide a : **Jinou ka jwe foutbòl**. An n pase de trè anba dezyèm lide a : **li sote kòd**.

Tou pa nou



[**Li fraz la ansanm ak elèv yo.**]

Chak samdi, Samson kouri oubyen li naje.

- [**Après sa di :**] Antoure konjonksyon an. [**Bay elèv yo 10 segonn epi di :**]
- **Pase yon trè anba premye lide a.**
- **Pase de trè anba dezyèm lide a.**
- [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di premye oswa dezyèm lide a. Aprè sa, bay elèv yo fidbak.**]

Aktivite 5 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

- Ekri non tout pèsonaj nou jwenn nan tèks la nan ti bwat ki pou pèsonaj yo.
- Ki kote pèsonaj yo ye ?
- Ki sa ki pase nan istwa a ?
- Ki sa pèsonaj yo fè ?
- Ki jan istwa a fini ?

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5.

Aktivite 6 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèesan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 22 a pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konjonksyon** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Mis kò nou

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m konbyen pèsonaj ki nan bann desine a ? Ki jan yo rele ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Èske nou panse Maryo gen rezon lè li di Rita manje fwi ede mis yo devlope ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Kilès pè Riche bay rezon ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks enfòmatif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Nou te tèks enfòmatif la dwe bay enfòmasyon klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon enfòmasyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Èske nou ka mete konjonksyon an nenpòt kote nan yon fraz ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Aktivite 1 Sèvi ak sifiks pou fòme mo (5 minit)

Kounye a, nou pral aprann sèvi ak sifiks pou nou fòme mo.

a. Egzanp sifiks

[Ekri mo sa yo sou tablo a : kalkil, kalkile. Epi di :]

Gade de mo sa yo byen epi mande tèt nou ki sa ki diferan landan yo. *[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa mande yo :]*

– Kilès ki ka di m ki sa ki sanble nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

– Kilès ki ka di m ki sa ki diferan nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

[Di :]

– Nan tou lè de mo yo nou jwenn **kalkil**.

– Nan mo kalkile si nou antoure **kalkil** n ap rete son /e/. Donk, lè nou mete son /e/ dèyè mo **kalkil**, li fè yon lòt mo : **kalkile**.

– Tout lèt oswa gwoup lèt nou ka mete dèyè yon mo pou nou fòme yon lòt mo rele sifiks.

Nou dwe konnen

Yon **sifiks** se yon lèt oswa yon gwoup lèt nou ka mete deyè yon mo pou nou fòme yon lòt mo.

b. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 23 a. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 23 la pou nou fè egzèsis # 1 an. [*Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.*]

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Gen yon **kategori** zwazo ki manje pwason.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **kategori** vle di nan fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kategori** vle di : **gwoup plant, bèt oswa objè ki menmjan.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kategori**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Mèt la di timoun yo pa dwe bay lòt **kou**.

Fraz 2 : Matmwazèl la fè yon bèl **kou** gwografi nan klas la.

1. Mo **kou** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **kou** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **kou** vle di nan premye fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **kou** vle di nan dezyèm fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
 - [*Aprè sa di :*] Mo **kou** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kou** vle di : **tout sa yon mèt oswa yon matmwazèl aprann yon gwoup elèv sou yon matyè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kou**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzèsis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon dapre tit

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Ekri tit tèks la sou tablo a : Manje ki bon pou mis yo.]

[Aprè sa di :] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la epi mande tèt nou ki sa ki pral pase nan tèks la.

Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki renmen manje fwi ak legim ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Ki fwi ak legim nou pi renmen manje ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
3. Pou ki sa nou panse li bon pou nou manje fwi ak legim ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4

Li tèks (12 minit) [Tit : Manje ki bon pou mis yo]

Jodi a, nou pral li yon **tèks enfòmatif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 23 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki kote Elizabèt ye ?
2. Ki leson pwofesè a t ap wè ak elèv yo ?
3. Ki kalite manje ki devlope mis yo ?
4. Pou n ba mis la fòs ki sa n dwe manje ?
5. Èske Elizabèt te konprann leson an ? Ki sa kif è ou wè sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral li yon seri fraz. Chak fwa mwen fè yon poz, n ap fè yon jès ak dwèt nou ki montre siy ponktiyasyon ki koresponn ak ton ki mache ak vwa mwen.

Men rivyè a ap desann ! / Pou ki sa ou pa kouri travèse ? / Ou pa konnen moun pa dwe travèse rivyè k ap desann ? / Ou gen rezon.

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou mo ki relye 2 lide nan yon fraz. Yo rele mo sa yo konjonksyon.

Nou dwe konnen

1. Yon **konjonksyon** se yon mo ki sèvi pou relye 2 lide nan yon fraz.
2. **Konjonksyon men** sèvi pou make opozisyon oswa diferans ki gen ant de lide.

Tou pa m 

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Filosi renmen bwè ji papay men li pa renmen ji grenadin. »]

- M ap li fraz la : **Filosi renmen bwè ji papay men li pa renmen ji grenadin.**
- M ap antoure mo **(men)**.
- Mo **men** an se yon konjonksyon paske li relye 2 lide nan yon menm fraz.
- M ap pase yon trè anba premye lide a : **Filosi renmen bwè ji papay**. M ap pase de trè anba dezyèm lide a : **li pa renmen ji grenadin.**

An n fè l ansanm 

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj 23 a pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Filosi renmen bwè ji papay men li pa renmen ji grenadin.**
- N ap antoure mo **(men)**.
- **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Mo **men** a se yon konjonksyon paske li relye 2 lide nan yon menm fraz.
- An n pase yon trè anba premye lide a : **Filosi renmen bwè ji papay**. An n pase de trè anba dezyèm lide a : **li pa renmen ji grenadin.**

Tou pa nou 

[Li fraz la ansanm ak elèv yo.]

Wouso manje legim berejèn men li pa manje legim milton.

- **[Aprè sa di :]** Antoure konjonksyon an. **[Bay elèv yo 10 segonn epi di :]**
- **Pase yon trè anba premye lide a.**
- **Pase de trè anba dezyèm lide a.**
- **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di premye oswa dezyèm lide a. Aprè sa, bay elèv yo fidbak.]**

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 23 a pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. **[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]**

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 25 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou konjonksyon ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Mis kò nou

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen gen fòm oval.
Pafwa mwen koulè blan,
Pafwa mwen gen koulè jòn.
Lè ou kase m,
Mwen gen tou de koulè yo.
Yo manje m bouyi oswa fri.
Se bèt volay ki ponn mwen.
Ki sa mwen ye ? (ze)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di:] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks enfòmatif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te tèks enfòmatif la dwe bay enfòmasyon klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon enfòmasyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou ka mete konjonksyon an nenpòt kote nan yon fraz ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Sèvi ak sifiks pou fòme mo (5 minit)

Kounye a, nou pral aprann sèvi ak sifiks pou nou fòme mo.

a. Egzanp sifiks.

[Ekri mo sa yo sou tablo a : bougon, bougonnen. Epi di :]

Gade de mo sa yo byen epi mande tèt nou ki sa ki diferan landan yo. *[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa mande yo :]*

– Kilès ki ka di m ki sa ki sanble nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

– Kilès ki ka di m ki sa ki diferan nan 2 mo sa yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

[Di:]

– Nan tou lè de mo yo nou jwen **bougon**.

– Nan mo bougonnen si nou antoure **bougon** n ap rete gwoup lèt **nen**. Donk, lè nou mete gwoup lèt nen dèyè mo **bougon**, li fè yon lòt mo : **bougonnen**.

– Tout lèt oswa gwoup lèt nou ka mete dèyè yon mo pou nou fòme yon lòt mo rele sifiks.

Nou dwe konnen

Yon **sifiks** se yon lèt oswa yon gwoup lèt nou ka mete dèyè yon mo pou nou fòme yon lòt mo.

b. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 24 la. Li mo yo.

c. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 24 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. *[Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]*

Fraz 1 : Timoun sa yo byen **devlope** paske yo manje byen.

Fraz 2 : Brinèt **devlope** lèt papa lit e voye pou li a.

1. Mo **devlope** repete nan tou de fraz yo.

- Èske mo **devlope** gen menm sans nan tou de fraz yo ?

- Kilès ki ka di m ki sa mo **devlope** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

- Kilès ki ka di m ki sa mo **devlope** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

- *[Aprè sa di :]* Mo **devlope** gen yon sans diferan nan chak fraz.

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **devlope** vle di : **byen grandi, pwofite.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **devlope**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. *[Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]*

Fraz 1 : Fwi ak legim bon pou **fonksyonman** kò nou.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **fonksyonman** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **fonksyonman** vle di : **jan yon bagay fonksyone.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fonksyonman**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Manje ki bon pou mis yo]**

Jodi a, nou pral li yon **tèks enfòmatif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.

2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 24 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa ou dwe pran swen mis ou yo ?
2. Èske w panse leson sou mis yo enpòtan pou elèv yo ? Pou ki sa ?
3. Ki desizyon w pran aprè ou fin gen tout enfòmasyon sa yo sou mis ki nan kò moun ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral li yon seri fraz. Chak fwa mwen fè yon poz, n ap fè yon jès ak dwèt nou ki montre siy ponktiyasyon ki koresponn ak ton ki mache ak vwa mwen.

Anèt mache, li kouri, li ale chita anba yon pye mango. / Men yon gèp vin poze sou tèt Anèt ! / Ki sa Anèt pral fè pou gèp la pa mòde li ?

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou mo ki relye 2 lide nan yon fraz.

Nou dwe konnen

1. Yon **konjonksyon** se yon mo ki sèvi pou relye 2 lide nan yon fraz.
2. **Konjonksyon kidonk** sèvi pou montre dezyèm lide a se konklizyon premye lide a.

Tou pa m 

[**Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Elodi renmen manje fwi, kidonk I ap byen grandi. »**]

– M ap li fraz la : **Elodi renmen manje fwi, kidonk I ap byen grandi.**

– M ap antoure mo **kidonk**.

– Mo **kidonk** la se yon konjonksyon paske li relye 2 lide nan yon menm fraz.

– M ap pase yon trè anba premye lide a : **Elodi renmen manje fwi**. M ap pase de trè anba dezyèm lide a : **I ap byen grandi**.

An n fè l ansanm 

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 24 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

– An n li fraz la : **Elodi renmen manje fwi, kidonk I ap byen grandi.**

– N ap antoure mo **kidonk**.

– [**Bay elèv yo 10 segonn.**]

– Mo **kidonk** a se yon konjonksyon paske li relye 2 lide nan yon menm fraz.

– An n pase yon trè anba premye lide a : **Elodi renmen manje fwi**. An n pase de trè anba dezyèm lide a : **I ap byen grandi**.

Tou pa nou 

[**Li fraz la ansanm ak elèv yo.**]

Maso toujou fè espò, kidonk mis li yo djanm.

– [**Après sa di :**] Antoure konjonksyon an. [**Bay elèv yo 10 segonn epi di :**]

– **Pase yon trè anba premye lide a.**

– **Pase de trè anba dezyèm lide a.**

– [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di premye oswa dezyèm lide a. Aprè sa, bay elèv yo fidbak.**]

Aktivite 5 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. [**Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.**]

- Sou ki sa tèks la pale ?
- Tèks la pale sou de kategori manje. Konplete fraz sa yo nan ti bwat yo :
 - Yon kategori manje ki...
 - Yon lòt kategori manje ki...
- Ekri kèk egzanp manje ki ka devlope mis yo.
- Ekri kèk egzanp manje ki ka ki ede mis yo rete anfòm.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 24 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konjonksyon** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Mis kò nou

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon fwi.
Po mwen vèt.
Mwen gen anpil grenn.
Mwen donnen atè.
Mwen fè anpil lyann.
Yo manje m nan dan,
Oswa yo fè ji avè m.
Mwen se kouzen ak joumou.
Ki sa mwen ye ? (melon)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks enfòmatif ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
 Èske nou ka mete konjonksyon an nenpòt kote nan yon fraz ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1 Prefiks ak sifiks nan mo (5 minit)

Kounye a, nou pral aprann sèvi ak prefiks pou nou fòme mo.

- Nou dwe
1. Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo.
 2. Yon **sifiks** se yon lèt oswa yon gwoup lèt nou ka mete dèyè yon mo pou nou fòme yon lòt mo.

a. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 25 la. Li mo yo.

b. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 25 la pou nou fè egzèsis # 1 an. [Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Lè nou byen manje nou **alimante** kò nou pou li rete ansante.

Fraz 2 : Majori di dlo ki nan rezèwva a ka **alimante** tout kay la.

1. Mo **alimante** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **alimante** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **alimante** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **alimante** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di:]* Mo **alimante** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **alimante** vle di : **nouri kò nou oswa yon pati nan kò nou pou li byen fonksyone.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **alimante**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Radyo a pa ka jwe paske pa gen **enèji**.

Fraz 2 : Foutbolè sa a gen anpil **enèji**.

1. Mo **enèji** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **enèji** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **enèji** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **enèji** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di:]* Mo **enèji** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **enèji** vle di : **fòs kò yon moun oswa yon pati nan kò moun nan bezwen pou li byen fonksyone.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **enèji**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Gramè (8 minit)**

Jodi a, n ap fè yon aktivite soumo ki relye 2 lide nan yon fraz.

Nou dwe konnen

Yon **konjonksyon** se yon mo ki sèvi pou relye 2 lide nan yon fraz.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki gen yon konjonksyon, n ap leve pous nou anlè. Lè

nou tande fraz ki pa gen konjonksyon n ap mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

- Jak ap jwe ak zanmi li yo.
- David renmen etidye kidonk l ap toujou pare pou egzamen.
- Bèta respekte tout moun nan katye a.
- Merès renmen fè espò men li pa renmen leve bonè.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 25 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) [Tit : Lasante]

Tèks nou pral li jodi a se yon pwezi ki pa men ak lòt yo. Se yon **akwostich**.

Nou dwe konnen

Yon **akwostich** se yon pwezi kote lè nou mete premye lèt nan chak liy yo ansanm y ap fòme yon mo oswa yon fraz nou kapab li soti anwo rive anba.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 25 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale.

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Après chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pran chak lòt ki nan kòmansman chak liy epi fòmè yon mo avèk yo.
2. Ranplase mo « ponpe » ak yon lòt mo nan premye liy la.
3. Pou ki sa fwi ak legim se motè kò nou ?
4. Èske w ta renmen devlope mis ou yo ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konjonksyon** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di:]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwoblèm kominote a konsène tout moun

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*

Kounye a, nou pral reflechi epi di sa nou panse sou **bann desine** a.

Kilès ki ka di m konbyen pèsonaj ki nan bann desine a ? Ki jan yo rele ?

Pou ki sa nou panse Rita gen rezon lè li di twou ki nan lari a se yon danje ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Eske nou panse Maryo gen dwa pou li ekri majistra a ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te li yon pwezi. Kilès ki ka di m ki sa yon pwezi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès ki ka di m pou ki sa yo itilize konjonksyon nan fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Prefiks ak sifiks nan mo (5 minit)

Kounye a, nou pral itilize sifiks ak prefiks pou nou fòme mo.

Nou dwe

1. Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo.
2. Yon **sifiks** se yon lèt oswa yon gwoup lèt nou ka mete dèyè yon mo pou nou fòme yon lòt mo.

a. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 26 la. Li mo yo.

b. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 26 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv.]

Fraz 1 : Remon **debouche** pi a.

Fraz 2 : Antwanèt jwenn yon **debouche**.

1. Mo **debouche** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **debouche** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **debouche** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **debouche** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
 - *[Aprè sa di:]* Mo **debouche** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **debouche** vle di : **retire kouvèti sou yon twou oswa yon objè ki fon.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **debouche**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fdbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz : *Chofè a manke fè aksidan.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **aksidan** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **aksidan** vle di : **yon evènman oswa yon pwoblèm ki rive sanzatann.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **aksidan**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fdbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon dapre desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di:]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

b. Kontèks tèks la

Nou pral dekouvri kèk enfòmasyon ki gen rapò ak tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m pou ki sa nan yon vil dwe gen majistra ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. Eske nou panse tout moun gen dwa pou yo pale ak yon majistra ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
3. Eske nou panse yon majistra dwe rezoud pwoblèm ki gen nan kominote l ap dirije a ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4

Li tèks (12 minit) [Tit : Lèt Simon pou majistra Lik]

Tèks nou pral li jodi a se yon **lèt opinyon**.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.
2. Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 26 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *[Pran liv elèv la, ale nan paj leson 26 la.]*

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès ki resevwa lèt la ?
2. Ki kote Simon Lwi rete ?
3. Chwazi fraz ki mache ak lide tèks la nan fraz anba yo :
 - Simon Lwi ta renmen tourego a bouche paske l devan kay li.
 - Simon Lwi ta renmen tourego a bouche pou tout kominote a.
 - Simon Lwi ekri majistra a pou egzije l ranje twou rego a.
4. Pou ki sa Simon ta renmen tourego a bouche ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral li yon seri fraz. Chak fwa mwen fè yon poz, n ap fè yon jès ak dwèt nou ki montre siy ponktiyasyon ki koresponn ak ton ki mache ak vwa mwen.

Mwen gen de chemiz, yon pantalon ak yon mayo. / E ou menm, ki rad ou pote ? / O ! Tout rad sa yo !

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **jan yo itilize gimè nan fraz.** [Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]

Nou dwe konnen

1. Gimè yo se siy ki ka sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te di pawòl la.
2. Anvan gimè yo, nou dwe toujou mete 2 pwen.

Tou pa m



[**Ekri fraz sa yo sou tablo a :**
« **Mèt la di m ap bay devwa pou demen.** »]

[Après sa di:]

- M ap li fraz la : **Mèt la di m ap bay devwa pou demen.**
- M ap pase yon trè anba pawòl mèt la di a
- **Mèt la di m ap bay devwa pou demen.**
- M ap ekri fraz la ankò. M ap mete pawòl mèt la di a nan mitan de gimè. M ap sonje mete de pwen anvan premye gimè a.
- **Mèt la di : « m ap bay devwa pou demen. »**
- Fraz la byen ekri kounye a paske pawòl mèt la di a anndan de gimè.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 26 pou nou fè egzèsis # 2 a.

[Après sa di:]

- An n li fraz la : **Mèt la di m ap bay devwa pou demen.**
- An n pase yon trè anba pawòl mèt la di a
- **Mèt la di m ap bay devwa pou demen.**
- An n ekri fraz la ankò. N ap mete pawòl mèt la di a nan mitan de gimè. Nou dwe sonje mete de pwen anvan premye gimè a.
- **Mèt la di : « m ap bay devwa pou demen. »**
- Fraz la byen ekri kounye a paske pawòl mèt la di a anndan de gimè.

Tou pa nou



[**Li de lòt fraz yo ansanm ak elèv yo**]

Direktè a di lakou lekòl la pwòp.

- [Après sa di:] pase yon trè anba pawòl direktè a di a. [**Bay elèv yo 30 segonn.**]
- Mete pawòl direktè a di a nan mitan de gimè. Nou dwe sonje mete de pwen anvan premye gimè a.
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 26 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou gimè ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di:]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwoblèm kominote a konsène tout moun

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

- Mwen se yon gason oswa yon fi.**
- Mwen se yon otorite Leta.**
- M ap dirije yon komin.**
- Travay mwen se ede komin mwen devlope.**
- Biwo kote m ap travay la rele lameri.**
- Kilès mwen ye ? (Majistra)**

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di:] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

- Nan dènye leson an nou te pale sou lèt opinyon. Kilès ki ka di m ki sa yon lèt opinyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
- Nou te pale sou gimè tou. Kilès ki ka di m ki wòl gimè yo jwe nan yon fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
- Ki sa nou dwe mete anvan gimè yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Aktivite 1 **Marye silab pou fòme mo (4 minit)**

Kounye a, nou pral marye silab pou nou fòme mo.

Nou dwe konnen
Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 27 la. Li mo yo.

b. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 27 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Wozèt se **anplwaye** lameri.

Fraz 2 : Mèt la **anplwaye** bon teknik pou elèv yo konprann.

1. Mo **anplwaye** repete nan tou de fraz yo.

– Èske mo **anplwaye** gen menm sans nan tou de fraz yo ?

– Kilès ki ka di m ki sa mo **anplwaye** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

– Kilès ki ka di m ki sa mo **anplwaye** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

– [Aprè sa di :] Mo **anplwaye** gen yon sans diferan nan chak fraz.

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **anplwaye** vle di : **moun k ap travay yon kote.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **anplwaye**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Machin yo **sikile** san pwoblèm nan lari a.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **sikile** vle di nan fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **sikile** vle di : **mache, kouri, fè ale vini.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **sikile**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Lèt Simon pou majistra Lik]**

Jodi a nou pral li menm **lèt opinyon** nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.

2. Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.

a. **Li tèks la an silans**

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 27 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]

b. **Li de pa de**

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. **Lekti endividyèl**

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Èske w dakò ak lèt Simon Lwi a ? Pou ki sa ?
2. Pou ki rezon Simon Lwi pale pou tout moun nan katye a ?
3. Lè katye w gen pwoblèm ki sa ou konn fè ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral li yon seri fraz. Chak fwa mwen fè yon poz, n ap fè yon jès ak dwèt nou ki montre siy ponktyasyon ki koresponn ak ton ki mache ak vwa mwen.

Eske ou ka ekri yon lèt ? / Wi mwen konn ekri lèt. / O o ! lèt ou a byen ekri !

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (10 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou gimè. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 27 la pou nou fè egzèsis # 2 a. *[Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]*

Nou dwe konnen

1. **Gimè** yo se siy ki ka sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te di pawòl la.
2. Premye **gimè** a toujou vini aprè de pwen.
3. Si pawòl pèsonaj la se yon fraz konplè, nou dwe mete siy ponktyasyon ki fini fraz la anvan nou fèmen **gimè** yo.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

- Ekri non moun k ap resevwa lèt la nan premye bwat la.
- Ekri non moun ki ekri lèt la nan dezyèm bwat la.
- Pou ki rezon Simon ekri lèt la ?
- Bay de egzanzp ou jwenn nan lèt la ki montre Simon gen rezon ekri lèt sa a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 5 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 27 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gimè** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te eslike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di:]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwoblèm kominote a konsène tout moun

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*
 Kounye a, nou pral reflechi epi di sa nou panse sou **bann desine** a.
 Kilès ki ka di m konbyen pèsonaj ki nan bann desine a ? Ki jan yo rele ?
 Eskè dapre nou timoun yo kontan oswa yo etone lè yo resevwa lèt majistra a ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Eske nou panse timoun yo t ap byen aji si yo pa t deside li lèt la ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou lèt opinyon. Kilès ki ka di m ki sa yon lèt opinyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Nou te pale sou gimè tou. Kilès ki ka di m ki wòl gimè yo jwe nan yon fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Ki sa nou dwe mete anvan gimè yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Marye silab pou fòme mo (4 minit)

Kounye a, nou pral marye silab pou nou fòme mo.

Nou dwe konnen
 Yon **silab** se yon son oswa yon gwoup son nou ka di yon sèl kou.

a. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 28 la. Li mo yo.

b. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 28 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : *Ti bebe sa a bwè anpil lèt.*

Fraz 2 : *Nèla ekri manman li yon lèt.*

1. Mo **lèt** repete nan tou de fraz yo.

– Èske mo **lèt** gen menm sans nan tou de fraz yo ?

– Kilès ki ka di m ki sa mo **lèt** vle di nan premye fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

– Kilès ki ka di m ki sa mo **lèt** vle di nan dezyèm fraz la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

– [Aprè sa di :] Mo **lèt** gen yon sans diferan nan chak fraz.

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **lèt** vle di : **yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lèt**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : *Mèt la enfòmè elèv yo sou egzamen fen ane a.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **enfòmè** vle di nan fraz la ?

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **enfòmè** vle di : **mete okouran, fè konnen yon nouvèl, bay yon enfòmasyon.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **enfòmè**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. **Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**

Aktivite 3 **Konpreyansyon**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. **Prediksyon dapre desen**

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [30 segonn]

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [30 segonn]

3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Ki lè nou konn remèsye yon moun ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. Ki pwoblèm nou genyen nan katye nou rete a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
3. Ki sa nou ka fè pou nou kenbe katye nou pwòp ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Lèt majistra Lik pou Simon]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.
2. Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 28 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *[Pran liv elèv la. Li tèks : « Lèt majistra Lik pou Simon » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]*

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou kilès repons lèt sa ye ?
2. Nan ki moman majistra a ekri repons lèt la ?
3. Ki dwa tout sitwayen genyen ?
4. Pou ki sa majistra a felisite Simon pou demach li a ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt konye a. Mwen pral li kèk fraz pou nou. Chak fwa mwen li yon fraz ki gen gimè ladan l, n ap chita. Lè fraz la pa gen gimè, n ap kanpe. Nou pare !

Ton Riche rele Rita. Li di Rita : « al etidye leson ou ! ». Rita pran liv li. Li di : « mwen renmen lekòl »

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (10 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou gimè. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 28 la pou nou fè egzèsis # 2 a. *[Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]*

Nou dwe konnen

1. **Gimè** yo se siy ki ka sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te di pawòl la.
2. Premye **gimè** a toujou vini aprè de pwen.
3. Si pawòl pèsonaj la se yon fraz konplè, nou dwe mete siy ponktyasyon ki fini fraz la anvan nou fèmen **gimè** yo.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 28 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 30 la nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gimè**? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Après sa di:]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwoblèm kominote a konsène tout moun

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon fèy papye.
Yo ekri sou mwen ak plim.
Yo sèvi avè m pou yo voye yon mesaj
Oswa pou ka pran nouvèl yon moun.
Avan yo voye m, yo siyen m.
Après sa yo mete m nan anvlòp.
Ki sa mwen ye ? (lèt)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Après sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou lèt opinyon. Kilès ki ka di m ki sa yon lèt opinyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te pale sou gimè tou. Kilès ki ka di m ki wòl gimè yo jwe nan yon fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Ki sa nou dwe mete anvan gimè yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 **Prefiks ak sifks nan mo (5 minit)**

Kounye a, nou pral itilize prefiks ak sifks pou nou fòme mo.

Nou dwe

1. Yon **prefiks** se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo
2. Yon **sifks** se yon lèt oswa yon gwoup lèt nou ka mete dèyè yon mo pou nou fòme yon lòt mo

a. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 29 la. Li mo yo.

b. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 29 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l'ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Elèv yo ka **idantifye** gwoup sijè nan yon fraz.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **idantifye** vle di nan fraz la ?
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **idantifye** vle di : **dekouvri yon pwoblèm oswa yon objè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **idantifye**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l'ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Komite a pran desizyon ki nan **enterè** tout moun.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **enterè** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **enterè** vle di : **sa ki nan avantaj, sa ki bon.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **enterè**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Lèt majistra Lik pou Simon]**

Jodi a, nou pral li menm lèt opinyon nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.
2. Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 29 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Èske Majistra Lik se yon bon Majistra ? Pou ki sa ?
2. Daprè ou, èske majistra a gen rezon reyaji vit ? Pou ki sa ?
3. Si w t ap ekri majistra a pou katye pa w la ki sa ou t ap mande l ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt konye a. Mwen pral li kèk fraz pou nou. Chak fwa mwen li yon fraz ki gen gimè ladan l, n ap chita. Lè fraz la pa gen gimè, n ap kanpe. Nou pare !

Rita di Maryo : « sa w ap fè la a ? ». Maryo vire gade Rita epi li souri. Li reponn : « se yon tchaka m ap prepare ». Rita ede Maryo prepare tchaka a.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (10 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou gimè. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 29 la pou nou fè egzèsis # 2 a. *[Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]*

Nou dwe konnen

1. **Gimè** yo se siy ki ka sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te di pawòl la.
2. Premye **gimè** a toujou vini aprè de pwen.
3. Si pawòl pèsonaj la se yon fraz konplè, nou dwe mete siy ponktasyon ki fini fraz la anvan nou fèmen **gimè** yo.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

- Ekri sa ou ta renmen majistra nan zòn ou an fè pou zòn nan toujou rete pwòp. (Bwat # 1)
- Ekri sa ou ta renmen majistra nan zòn ou an fè pou zòn moun yo sispann koupe pyebwa. (Bwat # 2)
- Ekri sa ou ta renmen majistra nan zòn ou an fè pou bèt yo sispann mache nan lari a. (Bwat # 3)

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 5 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 29 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gimè** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te eslike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwoblèm kominote a konsène tout moun

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gason.

Mwen se fanmi w.

Manman w se matant mwen.

Papa m se frè manman w.

Kilès mwen ye ? (kouzen)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou lèt opinyon. Kilès ki ka di m ki sa yon lèt opinyon ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Nou te pale sou gimè tou. Kilès ki ka di m ki wòl gimè yo jwe nan yon fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Ki sa nou dwe mete anvan gimè yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Aktivite 1 Prefiks ak sifiks nan mo (5 minit)

Kounye a, nou pral itilize prefiks ak sifiks pou nou fòme mo.

Nou dwe konnen

1. Yon prefiks se yon silab nou ka mete devan yon mo pou nou fòme yon lòt mo
2. Yon sifiks se yon lèt oswa yon gwoup lèt nou ka mete dèyè yon mo pou nou fòme yon lòt mo

a. Li mo.

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 30 la. Li mo yo.

b. Ekri mo

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis k ap ede nou ekri mo yo byen. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 30 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

*Fraz : Li bon pou moun viv nan lanmou ak **fratènite**.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **fratènite** vle di nan fraz la ?
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **fratènite** vle di : **santiman ki fè moun viv byen youn ak lòt kòm si yo se frè ak sè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fratènite**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Abèl se yon sitwayen **konsekan**.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **konsekan** vle di nan fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konsekan** vle di : **ki merite pou moun konte sou li.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konsekan**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Nou dwe konnen

1. **Gimè** yo se siy ki ka sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te di pawòl la.
2. Pawòl pèsonaj la dwe mete anndan de **gimè**.
3. Premye **gimè** a toujou vini aprè de pwen.
4. Si pawòl pèsonaj la se yon fraz konplè, nou dwe mete siy ponktyasyon ki fini fraz la anvan nou fèmen **gimè** yo.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si fraz la pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

1. Nou ka mete yon sèl **gimè** nan yon fraz.
2. Nou dwe mete de pwen anvan premye **gimè** a.
3. **Gimè** yo sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te pale a.
4. Menm si pawòl pèsonaj la se yon fraz konplè, n ap fèmen **gimè** san nou pa mete siy ponktyasyon ki fini fraz la.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (10 minit)

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 30 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5 **Li tèks (20 minit)**

Tèks nou pral li jodi a se yon pwezi.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou ekspri emosyon, lide ak santiman moun ki ekri l la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 30 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout res klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki son ki fini twa dènye liy yo ?
2. Ak ki mo ou ka ranplase « fleri » ak « peri » ?
3. Ki règleman nou dwe kenbe nan yon kominote ?
4. Pou ki sa tout sitwayen dwe bay konkou yo ?
5. Eske w konn pote konkou w nan kominote w ap viv la ? Ki jan ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gimè** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwodui latè

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Pou ki sa daprè nou Rita sezi ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou panse Maryo konnen plant ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou pwezi. Kilès ki ka di m ki sa yon pwezi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te yon pwezi souvan eksprime santiman. Kilès ki ka di m ki sa yon santiman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès ki ka di m pou ki sa yo itilize gimè nan yon tèks ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1

Mo kle leson an (4 minit)

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 31 an pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 31 an. Li mo yo.

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. *[Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]*

Fraz : Ari montre jan li gen **lapenn** nan kè li.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **lapenn** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **lapenn** vle di : **tristès, kè sere**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lapenn**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. *[Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]*

Fraz 1 : Wilfrid **rich** anpil.

Fraz 2 : Tè sa yo **rich** anpil.

Mo **rich** repete nan tou de fraz yo.

- Èske mo **rich** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
- Kilès ki ka di m ki sa mo **rich** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
- Kilès ki ka di m ki sa mo **rich** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
- *[Aprè sa di :]* Mo **rich** gen yon sans diferan nan chak fraz.

4. Nan tèks nou pral li jodi a, **rich** vle di : **ki posede anpil lajan ak byen.**

5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **rich**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon dapre desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Ki bò nou konn abitye jete fatra ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. Èske nou panse li enpòtan pou nou plante ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
3. Ki sa nou t ap fè si yon grenn zaboka t ap pale ak nou ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Grenn zaboka ak grenn sitwon]

Tèks nou pral li jodi a se yon **istwa imajinè**.

Nou dwe konnen

Yon **istwa imajinè** se yon istwa kote pèsonaj yo, anviwònman yo ak tout aksyon yo pa sanble ak sa ki egziste nan reyalite a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 31 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *[Pran liv elèv la, ale nan paj leson 31 an.]*

c. Lektid endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Site pèsonaj ki nan tèks la ?
2. Ki pwoblèm grenn zaboka ak sitwon yo te kontre ?
3. Ki solisyon yo te jwenn ?
4. Ki sa ki pase nan finisman tèks la ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele « Rita di ». Tout timoun kanpe. Chak fwa mwen di Rita mande pou nou fè yon mouvman, n ap fè sa li mande nou fè a. Nou pare ! Rita di :

Panche a dwat – Panche a goch – Yon ti vole – Yon ti bvavo

Aktivite 5

Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **non pwòp ak non komen**.

Nou dwe konnen

1. Yon **non** se yon mo ki pèmèt nou idantifye yon moun, yon bet oswa yon objè.
2. Yon **non pwòp** se non yo bay yon moun, yon peyi, yon vil oswa yon bèt.
3. Yon **non pwòp** toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
4. Tout lòt **non** yo se non komen.

Tou pa m 

[*Ekri mo sa yo sou tablo a konsa : « gason, Manno, peyi, Ayiti. »*]

- M ap li mo yo : **gason, Manno, peyi, Ayiti.**
- M ap pase yon trè anba mo **Manno.**
- **Manno** se non yon moun. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- M ap pase yon trè anba mo **Ayiti.**
- **Ayiti** se non yon peyi. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Mo **gason** ak mo **peyi** se non komen.

An n fè l ansanm 

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 31 an pou nou fè egzèsis # 2 a.

- M ap li mo yo : **gason, Manno, peyi, Ayiti.**
- N ap pase yon trè anba mo **Manno.**
- **Manno** se non yon moun. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- N ap pase yon trè anba mo Ayiti.
- Ayiti se non yon peyi. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Mo **gason** ak mo **peyi** se non komen.

Tou pa nou 

[*Li mo sa yo ansanm ak elèv yo*]

chantè, Soni, nasyon, Jamayik

- [*Après sa di :*] Pase yon trè anba non moun nan. [**Bay elèv yo 10 segonn.**]
- Pase de trè anba non peyi a. [**Bay elèv yo 10 segonn.**]
- [*Après sa di :*] Sèke non komen yo. [**Pase verifye epi bay elèv yo fidbak.**]

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 31 an pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [*Li kontin nan pou bay elèv egzàn, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.*]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **non** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwodui latè

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon fwi.

Lè mwen poko mi, mwen gen koulè vèt.

Lè mwen mi, mwen gen menm koulè a,

Oswa mwen gen koulè vyolet.

Yo tranche m pou manje m ak pen.

Yo manje m tou ak mayi moulen.

Ki sa mwen ye ? (zaboka)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di:] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **istwa imajinè**. Kilès ki ka di m ki sa yon **istwa imajinè** ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès ki ka di m ki jan pèsònaj yo ye nan yon istwa imajinè ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou ka kòmanse yon non pwòp ak yon lèt miniskil ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Mo kle leson an (4 minit)

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 32 a pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 32 a. Li mo yo.

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Tè sa a vid depi lontan.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **vid** vle di nan fraz la ?
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **vid** vle di : **ki pa gen anyen sou li.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **vid**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. [*Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.*]

Fraz : *Machin sa a vwayaje toupatou.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **toupatou** vle di nan fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **toupatou** vle di : **tout kote.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **toupatou**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : Grenn zaboka ak grenn sitwon]

Jodi a, nou pral li menm **istwa imajinè** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe

Yon **istwa imajinè** se yon istwa kote pèsonaj yo, anviwònman yo ak tout aksyon yo pa sanble ak sa ki egziste nan reyalite a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 32 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan w t ap reyaji si w te nan plas Lina bò poubèl la ?
2. Èske w panse grenn sitwon ak grenn zaboka te gen rezon pou yo ale nan teren vid la ? Pou ki sa ?
3. Ki sa w t ap fè nan plas Lina ak fanmi li ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele « Rita di ». Tout timoun kanpe. Chak fwa mwen di Rita mande pou nou fè yon mouvman, n ap fè sa li mande nou fè a. Nou pare ! Rita di :

Panche devan – Kage sou do – Yon ti vole – Yon ti bvavo

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **non pwòp ak non komen**.

Nou dwe konnen

1. Yon **non** se yon mo ki pèmèt nou idantifye yon moun, yon bèt oswa yon objè.
2. Yon **non pwòp** se non patikilye yo bay yon moun, yon peyi, yon vil oswa yon bèt.
3. Yon **non pwòp** toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
4. Tout lòt **non** yo se non komen.

Tou pa m



[Ekri mo sa yo sou tablo a konsa : « Okay, vil, chen, Louki »]

- M ap li mo yo : **Okay, vil, chen, Louki**
- M ap pase yon trè anba mo **Okay**.
- **Okay** se non yon vil. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- M ap pase yon trè anba mo **Louki**.
- **Louki** se non yon moun bay yon bèt. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Mo **vil** ak mo **chen** se non komen.

An n fè l ansanm



- Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 32 a pou nou fè egzèsis # 2 a.
- An n li mo yo : **Okay, vil, chen, Louki**
- An n pase yon trè anba mo **Okay**.
- **Okay** se non yon vil. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- An n pase yon trè anba mo **Louki**.
- **Louki** se non yon moun bay yon bèt. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Mo **vil** ak mo **chen** se non komen.

Tou pa nou



[Li mo sa yo ansanm ak elèv yo]

pwovens, Okap, chat, Milou

- **[Après sa di :]** Pase yon trè anba non vil la. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Pase de trè anba non moun bay bèt la. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- **[Après sa di :]** **Okap, Milou** se yon pwòp.
- **[Après sa di :]** Sèke non komen yo ? **[Pase verifye epi bay elèv yo fidbak.]**

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

- Ekri non tout pèsonaj nou jwenn nan tèks la nan ti bwat ki pou pèsonaj yo.
- Ki kote pèsonaj yo ye ?
- Ki sa ki pase nan istwa a ?
- Ki sa pèsonaj yo fè ?
- Ki jan istwa a fini ?

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5.

Aktivite 6 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 32 a pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **non pwòp** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwodui latè

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*
 Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.
 Èske nou panse Maryo byen ajì lè li al ede papa li nan jaden an ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Pou ki sa daprè nou Rita di jaden papa Maryo a ap pèdi ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an an nou te pale sou **istwa imajinè**. Kilès ki ka di m ki sa yon **istwa imajinè** ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Nou te di nan yon **istwa imajinè** aksyon yo sanble ak sa ki pase nan reyalitye a ? Èske se vre ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Eske nou panse non yo bay yon vil se yon non komen ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Mo kle leson an (4 minit)

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 33 a pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 33 a. Li mo yo.

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. *[Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]*

Fraz 1 : Foutbolè a gen anpil **teknik**.

Fraz 2 : Bòs la itilize bon jan **teknik** pou li repara telefòn nan.

1. Mo **teknik** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **teknik** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **teknik** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **teknik** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di:]* Mo **teknik** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **teknik** vle di : **konesans ak mwayen moun itilize pou fè yon travay.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **teknik**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Richa **esplike** An jan pou li prepare yon gato.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **esplike** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **esplike** vle di : **fè yon moun konprann ki jan pou li fè yon travay.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **esplike**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon dapre tit

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[Ekri tit sa a sou tablo a : Yon zwazo agwonòm.]

[Aprè sa di:] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la. Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Ki sa yon kiltivatè konn fè ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. Èske nou panse yon kiltivatè ka plante nenpòt kòman ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
3. Ki wòl yon agwonòm ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Yon zwazo agwonòm]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **istwa imajinè**.

Nou dwe konnen

Yon **istwa imajinè** se yon istwa kote pèsonaj yo, anviwònman yo ak tout aksyon yo pa sanble ak sa ki egziste nan reyalite a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 33 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *[Pran liv elèv la. Li tèks : « yon zwazo agwonòm » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanzp.]*

c. Lèkti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. VRE oswa PA VRE
 - Yo prezante Toutrèl ak Sèpantye nan mitan tèks la.
 - Yo prezante Toutrèl ak Sèpantye nan kòmansman tèks la.
 - Yo prezante Toutrèl ak Sèpantye nan finisman tèks la.
2. Ki pwoblèm ki genyen nan vale Lèzanj ?
3. Pou ki sa tout moun rete an silans ?
4. Ki sa Louna te vin fè ?
5. Ki jan istwa a fini ? Èske li byen fini ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele « Rita di ». Tout timoun kanpe. Chak fwa mwen di Rita mande pou nou fè yon mouvman, n ap fè sa li mande nou fè a. Nou pare ! Rita di :

Leve bra goch nou – Leve bra dwat nou – Yon ti bvavo – Yon ti vole – Chita

Aktivite 5 **Gramè (8 minit)**

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **non pwòp ak non komen**.

Nou dwe konnen

1. Yon **non pwòp** se non patikilye yo bay yon moun, yon peyi, yon vil oswa yon bèt.
2. Yon **non** pwòp toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
3. Tout lòt **non** yo se non komen.

Tou pa m 

[*Ekri mo sa yo sou tablo a konsa : « pwofesè, Andre doktè, mekanisyen. »*]

- M ap li mo yo : **pwofesè, Andre, doktè, mekanisyen.**
- M ap pase yon trè anba mo **Andre.**
- **Andre** se non yon moun. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Mo **pwofesè, doktè ak mo mekanisyen** se non komen.

An n fè l ansanm 

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 33 a pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li mo yo : **pwofesè, Andre, doktè, mekanisyen.**
- An n pase yon trè anba mo **Andre.**
- **Andre** se non yon moun. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Mo **pwofesè, doktè ak mo mekanisyen** se non komen.

Tou pa nou 

[*Li mo sa yo ansanm ak elèv yo*] **anana, seriz, Matin, kachiman**

- [*Après sa di :*] Pase yon trè anba non pwòp la. [*Bay elèv yo 10 segonn.*]
- Sèke non komen yo. [*Bay elèv yo 10 segonn.*]
- [*Après sa di :*] Kilès ki ka di m ki non pwòp li te souliye ?
- [*Après sa di :*] Kilès ki ka di m non komen li te sèke ?

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 33 a pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [*Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.*]

Enpòtan

[*Ekri pwezi ki nan paj leson 35 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Après sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.*]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.*]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **non komen** ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.*]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.*]
4. [*Après sa di :*] Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwodui latè

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

- Mwen pa zetwal.**
- Mwen pa solèy.**
- Mwen pa lalin.**
- Mwen pa lakansyèl non plis.**
- Mwen se yon gwo limyè.**
- Mwen klere nan syèl la**
- Chak fwa yon loray pral gwonde.**
- Ki sa mwen ye ? (Zèklè)**

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **istwa imajinè**. Kilès ki ka di m ki sa yon **istwa imajinè** ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di nan yon **istwa imajinè** pèsonaj yo pa aji kòm si yo te nan reyalyite a. Kilès ki ka bay kèk egzanp pèsonaj imajinè ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou ka ekri yon non pwòp ak yon lèt miniskil ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 **Mo kle leson an (4 minit)**

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 34 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 34 la. Li mo yo.

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

*Fraz : Plantè yo fè yon bon **rekòt** ane sa a.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **rekòt** vle di nan fraz la ?
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **rekòt** vle di : **pwodui ki soti nan yon jaden.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **rekòt**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Jislèn **pwomèt** matant li yon boukè flè.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **pwomèt** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pwomèt** vle di : **pran angajman pou fè oswa bay yon moun yon bagay.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pwomèt**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Yon zwazo agwonòm]**

Jodi a, nou pral li menm **istwa imajinè** nou te li nan dènne leson an.

Nou dwe konnen

Yon **istwa imajinè** se yon istwa kote pèsonaj yo, anviwònman yo ak tout aksyon yo pa sanble ak sa ki egziste nan reyalite a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 34 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan w t ap reyaji lè zwazo a soti nan kout zeklè a ?
2. Èske istwa a pase tout bon vre ? Pou ki sa ?
3. Èske w renmen aksyon Louna fè pou zòn nan ? Pou ki sa ?
4. Si w t ap kontinye istwa a sa w t ap di ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele « Rita di ». Tout timoun kanpe. Chak fwa mwen di Rita mande pou nou fè yon mouvman, n ap fè sa li mande nou fè a. Nou pare ! Rita di :

Panche a dwat – Panche a goch – Yon ti vole – Yon ti bvavo – Chita

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **non pwòp ak non komen**.

Nou dwe konnen

1. Yon **non pwòp** se non patikilye yo bay yon moun, yon peyi, yon vil oswa yon bèt.
2. Yon **non pwòp** toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
3. Tout lòt **non** yo se non komen.

Tou pa m



[Ekri mo sa yo sou tablo a konsa : « elèv, direktè, Milou. »]

- M ap li mo yo : **elèv, direktè, Michlin.**
- M ap pase yon trè anba mo **Michlin.**
- **Michlin** se non yon moun. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Mo **elèv** ak mo **direktè** se non komen.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 34 an pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li mo yo : **elèv, direktè, Michlin.**
- An n pase yon trè anba mo **Michlin.**
- **Michlin** se non yon moun. Donk se yon non pwòp. Se pou sa li toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Mo **elèv** ak mo **direktè** se non komen.

Tou pa nou



[Li mo sa yo ansanm ak elèv yo kapital, Ayiti, komin]

- **[Après sa di:]** Pase yon trè anba non pwòp la. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Sèke non komen yo. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- **[Après sa di:]** Kilès ki ka di m ki non pwòp li te souliye ?
- **[Après sa di:]** Kilès ki ka di m non komen li te sèke ?

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. **[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]**

- Ekri non tout pèsonaj nou jwenn nan tèks la nan ti bwat ki pou pèsonaj yo.
- Ki kote pèsonaj yo ye ?
- Ki sa ki pase nan istwa a ?
- Ki sa pèsonaj yo fè ?
- Ki jan istwa a fini ?

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6

Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 34 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **non pwòp ak non komen** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwodui latè

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon zouti pou travay tè.

Mwen fèt an fè.

Mwen plat epi mwen file.

Mwen gen manch an bwa.

Kiltivatè pote m sou zepòl yo.

Yo sèvi avè m pou sekle ak bite tè.

Ki sa mwen ye ? (wou)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di:] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **istwa imajinè**. Kilès ki ka di m ki sa yon **istwa imajinè** ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Nou te di nan yon **istwa imajinè** pèsonaj yo pa aji kòm si yo te nan reyalye a. Kilès ki ka bay kèk egzanp pèsonaj imajinè ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Èske nou ka ekri yon non pwòp ak yon lèt miniskil ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Aktivite 1 Mo kle leson an (4 minit)

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 35 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 35 la. Li mo yo.

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

*Fraz : Fara **sekle** jaden an ak papa li.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **sekle** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **sekle** vle di : **retire move zèb nan yon jaden ak yon wou oswa ak yon manchèt.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **sekle**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Jozèt **bite** men li pa tonbe.

Fraz 2 : Albè **bite** tè a anvan li plante patat li yo.

1. Mo **bite** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **bite** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **bite** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **bite** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di :]* Mo **bite** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **bite** vle di : **fè bit tè pou plante patat oswa manyòk.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **bite**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **non pwòp** ak **non komen**.

Nou dwe konnen

1. Yon **non** se yon mo ki pèmèt nou idantifye yon moun, yon bet oswa yon objè.
2. Yon **non pwòp** se non patikilye yo bay yon moun, yon peyi, yon vil oswa yon bèt.
3. Yon **non pwòp** toujou kòmanse ak yon lèt majiskil..
4. Tout lòt **non** yo se non komen.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk n ap mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

- Yon **non pwòp** toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- Yon **non komen** toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
- **Non** yo bay yon moun se yon non pwòp.
- Mo mizisyen se yon **non komen**.

Aktivite 4 **Egzèsis nan kaye (10 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 35 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5 **Li tèks (20 minit)**

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou ekspri emosyon, lide ak santiman.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 35 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa n dwe fè pou peyi nou Ayiti ?
2. Pou ki sa yo di se nan tè fòs nou chita ?
3. Ki sa w panse tè pral bay lè li sekle ak wouze ?
4. Ki sa w panse ou ka fè pou w ede peyi w kounye a ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **non** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kapasite mwen

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*
 Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.
 Pou ki sa Maryo te move ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Èske nou panse Rita gen rezon lè li di Maryo li pa dakò ak li ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou pwezi. Kilès ki ka di m ki sa yon pwezi ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Nou te di yon pwezi souvan eksprime santiman. Kilès ki ka di m ki sa yon santiman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 Èske nou panse non yon moun dwe kòmanse ak yon lèt majiskil ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Mo kle leson an (4 minit)

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 36 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 36 la. Li mo yo.

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. *[Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]*

*Fraz : Mèt Jonas toujou **ankouraje** elèv yo etidye.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **ankouraje** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ankouraje** vle di : **bay kouraj**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ankouraje**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. *[Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]*

*Fraz 1 : Papa Ketya al fè yon **piwèt** nan jaden li.*

*Fraz 2 : Malfini an ap fè **piwèt** anlè a.*

1. Mo **piwèt** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **piwèt** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **piwèt** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **piwèt** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di:]* Mo **piwèt** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **piwèt** vle di : **divès mouvman yon zwazo fè lè l ap vole. Lè li pike tèt anba, vire sou do, ouvè zèl li byen laj.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **piwèt**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di:]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

b. Kontèks tèks la

Nou pral dekouvri kèk enfòmasyon ki gen rapò ak tèks nou pral li jodi a. Mwen pral poze nou kèk kesyon k ap ede jwen de twa lide ki pral devlope nan tèks la.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn wè yon ti swazo k ap vole ? Ki jan ti zwazo a fè lè l ap vole ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. Èske nou panse se yon bèl bagay lè yon ti swazo ap vole ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
3. Si nou wè yon ti zswazo vin poze sou yon branch nan lakou lakay nou, ki sa n ap fè ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Ti kit blese]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan **tèks** la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan **tèks** la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 36 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *[Pran liv elèv la. Li tèks : « Ti kit blese » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]*

c. Lektè endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rèz klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Di gwoup mo nan tèks la ki endike se yon istwa yo pral rakonte.
2. Ki jan yo rele pèsonaj ki pi enpòtan nan tèks la ?
3. Ki sa l te vle ?
4. Ki lè kout fistibal la te pati ?
5. Pou ki sa li te sonje paran li ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele « Maryo di ». Tout timoun kanpe. Chak fwa mwen di Maryo mande pou nou fè yon mouvman, n ap fè sa li mande nou fè a. Nou pare ! Maryo di :

Yon ti bvavo – Yon ti vole – Panche a dwat – Panche a goch – Kage sou do – Chita

Aktivite 5 **Gramè (8 minit)**

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **mo deskriptif**.

Nou dwe konnen

Yon **mo deskriptif** se yon mo ki sèvi pou di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.

Kounye a, nou pral li kèk fraz epi n ap pase yon trè anba mo deskriptif la

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Sonya se yon fi ki gen kouraj. »]

- M ap li fraz la : **Sonya se yon fi ki gen kouraj.**
- M ap pase yon trè anba mo **kouraj.**
- Mo **kouraj** se yon mo deskriptif paske se li ki di ki jan de moun Sonya ye.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 36 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

An n li fraz la : **Sonya se yon fi ki gen kouraj.**

- N ap pase yon trè anba mo **kouraj.**
- Mo **kouraj** se yon mo deskriptif paske se li ki di ki jan de moun Sonya ye.

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

Machandiz sa yo frajil.

- **[Aprè sa di :]** Pase yon trè anba mo deskriptif la. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 36 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. **[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]**

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **mo deskriptif** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kapasite mwen

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon zouti pou chasè.

Mwen fèt an bwa.

Mwen gen fòm yon igrèk.

Mwen gen de kwòk.

Mwen mare ak de elastik.

Mwen sèvi pou tire wòch.

Ki sa mwen ye ? (Fistibal)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks naratif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks naratif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Nou te di tèks naratif la gen evènman ladan li. Kilès ki ka di m ki sa yon evènman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Èske nou panse yon mo deskriptif gen enpòtans nan yon fraz ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Aktivite 1 Mo kle leson an (4 minit)

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 33 a pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 37 la. Li mo yo.

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Soulye Mak la sere nan pye li.

Fraz 2 : Wodrig sere tout jwèt li yo.

1. Mo **sere** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **sere** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **sere** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **sere** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di :]* Mo **sere** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **sere** vle di : **kache pou pèsonn pa wè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **sere**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Ti Kit bat zèl li pou li vole.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **vole** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **vole** vle di : **deplase anlè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **vole**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Ti Kit blese]**

Jodi a, nou pral li menm **tèks naratif** nou te li nan dènye lesan an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan **tèks** la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan **tèks** la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.
5. Nan yon **tèks naratif** ka gen plizyè pèsonaj.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesan 37 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Èske Ti Kit te gen rezon ale ? Pou ki sa ?
2. Èske Ti kit se yon bon zwazo ? Pou ki sa ?
3. Si w te nan plas Ti Kit, ki sa w t ap fè pou vizite yon lòt peyi ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele « Maryo di ». Tout timoun kanpe. Chak fwa mwen di Maryo mande pou nou fè yon mouvman, n ap fè sa li mande nou fè a. Nou pare ! Maryo di :

Men sou tèt – Men sou vant – Kage sou do – Yon ti vole – Yon ti bravo – Chita

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **mo deskriptif**.

Nou dwe konnen

Yon **mo deskriptif** se yon mo ki sèvi pou di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.

Kounye a, nou pral li kèk fraz aprè sa n ap pase yon trè anba mo deskriptif la ansuit n ap itilize l nan yon lòt fraz.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Madan Sanon se yon moun ki onèt ».]

- M ap li fraz la : **Madan Sanon se yon moun ki onèt.**
- M ap pase yon trè anba mo **onèt.**
- Mo **onèt** se yon mo deskriptif paske se li ki di ki jan de moun Madan Sanon ye.
- M ap fè yon lòt fraz ak mo **onèt.**
- Polo se yon ouvriye **onèt.**
- Mo **onèt** se yon mo deskriptif paske se li ki di ki jan de ouvriye Polo ye.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 37 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : **Madan Sanon se yon moun ki onèt.**
- N ap pase yon trè anba mo **onèt.**
- Mo **onèt** se yon mo deskriptif la paske se li ki di ki jan de moun Madan Sanon ye.
- N ap fè yon lòt fraz ak mo **onèt.**
- Polo se yon ouvriye **onèt.**
- Mo **onèt** se yon mo deskriptif paske se li ki di ki jan de ouvriye Polo ye.

Tou pa nou



[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

Fabi se yon ti fi responsab.

- **[Aprè sa di :]** Pase yon trè anba mo deskriptif la.

[Bay elèv yo 10 segonn.]

- Kilès ki ka di m anba ki mo li te pase trè a.

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak]

[Après sa di :]

- Fè yon lòt fraz ak mo **reponsab.**

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

- Ekri non tout pèsonaj nou jwenn nan tèks la nan ti bwat ki pou pèsonaj yo.
- Ki kote pèsonaj yo ye ?
- Ki sa ki pase nan istwa a ?
- Ki sa pèsonaj yo fè ?

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 37 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz yla pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **mo deskriptif** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kapasite mwen

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m ki sa zwazo Rita te jwenn sou branch la te genyen ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Ki sa Maryo te vle fè pou li pran swen ti zwazo a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske se yon bon lide ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks naratif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks naratif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di tèks naratif la gen evènman ladan li. Kilès ki ka di m ki sa yon evènman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès ki ka di m ki wòl yon mo deskriptif nan yon fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 **Mo kle leson an (4 minit)**

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 38 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 38 la. Li mo yo.

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan tèks la.

a. *[Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]*

Fraz : Yo konn fè panye ak **vantrès** bannann.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **vantrès** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **vantrès** vle di : **fil ki soti nan pye bannann**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **vantrès**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. *[Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]*

Fraz 1 : Zwazo a **blese** nan zèl.

Fraz 2 : Pawòl Venèt la **blese** Pòl.

1. Mo **blese** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **blese** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **blese** vle di nan premye fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **blese** vle di nan dezyèm fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
 - *[Aprè sa di:]* Mo **blese** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **blese** vle di : **senyen akòz yon kou oswa yon chòk.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **blese**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase nan tèks la.

[Montre desen an epi di:]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

b. Kontèks tèks la

Nou pral dekouvri kèk enfòmasyon ki gen rapò ak tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn wè yon ti zwazo ki blese deja ? Ki sa nou konn fè ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. Èske nou panse li bon pou yon moun fè voye wòch sou yon ti zwazo ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
3. Si nou gen nou ki voye wòch sou yon ti zwazo, ki sa n ap di li ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Ti kit refè]

Jodi a, nou pral kontinye li **tèks naratif** ki pale de Ti Kit la.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan **tèks** la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan **tèks** la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 38 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès ki te pwoche kot Ti Kit la ?
2. Kilès nan fraz sa yo ki mache ak istwa a :
 - Ti Kit pa t pè ti gason an.
 - Ti gason an ta pral manje Ti Kit.
 - Ebè vle pran swen Ti Kit.
3. Site tout sa Ebè itilize pou l panse zèl Ti Kit ?
4. Sou konbyen jou Ti Kit rive vole ?
5. Ki jan istwa fini ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele « Maryo di ». Tout timoun kanpe. Chak fwa mwen di Maryo mande pou nou fè yon mouvman, n ap fè sa li mande nou fè a. Nou pare ! Maryo di :

Yon ti bvavo – Yon ti vole – Panche a dwat – Panche a goch – Kage sou do – Chita

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **mo deskriptif**.

Nou dwe konnen

Yon **mo deskriptif** se yon mo ki sèvi pou di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.

Kounye a, nou pral li kèk fraz aprè sa n ap pase yon trè anba mo deskriptif la ansuit n ap itilize l nan yon lòt fraz.

Tou pa m 

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Cheval Klebè a malen ».]

- M ap li fraz la : **Cheval Klebè a malen.**
- M ap pase yon trè anba mo **malen.**
- Mo **malen** se yon mo deskriptif paske se li ki di ki jan cheval la ye.
- M ap fè yon lòt fraz ak mo **malen.**
- Pentad se yon bèt ki **malen.**
- Mo **malen** se yon mo deskriptif paske se li ki di ki jan pentad yo ye.

An n fè l ansanm 

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 38 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

- An n li fraz la : Cheval Klebè a **malen.**
- N ap pase yon trè anba mo **malen.**
- Mo **malen** se yon mo deskriptif paske se li ki di ki jan cheval la ye.
- N ap fè yon lòt fraz ak mo malen.
- Pentad se yon bèt ki **malen.**
- Mo **malen** se yon mo deskriptif paske se li ki di ki jan pentad yo ye.

Tou pa nou 

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo

Maten an, elèv yo kontan.

- **[Aprè sa di:]** Pase yon trè anba mo deskriptif la. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kilès ki ka di m anba ki mo li te pase trè a. **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
- **[Aprè sa di:]**
- Fè yon lòt fraz ak mo kontan. **[Pase verifye epi bay fidbak.]**

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

b. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 38 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. **[Li kontin nan pou bay elèv egzàn, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]**

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 40 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **mo deskriptif** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kapasite mwen

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon pati

Nan kò yon zwazo.

Mwen pa tèt.

Mwen pa pye.

Mwen kouvri ak plim.

Si m kase, zwazo a pa ka vole.

Ki sa mwen ye ? (zèl)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di:] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks naratif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks naratif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Nou te di tèks naratif la gen evènman ladan li. Kilès ki ka di m ki sa yon evènman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Kilès ki ka di m ki wòl yon mo deskriptif nan yon fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*

Aktivite 1 **Mo kle leson an (4 minit)**

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 39 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 39 la. Li mo yo.

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon tèks lansanm. Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan tèks la.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

*Fraz : Sèpantye a pran **elan** anvan li vole.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **elan** vle di nan fraz la ?
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **elan** vle di : **ti kouri oswa ti mache yon zwazo fè anvan li vole.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **elan**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. [Ekri de fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

*Fraz : Jwè foutbòl la pase yon **bandaj** nan pye li.*

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **bandaj** vle di nan fraz la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **bandaj** vle di : **moso twal long ki sèvi pou kenbe yon pansman sou yon malad.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **bandaj**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Ti Kit (suit)]**

Jodi a, nou pral li menm tèks naratif nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan **tèks** la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre. .
4. Lè sa ki pase nan **tèks** la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 39 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa Ti Kit pè a mezi ti gason an ap vanse ?
2. Èske w renmen aksyon Ebè fè ak zwazo a ? Pou ki sa ?
3. Fini istwa a nan fason pa w pou w di sa Ti Kit fè aprè l fin kapab vole.

Aktivite Revèy (2 minit)

Kounye a, nou pral fè yon jwèt. Jwèt la rele « Maryo di ». Tout timoun kanpe. Chak fwa mwen di Maryo mande pou nou fè yon mouvman, n ap fè sa li mande nou fè a. Nou pare ! Maryo di :

Panche a dwat – Panche a goch – Kage sou do – Yon ti bvavo – Yon ti vole – Chita

Aktivite 4

Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **mo deskriptif**.

Nou dwe konnen

Yon **mo deskriptif** se yon mo ki sèvi pou di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.

Kounye a, nou pral fè yon egzèsis sou mo deskriptif. Retounen nan kaye egzèsis la nan paj leson 39 la pou nou fè egzèsis # 2 a. *[Li konsiy la ansanm ak elèv yo.]*

Aktivite 5

Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3.

b. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

– Ekri twa aksyon Ebè fè pou li ka sove Ti Kit. Ekri chak aksyon nan yon ti bwat.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj lesan 39 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzantp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan lesan jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesan an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesan an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **mo deskriptif** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesan an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kapasite mwen

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen klere lajounen.
Mwen pa klere lannuit.
Mwen pa anpoul.
Mwen pa lalin.
Mwen se yon gwo zetwal.
Mwen chofe tè a.
Lè mwen klere twò fò,
Yo di li fè cho.
Ki sa mwen ye ? (solèy)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks naratif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks naratif ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di tèks naratif la gen evènman ladan li. Kilès ki ka di m ki sa yon evènman ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès ki ka fè yon fraz ki gen yon mo deskriptif ladan ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 **Mo kle leson an (4 minit)**

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 40 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 40 la. Li mo yo.

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li lèt la, nou pral travay sou vokabilè.

a. [Ekri fraz sa yo sou tablo a aprè sa li yo ansanm ak elèv yo.]

Fraz 1 : Rachèl konn **monte** pye kokoye.

Fraz 2 : Machann yo **monte** pri pwa nwa a.

1. Mo **monte** repete nan tou de fraz yo.
 - Èske mo **monte** gen menm sans nan tou de fraz yo ?
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **monte** vle di nan premye fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
 - Kilès ki ka di m ki sa mo **monte** vle di nan dezyèm fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
 - [*Aprè sa di :*] Mo **monte** gen yon sans diferan nan chak fraz.
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **monte** vle di : **soti anba pou rive anwo.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **monte**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. [Ekri fraz sa a sou tablo a aprè sa li l ansanm ak elèv yo.]

Fraz : Jilyo toujou al nan jaden anvan solèy leve.

1. Kilès ki ka di m ki sa mo **solèy** vle di nan fraz la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **solèy** vle di : **gwo zetwal ki klere lajounen epi ki kenbe tè a cho.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **solèy**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou mo **deskriptif**.

Nou dwe konnen

Yon **mo deskriptif** se yon mo ki sèvi pou di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

- Yon mo deskriptif pa gen pyès enpòtans nan yon fraz.
- Yon mo deskriptif di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.
- Yon konjonksyon se yon mo ki relye 2 lide nan yon fraz.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 40 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5 **Li tèks (20 minit) [Tit : Pipirit]**

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 40 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Après chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat youn gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa pipirit la ye ?
2. Ki mouvman zwazo konn fè lè y ap vole ?
3. Èske w renmen jwe ak zwazo ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **mo deskriptif** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Après sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Epòk Nwèl

Pale sou Imaj (2 minit)

Pou nou kòmanse leson jodi a, nou pral pale sou yon imaj. Nou pral gade imaj la aprè sa n ap di sa nou panse sou li. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*

[Aprè sa di :] Kilès ki ka di m sa li wè nan imaj la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak aprè sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]*

[Lè yo fin reponn di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou imaj sa a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak aprè sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]*

Mwen kontan tande jan nou pale sou imaj la.

Aktivite 1 Mo kle leson an (4 minit)

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 41 an pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 41 an. Li mo yo.

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : atifisyèl

- [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Gèlin ap jwe ak yon mango atifisyèl. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*
– Leve men nou si nou konnen mo **atifisyèl**.
– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **atifisyèl** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
- Nan tèks nou pral li jodi a, **atifisyèl** vle di : **sa moun fè, ki pa natirèl**.
- Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **atifisyèl**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. Dezyèm mo a se : talatàn

- [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Jislèn ak fara renmen mete wòb talatàn. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*
– Leve men nou si nou konnen mo **talatàn**.
– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **talatàn** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
- Nan tèks nou pral li jodi a, **talatàn** vle di : **twal yo mete anba yon wòb pou ba li fòm**.
- Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **talatàn**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[Ekri tit sa a sou tablo a : Ti pye sapen an.]

[Aprè sa di:] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la.

Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

b. Kontèks tèks la

Nou pral dekouvri kèk enfòmasyon ki gen rapò ak tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn wè yon pye aspen deja ? Ki jan li fèt ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Ki sa nou konn wè yo fè ak sapen lè fèt Nwèl ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
3. Site kèk jwèt timoun yo konn fè lè fèt Nwèl ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Ti pye sapen an]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Toujou sonje

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan tèks la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan tèks la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 41 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Nan ki mwa machann yo vann sapen ?
2. Ki sapen ki chèlbè ak wòb vèt la ?
3. Ki sa moun yo konn al fè lavil ?
4. Pou ki sa yo di lavil la plen tankou ze ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

flann — zanmann — bisnismann — machan — vyann — radyomann

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan leson pase yo.

Toujou sonje

1. Yon fraz toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.
2. Non yon moun toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.
3. Non katye ak non peyi toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.
4. Non biznis oswa òganizasyon toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si li pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

1. Yon pa toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.
2. Non yon moun toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.
3. Non yon peyi ak non yon katye toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.
4. Non yon biznis ak non yon òganizasyon pa toujou kòmanse ak yon **lèt majiskil**.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 41 an pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **lèt majiskil** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Après sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Epòk Nwèl

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon pyebwa.

Mwen pa menm jan ak tout pyebwa.

Yo mete m nan kay chak mwa desanm.

Yo dekore m ak gilann epi boul dore.

Yo mete zetwal sou tèt mwen.

Tout kòm se limyè

K ap limen tenyen lannuit kou lajounen.

Kilès mwen ye ? (sapen)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Aktivite 1 **Mo kle leson an (4 minit)**

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 42 a pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 42 a. Li mo yo.

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : abdenwèl

1. *[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Depi mwa desanm kòmanse, abdenwèl limen nan tout kay. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*
 - Leve men nou si nou konnen mo **abdenwèl**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **abdenwèl** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **abdenwèl** vle di : **sapen ki dekore ak limyè nan epòk fèt nwèl**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **abdenwèl**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. Dezyèm mo a se : epòk

- [*Ekri fraz sa a sou tablo a. « Machann yo konn fè bèl lavant nan epòk nwèl. » Mande elèv yo li fraz la epi di :*]
 – Leve men nou si nou konnen mo **epòk**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **epòk** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
- Nan tèks nou pral li jodi a, **epòk** vle di : **peryòd, moman**.
- Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **epòk**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon dapre desen

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

[*Montre desen an epi di :*]

- Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [*30 segonn*]
- Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [*30 segonn*]
- Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

- Ki kote ou konn wè pye sapen ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
- Nan ki epòk yo konn dekore sapen ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
- Ki sa yo konn itilize lè y ap fè dekorasyon abdenwèl ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Dekorasyon an]

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Toujou sonje

- Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
- Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
- Nan yon **tèks naratif** ka gen plizyè pèsonaj.
- Pèsonaj yo se moun, bèt oswa objè ki pale ak fè aksyon nan tèks la.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 42 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan yo rele pèsonaj nan tèks la ?
2. Ki sa Jonas ak zanmi l la te fè ?
3. Ki kote yo te mete sapen an ?
4. Ki dekorasyon yo te mete nan sapen an ?

Aktivite 5 Revizyon Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan leson pase yo.

Toujou sonje

1. Yon **vigil** se yon siy nou ka itilize anndan yon fraz pou nou separe plizyè eleman.
2. Yon **pwen** se yon siy nou itilize pou nou fini yon fraz.
3. Yon **pwen esklamasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz lè fraz la bay yon lòd oswa lè li montre yon moun sezi.
4. Yon **pwen entèwogasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz pou nou montre se yon kesyon ki poze.
5. **Gimè** yo se siy ki ka sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te di pawòl la.
6. Premye **gimè** a toujou vini aprè de pwen

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

1. Yon **vigil** se yon siy nou ka itilize anndan yon fraz pou nou separe plizyè eleman.
2. Yon **pwen** se yon siy nou itilize anndan yon fraz.
3. Yon **pwen esklamasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz lè fraz la eksprime admirasyon.
4. Yon **pwen entèwogasyon** se yon siy nou itilize nan fen yon fraz pou nou montre yon moun sezi.
5. **Gimè** yo se siy ki ka sèvi pou rapòte pawòl yon pèsonaj jan pèsonaj la te di pawòl la.
6. Premye **gimè** pa janm vini aprè de pwen.

Aktivite 6 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 42 a pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **siy ponktyasyon yo** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Epòk Nwèl

Pale sou Imaj (2 minit)

Pou nou kòmanse leson jodi a, nou pral pale sou yon imaj. Nou pral gade imaj la aprè sa n ap di sa nou panse sou li. *[Bay elèv yo 30 segonn.]*

[Aprè sa di :] Kilès ki ka di m sa li wè nan imaj la ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak aprè sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]*

[Lè yo fin reponn di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou imaj sa a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak aprè sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]*

Mwen kontan tande jan nou pale sou imaj la.

Aktivite 1 **Mo kle leson an (4 minit)**

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 43 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 43 la. Li mo yo.

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : pidetwal

1. *[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Pandan fèt nwèl, timoun yo renmen limen pidetwal » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **pidetwal**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **pidetwal** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pidetwal** vle di : **jwèt timoun lè ou limen l li fè yon gwo flanm ki chaje ak ti etwal.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pidetwal**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. Dezyèm mo a se : reveyon

1. *[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Jou 24 desanm, reveyon gaye toupatou. » Mande elèv yo li fraz la epi di :*

2. Leve men nou si nou konnen mo **reveyon**.

3. Kilès ki ka di mwen ki sa mo **reveyon** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

4. Nan tèks nou pral li jodi a, **reveyon** vle di : **fèt ki kòmanse a minui chak vennkat oswa tranteyen desanm.**

5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **reveyon**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[Ekri tit sa a sou tablo a : Vennkat desanm]

[Aprè sa di:] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la.

Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di mwen ki sa li konn wè lakay li lè vennkat desanm pral rive ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Kilès ki ka site kèk aktivite li konn fè nan jou vennkat desanm nan ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
3. Kilès ki ka di mwen pou ki sa li renmen mwa desanm ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Vennkat desanm]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **lèt**.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
2. Nou ka ekri yon **lèt pèsònèl** oswa yon **lèt ofisyèl**
3. **Lèt pèsònèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou..
4. **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan leta oswa lòt kote.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 43 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki kote lèt la soti ?
2. Kilès Gari ekri ?
3. Pou ki sa Jonas ekri Gari ?
4. Ki sa timoun yo te fè pou 24 desanm nan ?
5. Ki sa w pi renmen fè nan epòk sa a ? Rakonte.

Aktivite 5 Revizyon Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **lèt majiskil**.

Toujou sonje

1. Yon **fraz** se yon gwoup mo ki byen ranje epi ki gen yon sans.
2. Yon fraz gen de gwoup : yon **gwoup sijè** ak yon **gwoup predika**.
3. **Gwoup sijè** a se mo ki fè nou wè sou kilès oswa sou ki sa yo pale nan **gwoup predika** a.
4. **Gwoup predika** a eksprime sa ki pase nan fraz la.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si li pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

1. Yon fraz se yon gwoup mo ki byen ranje ki pa gen sans.
2. Yon konjonksyon se yon mo ki sèvi pou relye 2 lide nan yon fraz.
3. Yon konjonksyon se yon mo ki sèvi pou di ki jan yon moun ye.
4. Gwoup sijè a se mo ki fè nou wè kilès ki fè aksyon vèb la eksprime a.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 43 a pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **fraz** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Epòk nwèl

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon fwi.
Po mwen vèt.
Lè ou fann mwen, anndan mwen jòn.
Mwen donnen atè.
Yo manje m bouyi.
Premye janvye, yo fè soup avè m.
Anpil moun renmen soup mwen.
Ki sa mwen ye ? (Joumou)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Aktivite 1 **Mo kle leson an (4 minit)**

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 44 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 44 la. Li mo yo.

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : tradisyon

1. *[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Fèt drapo se yon tradisyon. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*
 - Leve men nou si nou konnen mo **tradisyon**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **tradisyon** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fdbak.]*
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **tradisyon** vle di : **abitid ki pa jamn chanje**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **tradisyon**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fdbak.]*

b. Dezyèm mo a se : zentrenn

1. **[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Marenn mwen ban mwen zentrenn chak premye janvyè. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]**
 - Leve men nou si nou konnen mo **zentrenn**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **zentrenn** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **zentrenn** vle di : **kado timoun resevwa nan men granmoun yo chak premye janvyè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **zentrenn**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzèsis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon dapre desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Ki mwa ki se dènye mwa nan yon ane ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Ki manje majorite Ayisyen renmen fè premye janvyè ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
3. Kilès ki ka site kèk pwodui yo konn wè nan soup premye janvyè ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Mwa desann]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks enfòmatif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 44 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. *[Pran liv elèv la. Li tèks : « Mwa desanm » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]*

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Vre oswa Pa Vre :
 - Fèt nwèl fete sèlman an Ayiti.
 - Nan mwa desanm gen anpil kè kontan.
 - Magazen fè bon lavant nan epòk nwèl.
2. Ki sa yo fete chak premye janvyè an n Ayiti ?

Aktivite 5 Revizyon Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan leson pase yo.

Toujou sonje

1. Yon **non** se yon mo ki pèmèt nou idantifye yon moun, yon bèt oswa yon objè.
2. Yon **non pwòp** se non patikilye yo bay yon moun, yon peyi, yon vil oswa yon bèt.
3. Yon **non pwòp** toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.
4. Tout lòt **non** yo se non komen.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou lòt. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si li pa kòrèk n ap mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

1. Yon **non** se yon mo ki pèmèt nou idantifye yon moun, yon bet oswa yon objè.
2. Yon non yo bay yon moun se yon **non komen**.
3. Mo chèz se yon **non pwòp**.
4. Mo peyi se yon **non pwòp**.
5. Mo tonton se yon **non komen**.
6. Mo Gonayiv se yon **non pwòp**.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 44 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **non** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Epòk Nwèl

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon jwèt.

Yo jwe avè m sèlman an desanm.

Timoun renmen jwe avè m.

Mwen gen yon pwent an fè.

Lè yo brile m ak dife, mwen fè

Yon gwo flanm ki chaje ak ti etwal.

Ki sa mwen ye ? (pidetwal)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Aktivite 1

Mo kle leson an (4 minit)

a. Jwe ak mo

Kounye a, nou pral jwe ak mo kle ki nan leson an. Ale nan kaye egzèsis la, nan paj leson 45 la pou nou fè egzèsis # 1 an. *[Li konsiy nan ansanm ak elèv yo.]*

b. Li mo

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 45 la. Li mo yo.

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : poze

1. *[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Chilè chita byen poze. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **poze**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **poze** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **poze** vle di : **kal, ki pa pè**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **poze**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. Dezyèm mo a se : swete

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Alen swete kouzen li bon wikenn. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **swete**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **swete** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **swete** vle di : **di yon moun sa ou ta renmen pou li**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **swete**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Revizyon Gramè (8 minit)**

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan leson pase yo.

Toujou sonje

1. Yon **konjonksyon** se yon mo ki relye 2 lide nan yon fraz.
2. Yon **mo deskriptif** se yon mo ki sèvi pou di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

1. Konjonksyon **men** sèvi pou montre opozisyon oswa diferans.
2. Konjonksyon **epi** sèvi pou se yon lide oswa yon lòt.
3. Konjonksyon **oubyen** sèvi pou montre tou de lide yo ka mache ansanm.
4. Konjonksyon **kidonk** montre dezyèm lide a se konklizyon premye lide a.
5. Yon **mo deskriptif** ka pèmèt nou wè ki jan pèsonaj yo ye nan tèks la.

Aktivite 4 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 45 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

Nou pral fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5 **Li tèks (20 minit) [Tit : Pipirit]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **pwezi**.

Toujou sonje

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou ekprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekri la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 45 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li dapre konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Nan ki mwa yo swete moun bòn ane ?
2. Di tout swè yo konn fè lè premye janvyè ?
3. Ki kalite manje yo kuit lè premye janvyè ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **mo deskriptif ak konjonksyon** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Modèl evalyasyon

Youn nan gwo fonksyon evalyasyon, se verifye nivo konpetans elèv yo aprè yon peryòd aprantisaj. Nan sans sa a, aprè chak evalyasyon, mèt la dwe an mezi konnen nan ki pousantaj klas la rive metrize ansanm konpetans li anseye pandan peryòd la. Mete sou sa, mèt la dwe genyen yon lide klè sou kilès nan konpetans yo elèv yo pi byen asimile ak sa yo pa fin byen metrize.

Modèl evalyasyon nou pwopoze nan metòd la, dwe gide mèt la nan fason l ap mezire konpetans elèv li yo. Nou pa gen okenn entansyon fè evalyasyon an nan plas mèt la. Nou pwopoze senk modèl evalyasyon diferan. Chak modèl santre sou yon tip tèks elèv yo te gen okazyon rankontre plizyè fwa nan peryòd la.

Chak modèl evalyasyon vize objektif sa yo :

1. Mezire kapasite elèv yo pou yo li epi konprann yon tèks san pwoblèm.
2. Mezire kapasite elèv yo aprann ak itilize nouvo mo vokabilè san pwoblèm.
3. Mezire konpetans elèv yo nan yon seri nosyon sou tip tèks yo li nan leson yo.
4. Mezire konesans elèv yo genyen nan itilize yon seri nosyon gramè ak òtograf k ap pèmèt yo sèvi ak lang nan pi byen.

Modèl evalyasyon 1

Istwa yon chapo

Li fè midi, solèy la klere kou zeklè nan komin Kanperen. Delita, gen randevou, li oblije mete kò l deyò. Plizyè lide pase nan lespri li. Chapo l byen chèlbè sou tèt li. Li pran wout la kanmenm. L ap desann. Delita kenbe chapo a tanzantan. Se epòk mwa jiyè, van an vante souvan.

Se konsa yon gwo kout van leve, li rache chapo a nan tèt Delita. Li kouri dèyè chapo a. Apèn li pral pran l van an pouse l pi lwen. Delita move. Lè a ap mache sou li. Li fin rive tou pre chapo a, li bese. Men l touche ak chapo a. O o ! Van pouse l pi rèd. Chapo a rive byen lwen.

Sandra, yon ti fi dizan, tèt li chaje ak madyòk nan pwent tikouri li yo, vin ap pase ak sachè l nan men l. Li wè sèn nan. Li di :

– Bonjour madam ! Ou pa bezwen fè kòlè m ap pran chapo a pou ou.

Delita reponn :

– O mèsi piti mwen. Van sa a annuiyan anpil. L ap fè m fè tolalito. E ou konnen kò a pa twò bon.

Se konsa Sandra tonbe kouri dèyè chapo a. Li fè kont lago kach kach avè l. Finalman, Sandra mete men sou chapo a. Li pote l bay Delita. Delita remèsye l anpil pou bonte l. Sandra, li menm, retounen ak kè l kontan paske li sot fè yon bon aksyon.

Kesyon sou tèks la

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo.

Kesyon

1. Ki tit istwa a ?
2. Ekri non pèsonaj ki nan istwa a ?
3. Ki jan Sandra te penyen ?
4. Nan ki zòn istwa a pase?
5. Ki sa Sandra te di lè li wè madam nan ap fè kòlè ?
6. Daprè ou pou ki sa Delita di kò a pa fin twò bon ?
7. Site yon bon aksyon ou te fè. Ki jan ou te santi w aprè sa ?
8. Èske li bon pou nou ede moun ki nan difikilte ? Pou ki sa ?

II. Li fraz yo epi mete yon pwent entèwogasyon oubyen yon pwent nan finisman yo.

1. Ki jwèt ou pi renmen
2. Nadin renmen jwe marèl
3. Pou ki sa ou mete chapo sa a

III. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

1. Pwezi
2. Tèks ki bay enfòmasyon.
3. Tèks ki rakonte yon istwa.

IV. Souliye bon repons la.

Daprè istwa a :

1. Delita ta prale lave.
2. Delita te santi li kontrarye.
3. Delita ta prale nan mache.

V. Nan tèks la, gen yon fraz ki pale sou kwafi Sandra. Chèche fraz la aprè sa ekri li sou liy anba a.

Rp)

VI. Gen yon fraz nan tèks la ki di nan ki moman nan jounen an istwa a pase. Ekri fraz la sou liy anba a.

Rp)

VII. Konplete fraz sa yo.

1. Yon tèks naratif se yon tèks ki _____ yon istwa
2. Nan fen yon fraz kesyon, nou dwe mete yon pwen
3. Yon fraz ki montre yon moun sezi dwe fini ak yon pwen

VIII. Chwazi mo ki kòrèk pami mo sa yo pou konplete chak fraz.

Madyòk	Sandra	chapo	Delita	Van	kòlè
1.		pran chapo a nan tèt			
2. Tèt		chaje ak			
3.		remèsye		Pou bonte li.	
4.		di		ou pa bezwen fè	

IX. Ou ta renmen konseye yon zanmi w aprann ede moun ki nan difikilte. Ekri kèk konsèy ou ka ba li.

Modèl evalyasyon 2

Dlo ki bon pou bwè

Kò nou bezwen dlo pou l viv. Men dlo ou ap bwè a, fò li klè, fò li pwòp. Se pa toutan yon dlo pwòp menm si li klè. Anpil fwa li genyen mikwòb ki bay maladi.

Èske ou konnen sa yo rele mikwòb ?

Mikwòb se yon bann ti bèt k ap viv toupatou. Yo tèlman piti, ou pa fouti wè yo ak je ou sèlman, san yon gwo linèt espesyal ki rele mikwoskòp. Mikwòb sa yo bay anpil maladi. Genyen de fwa, dlo a genyen lòt move bagay ankò ki ba nou maladi. Nan move dlo konn genyen vè solitè. Lè nou bwè dlo sa a, ze yo antre nan lestomak nou. Ze yo kale, yo fè vè solitè. Vè yo viv, yo grandi nan trip nou. Vè sa yo ba nou maladi.

Ou ap mande : « Ki sa pou ou fè pou bwè dlo ki bon ? »

Enbyen se pou ou bwè dlo trete ak dlo bouyi. Lè ou bouyi dlo a tout mikwòb mouri, tout ze vè disparèt. Si ou bwè dlo bouyi, ou bwè bon dlo.

Kesyon sou tèks la

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo.

Kesyon

1. Ki sa yon mikwòb ye ?
2. Ki jan yo rele linèt espesyal ki pèmèt nou wè mikwòb yo ?
3. Ki jan yo rele vè ki konn nan dlo ki pa pwòp yo ?
4. Ki sa ki rive lè ou bouyi yon dlo ?
5. Lè yon moun gen vè, ki bò vè yo viv ?
6. Ki dlo ki bon pou moun bwè ?
7. Ki maladi ou panse mikwòb ka bay ?
8. Pou ki sa nan tèks la yo di : « dlo klè se dlo pwòp. »
9. Ki pati nan kò nou ki gen trip ?

II. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

1. Tèks naratif.
2. Tèks enfòmatif.
3. Pwezi.
4. Lèt.
5. Byografi.

III. Chèche yon fraz kesyon nan tèks la aprè sa ekri li sou liy anba a.

Rp)

IV. Konplete fraz sa yo.

- | | |
|---------------------------------------|-------------------------------------|
| 1. Yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt | epi li fini ak yon |
| 2. Yon non | toujou kòmanse ak yon lèt miniskil. |
| 3. Yon non | toujou kòmanse ak yon lèt majiskil. |

V. Chwazi mo ki kòrèk pami mo sa yo pou konplete chak fraz.

mikwòb	mikwoskòp	pwòp	maladi
1. Doktè a ap gade		yo nan yon	
2. Dlo sa a chaje ak			
3. Dlo klè pa dlo		anpil fwa li chaje ak	ki bay

VI. Ranje mo yo nan lòd pou fòme yon fraz ki gen sans. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- | |
|--|
| 1. ap - nan - la - Dalin - bibliyotèk -li
Rp) |
| 2. jou - yo - Elèv - etidye - chak
Rp) |

VII. Nan chak fraz, pase yon trè an ba gwoup sijè a. Aprè sa, pase de trè anba gwoup predika a.

- | |
|----------------------------|
| 1. Sara ale nan fèt drapo. |
| 2. Elèv yo ap fè lago. |

VIII. Ekri 2 fraz pou di ki prekosyon yon moun ka pran pou li pa pran mikwòb.

1.

2.

Modèl evalyasyon 3

Yon bon jès

Vwala yon lepè, ki ap viv sou wout ki mennnen nan plaj Jele nan vil Okay. Li rele Pè Rafayèl. Li pa janm mache san baton. Chak aprèmidi, kou solèy la bese, li pran baton l. Li met kò l deyò pou l al fè pwomnad li.

Zòn nan chaje ak pye mango. Men gen youn ladan yo ki tou jòn ak mango. Pè Rafayèl kanpe pou admire kolonn mango yo ki fleri pye mango a. Se konsa, yon ti gason vin ap pase. Li tonbe pale ak pè Rafayèl.

Nan mitan konvèsasyon an li di :

– Mango yo mi, yo bèl, ou pa wè sa Pè Rafayèl ?

Pè Rafayèl souke tèt li, li reponn :

– Wi, se sa m ap gade la, se yon gwo richès wi.

Polo, ti gason an, kontinye pou li di :

– Ou p a ta renmen manje de twa ladan l ?

– O wi ! Avèk anpil plezi ! Men m pa ka monte pou keyi. M reziyen m.

– M abitye monte wi. Kite m eseye.

Pè Rafayèl ezite... Tan pou l di non, Polo fofile monte pyebwa a. Li keyi sis bèl mango epi li glise desann. Pandan l ap chèche kote pou l kore pye l, yon branch bwa kase. Li pèdi kontwòl jis l al kenbe yon branch solid. Li pran elan epi l sote.

Rive anba li lonje mango yo bay pè Rafayèl. Li di :

– Pitit mwen, kè m sot manke rete la ! Rann sèvis konn bay chagren wi. M pa konseye w fè sa ankò.

Li pran mango yo, li remèsye Polo epi l pran direksyon lakay li. A ! li pral savoure kèk bon mango jòn.

Kesyon sou tèks la

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo.

Kesyon

1. Nan ki vil pè Rafayèl ap viv ?
2. Ki sa pè Rafayèl konn fè lè solèy la bese ?
3. Ki sa Pè Rafayèl te kanpe pou li admire ?
4. Konbyen mango ti gason an te keyi ?
5. Ki jan mango yo te ye ?
6. Ki sa ki te toujou nan men Pè Rafayèl ?
7. Èske Pè Rafayèl te panse ti gason an t ap monte pye mango a ?
8. Ki sa ki rive ti gason an pandan l ap desann pye mango a ?
9. Èske ou renmen jès ti gason an te fè a ? Pou ki sa ?

II. Souliye bon repons la.

Kontinye fraz sa a :

1. Tèks naratif
2. Tèks enfòmatif
3. Pwezi
4. Lèt
5. Byografi

III. Antoure konjonksyon ki nan chak fraz.

1. Jinou ka jwe foutbòl oubyen li ka sote kòd.
2. Chak samdi, Samson kouri oubyen li naje.

IV. Chèche yon fraz kesyon nan tèks la aprè sa ekri li sou liy anba a.

Rp)

V. Konplete fraz sa yo.

1. Yon mo di ki jan yon moun , yon bèt oswa yon objè ye.
2. Yon se yon gwoup mo ki byen ranje epi ki gen yon sans.
3. Yon non toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.

VI. Chwazi mo ki kòrèk pami mo sa yo pou konplete chak fraz.

Pè Rafayèl

admire

pye

mango

baton

- | | | |
|-----------------------------|-----------------|--------------|
| 1. | toujou mache ak | li. |
| 2. Ti gason an keyi | pou | |
| 3. Yon branch bwa kase anba | | ti gason an. |

VII. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) rive nan kolòn adwat (B) pou fòme mo.

A

re.
mal.
byen.

B

. reyèl
. onèt
. pare

VIII. Pami prefiks sa *poze* pou fòme yo, gen *twa* ladan l ou ka mete devan mo lòt mo. Sèke yo epi ekri yo chak nan yon kaz.

re an vis en i dis

de	pose

IX. Sèke nan tèks la fraz ki endike gen yon « *obstak* ».

Yon chofè kamyonèt leve bonè pou l al travay. Sou wout la, li rankontre yon pakèt kabrit k ap travèsè lari. Li kanpe. Kabrit yo fin pase. Li kontinye wout li. Woy ! Gade yon gwo wòch nan mitan lari. Li ralanti nèt pou li ka evite wòch la. Aprè sa, li remake yon gwoup elèv k ap travèsè lari a. Li kanpe. Li bay tout pase. Chofè a te rankontre anpil obstak jou sa a.

Modèl evalyasyon 4

Istwa « Marie Curie »

Se te yon ti pitit yo te rele « Marie ». Li t ap viv nan yon peyi yo rele Polòy avèk manman li, papa li epi yon gran sè li. Li te si tèlman renmen wè lè papa li, manman li ak sè li t ap pran plezi nan lekti, li te vle ak tout fòs pou yo aprann li li.

Li te gen katran sèlman lè sa a. Manman li ak papa li di non, li twò piti. Men chak jou, li te konn mande sè li a montre li yon mo oubyen de. Epi konsa li te rive rekonèt desen plizyè mo.

Yon jou, antan gran sè a t ap li yon istwa pou tout moun, li kole, li pa ka kontinye. « Marie » pran liv la nan men li, li kontinye li nèt ale. Tout moun sezi, menm « Marie » li menm te sezi wè li konn li! Men sa pa t ase pou « Marie ». Li te vle konnen plis bagay toujou.

« Marie » plonje nan tout liv ap etidye tout jounen. Li te vle vini yon gran save. Men, lavi a pa fasil pou « Marie ». Afè papa a vin pa bon, pa gen ase lajan nan kay la pou de ti jèn fi yo kontinye lekòl. « Marie » al travay kay yon madanm pou li te ka ede gran sè a peye lekòl, achte liv pou li aprann doktè.

Se lè papa li vin jwenn yon lòt travay « Marie » vin rekòmanse al lekòl. Konsa, « Marie » vin fò anpil. Li al etidye jis nan peyi Lafrans pou li te kapab tounen yon gran save. La, li vin jwenn ak yon lòt gran save ki rele « Pierre Curie ». Yo marye. Yo travay ansanm. Se « Marie » ki vin jwenn « Radium », yon metal pesonn pa te ko konnen. Se metal sa a ki vin pèmèt moun fè aparèy foto ak aparèy radyografi. Li sèvi tou nan gerizon anpil maladi. Nan tout peyi, moun toujou ap site non « Marie Curie ».

Kesyon sou tèks la

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo.

Kesyon

1. Ki metal « Marie Curie » te dekouvri ?
2. Nan ki peyi « Marie Curie » t ap viv ?
3. Ki aparèy yo fè ak metal « Marie Curie » te dekouvri a ?
4. Nan ki peyi « Marie Curie » te ale etidye ?
5. Ki jan yo rele lòt gran save « Marie Curie » te rankontre a ?
6. Pou ki rezon « Marie Curie » te deside al travay kay yon madanm ?
7. Site kèk rezon ki konn fè moun fè radyografi ?
8. A ki laj « Marie Curie » te vle aprann li ?

II. Li fraz yo aprè sa mete yon pwèn entèwogasyon oubyen yon pwèn nan fen yo.

1. « Marie Curie » t ap viv nan peyi Polòy
2. Pou ki sa li bon pou nou aprann li
3. Èske ou konn fè foto

III. Konplete fraz sa a :

Tèks sa a se yon :

1. Pwezi
2. Tèks enfòmatif
3. Tèks naratif
4. Byografi
5. Lèt

IV. Souliye bon repons la.

Daprè istwa a :

1. « Marie Curie » te dekouvri aliminyòm.
2. « Marie Curie » te dekouvri « Radium ».
3. « Marie Curie » te gen 2 sè.

V. Nan tèks la, gen yon fraz ki pale de yon pwoblèm papa « Marie Curie » te rankontre. Ekri fraz la sou liy anba a.

Rp)

VI. Pase yon trè anba tout sa ki ka grandi.

1. Wòch ka grandi.
2. Moun ka grandi.
3. Soulye ka grandi.
4. Pyebwa ka grandi.
5. Syèl la ka grandi

VII. Konplete fraz sa yo.

1. Yon _____ se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun.
2. Nan fen yon fraz kesyon, nou dwe mete yon pwèn
3. Yon fraz ki montre yon moun sezi dwe fini ak yon pwèn

VIII. Chwazi mo ki kòrèk pami mo sa yo pou konplete chak fraz.

Marie Curie	Radium	Polòy	Papa	Lafrans
1.				te dekouvri yon metal ki rele
2.				se peyi « Marie Curie ».
3.	« Marie Curie »			te ale etidye
4.	Afè			a te vin pa bon.

Modèl evalyasyon 5

Fòlibète, 31 desanm 2014

Lisi,

Mwen konnen ou ap kontan li lèt sa a, paske sa fè lontan youn pa ekri lòt. M ap tann vakans rive pou nou rankontre.

Lisi machè, mwen byen. Lekòl la menm m ap degaje m ladan. Ou sonje mwen te di ou mwen poko konprann fransè a ? Kounye a mwen pa gen pwoblèm ankò. Ou dwe mande ki jan mwen fè ? Enben, gen yon elèv lekòl la ki rete nan katye mwen an. Chak lesou matmwazèl la fè, nou jwe li lakay. Konsa, nou konnen yo pi byen.

Mwen renmen lekòl anpil. Men m ap tann vakans rive pou ou ka vini, pou nou pale, pou nou jwe. Mwen aprann yon bann lòt jwèt: kay, marèl, oslè. Mwen gen yon bèl boul tou avèk kèk liv istwa. N ap jwi vakans nou nèt !

Annatanndan, ekri mwen, voye di m ki jan ou ye. Di tout lòt zanmi ou yo bonjou.

Zanmi ou,
Nadin

Kesyon sou tèks la

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo.

Kesyon

1. Kilès ki ekri lèt la ?
2. Kilès ki resevwa lèt la ?
3. Ki nouvo jwèt Mari te aprann jwe ?
4. Nan ki vil Nadin ap viv ?
5. Ki matyè Nadin pa t byen konprann ?
6. Ki jwèt ou konn fè pandan vakans ?
7. Ki sa Nadin renmen anpil ?

II. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

1. Tèks naratif.
2. Tèks enfòmatif.
3. Pwezi.
4. Lèt.
5. Byografi.

III. Chèche yon fraz eksklamatif nan tèks la aprè sa ekri li sou liy anba a.

Rp)

IV. Konplete fraz sa yo.

1. Yon	se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt	
2. Yon	se yon mo ki sèvi pou relye	lide nan yon fraz.
3.	yo se tout sa ki pase anndan yon tèks naratif.	

V. Itilize konjonksyon yo pou konplete chak fraz. Fraz la dwe gen sans.

kidonk	men	epi	oubyen
1. Gen espò ki devlope mis kò moun			gen lòt ki devlope entèlijans moun.
2. Kloye renmen jwe foutbòl		li pa renmen jwe ti ta to	
3. Lèswa, Dani tire kont ak zanmi li yo		li fè lekti.	
4. Espò bon pou sante nou,		an nou fè espò toutan.	


VI. Pami mo sa yo, gen de nan yo ki ka gen prefiks « dis ». Sèke mo yo. Aprè sa, ekri yo chak nan yon kaz.

deplase poze klase soufle fòmè parèt		
--------------------------------------	--	--

VII. Nan chak fraz, pase yon trè anba gwoup predika a. Aprè sa, pase de trè anba gwoup predika a.

1. Sara ale nan fèt drapo.
2. Elèv yo ap fè lago.

VIII. Ou gen yon zanmi w ki gen yon matyè li pa konprann. Ekri li yon lèt pou ou esplike li yon fason pou li rezoud pwoblèm sa a.



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen an, gras a yon èd ki soti nan ajans ameriken U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Novanm 2014